O'ZBEKSTAN RESPUBLİKASI JOQARI HA'M ORTA ARNAWLI BİLİMLENDİRİW MİNİSTRLİGİ

BERDAQ ATINDAG'I QARAQALPAQ MA'MLEKETLİK UNİVERSİTETİ

TARİYX HA'M HUQIQ FAKULTETİ

MİLLİY İDEYA, MA'NA'WİYAT TİYKARLARI HA'M HUQIQ TA'LİMİ KAFEDRASI

5141500 – Milliy ideya, ma'na'wiyat tiykarları h'a'm h'uqıq ta'limi qa'niygeliginin' 4-kurs pitkeriwshi studenti

Bekimbetov Asqardin'

«Orayliq aziya filosofiyaliq pikirlewinde ma'na'wiyat ha'm ag'artiwshiliqtin' qa'liplesiwi» teması boyınsha

# PİTKERİW QA'NİYGELİK JUMISI

İlimiy basshı: filosofiya ilimlerinin' kandidatı, dotsent J.Sag'ındıqov

Kafedra baslıg'ı: filosofiya ilimlerinin' kandidatı, dotsent A.Bayrıeva

Nukus-2012j

**TEMA: XIX a'sirdin' ekinshi yarımı XX a'sirdin' basında Oraylıq Aziyadag'ı ja'miyetlik-siyasiy pikirler**

## MAZMUNI

**Kirisiw**

**I BAP. XIX a'sirdin' ekinshi yarımındag'ı Oraylıq Aziya oyshıllarının' ja'miyetlik-siyasiy pikirleri.**

**§ 1. XIX a'sirdin' ekinshi yarımındag'ı ja'miyetlik-ekonomikalıq, ma'deniy jag'daylar ha'm olardın' sa'wlelendiriliwi.**

**§ 2. Bul basqıshtag'ı Oraylıq Aziya oyshıllarının' du'nyalıq ko'z-qarasları**

**§ 3. Ja'miyetlik-siyasiy oy-pikirlerde siyasiy ha'm ma'deniy turmıstın' sa'wleleniwi.**

**II BAP. XX a'sirdin' baslarındag'ı Oraylıq Aziyadag'ı ja'miyetlik turmıs ha'm oy-pikirler**

**§ 1. XX a'sirdin' baslarındag'ı Tu'rkistandag'ı tariyxıy-siyasiy jag'daylar**

**§ 2. Tu'rkistanda jadidshilik ha'reketinin' tiykarg'ı ideyaları**

**§ 3. XX a'sirdin' basındag'ı ja'miyetlik-siyasiy pikirlerdin' o'zgeshelikleri**

**Juwmaqlaw**

**Paydalanılg'an a'debiyatlar dizimi**

# KİRİSİW

XIX a’sirdin’ ekinshi yarımı XX a’sirdin’ baslarındag’ı jag’day jadidlerdin’ siyasiy, ekonomikalıq ha’m ruwxıy ko’z qarasların belgilegen edi. Bul tariyxıy a’hmiyetke iye ideyalar, milliy burjuaziya, ruwxanıy ha’m ulıwma jergilikli xalıqtın’ joqarı qatlamlarının’ aldıng’ı wa’killerin o’z ishine qamtıp aldı. Jadidler birinshi gezekte xalıqtın’ sawatın ashıw, bilimin asırıw, milliy sezimlerin ha’m siyasiy sanasın qa’liplestiriw ushın gu’resti. Jadidler ha’reketinin’ da’slepki basqıshlarında bilimlendiriw salmaqlı orındı iyeledi. Bul da’wirlerde de jadidlerde siyasiy gu’res ideyası bolıp, onı a’melge asırıw ushın sharayat jetispegen edi. 1917-jılda Rossiyada bolıp o’tken awdarıspaq na’tiyjesinde Romanovlar dinastiyasının’ taxttan awdarılıp, siyasiy gu’reske imkaniyat tuwılg’annan baslap-aq jadidler, milliy burjuaziya, ruwxanıy wa’killerinin’ birliktegi Tu’rkistan g’a’rezsizligi ushın gu’resleri da’wiri baslandı.

Pu’tkil o’mirin, iyman-isenimin, watanpa’rwarlıq ha’m insanpa’warlıq, pa’klik ha’m hadallıq, ilim ha’m ag’artıwshılıq, a’dillik ha’m diyanat jolında pida’ etken insanlardın’ qa’siyetli ruwxları makan tapqan Tu’rkistan u’lkesi, XX a’sirdin’ aqırına kelip a’sirler dawamında arzıw etken g’a’rezsizligine eristi.

Bizin’ bul pitkeriw qa’niygelik jumısımızdın’ maqseti XIX a’sirdin’ ekinshi yarımı XX a’sirdin’ basında Oraylıq Aziyadag’ı ja’miyetlik-siyasiy pikirlerdi tolıq analizlew emes, al temag’a tiyisli ma’selelerdin’ ayırım ta’replerin u’yrenip, sol da’wir pikirlerinin’ o’zine ta’nlik belgilerin ko’sretip beriwge ha’reket ettik.

## I BAP. § 1 XIX a’sirdin’ ekinshi yarımındag’ı Oraylıq Aziya oyshıllarının’ ja’miyetlik-siyasiy pikirleri.

XIX a’sirdin’ ekinshi yarımında Evropa ha’m Shıg’ıs ma’mleketlerinde ju’z berip atırg’an ekonomikalıq-sotsiallıq, ma’deniy o’zgerisler tu’rli jollar menen Tu’rkistan turmısına da a’ste-aqırın kirip keldi ha’m o’zinin’ ayırım belgilerin ko’rsete basladı.

Bul da’wirge kelip Rossiya patshalıg’ı ko’pten berli go’zlep kelgen o’z maqsetin – Tu’rkistandı basıp alıw ha’m o’z imperiyası shegaralırın ja’nede qublag’a qarap ken’eytiwdi tezlik penen a’melge asırıwg’a kiristi ha’m 1860-jıllardan baslap Tu’rkistan xanlıqlarına qarsı o’z ıqtıyarındag’ı barlıq qurallardan paydalang’an halda hu’jimge o’tti. Xanlıqlar ha’m jergilikli xalıqtın’ keskin gu’resi, qarsılıg’ına qaramay, 1870-jıllarg’a kelip Qoqand xanlıg’ı joq etildi. Buxara ha’m Xiywa xanlıqları Rossiyanın’ vassalına aylandı: Tu’rkistanda rus koloniyallıq du’zimi ornatıldı, ol rus bas gubernatorı ta’repinen basqarıla baslandı. Rus patshalıg’ı Tu’rkistanda o’z koloniyalıq siyasatın o’tkiziw jolında barlıq sharalardı a’melge asırıp, onın’ baylıqlarınan imkanı barınsha ken’ paydalanıwg’a kiristi. Ja’ha’n ha’m a’sirese, Jaqın Shıg’ıs ma’mleketlerindegi o’zgeris ha’m Rossiyanın’ jan’a koloniyasına ag’ıp kiyatırg’an Evropa ma’deniyatı jan’alaıqları Tu’rkistan ma’deniyatında jergilikli xalıqtın’ kolonyallıq siyasatı, kemsitiliwine qarsı ag’artıwshılıq ha’reketin ku’sheytip jiberdi. Ol tiykarınan, xalıqtı jan’a ma’deniyat, ag’artıwshılıqqa shaqırıwg’a, milletti oyatıwg’a, jan’alanıp atırg’an ma’na’wiyattı iyelewge bag’darlang’an edi. A’ste-aqırınlıq penen ag’artıwshılıqtan jadidshilik o’sip shıqtı ha’m ol belgili da’rejede siyasiy ma’selelerdi alg’a su’re basladı. Jan’a ta’lim-ta’rbiya, jan’a mektep, jan’a bilimlendiriw, onı basqarıw, ma’deniy u’git-na’siyat, sho’lkemlestiriwshilik ma’seleleri tiykarg’ı orıng’a ko’terildi. Jan’alıqlarg’a tiykarlang’an halda rus ha’m eski feodal bilimlendiriwinen parqlanıwshı pikir-ideyalar aldıg’a su’rildi, olar jergilikli baspa-

so’z, tu’rli kitaplar arqalı ken’ tu’rde na’siyatlandı. Bul ma’deniyattag’ı koloniyashılıqqa qarsı gu’reste xalıq sanasın asırıw, o’z awhalın jaqsılawg’a umtılıwdın’ ko’rinislerinen edi.

XIX a’sirdin’ aqırı – XX a’sirdin’ basında Tu’rkistan ma’deniyatı bir qatar talantlı alım, sayaxatshı, shayır, pedagog, jurnalistlerdi jetistirip shıg’ardı, olar xalqımızdın’ ulıwma ma’deniy rawajlanıwına ju’da’ u’lken ta’sir ko’rsetti.

Bul da’wirde Axmed Danısh, Berdaq, Feruz, Muqimiy, Furqat, Zavqiy, Bayanıy, Avaz Otar sıyaqlı alım, shayırlar o’z da’wirinin’ a’hmiyetli ma’selelerin ko’terip shıqtı ha’m xalıqtı ilim-pa’n, ag’artıwshılıq iyelewge shaqırdı.

Bexbudiy, Abdulla Avloniy, Fitrat, Ayniy, Xamza sıyaqlı talant iyeleri jadidshilik ideyaların alg’a su’riw ha’m u’gitlew tarawında bayraqshı bolıp tanıldı. Tu’rkistannın’ o’z rawajlanıw jolın u’git-na’siyatlawda janbazlıq ko’rsetti.

XIX a’sirdin’ ekinshi yarımında jasap, do’retiwshilik qılg’an ullı oyshıllarımızdan biri Axmed Danısh (1827-1897) esaplanadı. Axmed Danısh yaki Axmed Kala dep at shıg’arg’an Axmed ibn Mir Nasır ibn Yusuf al-Xanafi as-Siddiqiy al-Buxariy Buxara a’mirliginde jasap do’retiwshilik qılg’an, aldag’ı pikirler menen atı shıqqan shayır, oyshıl, ag’artıwshı esaplanadı. Ol 1827-jılda Buxara qalasında tuwıldı. Usı jerdegi mektep ha’m mediresel erde ilim alıp, o’z da’wirinin’ aldag’ı alımı ha’m oyshılı da’rejesine ko’terildi.

Axmed Danısh mediresede alg’an bilimler menen sheklenbey, juldızlar ilimi, astronomiya, astrologiya, a’debiyat, muzıyka, arxitektura, tariyx ha’m filosofiya menen shug’ıllandı, a’sirese, Shıg’ıs shayırları ha’m oyshıllarının’ shıg’armaların ko’p oqıdı ha’m u’yrendi. İbn Sino, Omar Hayyam, Nawayı, Fuzuliy, Bedil shıg’armaları menen jaqınnan tanısıp, olardın’ pikirlerinen o’z traktatlarında ken’ paydalanıwg’a umtıldı. Filosofiyalıq, ja’miyetlik-siyasiy, a’debiy ma’seleler menen birge ta’biyiy pa’nlerdi, a’sirese, astronomiya ilimin u’yreniwge u’lken itibar berdi. O’zinin’ aytıwınsha, astronomiya ilimin Mırza Abdulfattohxan mu’najjiminen u’yrenedi. Danısh joqarı ta’jriybeli xat jazıwshı, arxitektor da edi. Sonın’ ushın XIX a’sirdin’ 50-jıllarında Buxara a’miri Amir Nasrulla (1827-1860) sarayında xızmet qıldı. 1870-jılı saray xızmetinen ketti.

Axmed Danısh 1857, 1869 ha'm 1874-jıllarda u'sh ma'rte Buxara elshileri quramında Peterburgta bolıp, Evropa ma'deniyatı, ilim-pa'n tarawındag'ı jetiskenlikler menen tanısıw imkaniyatına iye bolıwı, oyshıldın' du'nyaqarasında u'lken burılıs jasadı ha'm o'zinin' sezimlerinin' ta'sirinde Buxarada bar bolg'an ta'rtiplerdi reformalaw proektin alg'a su'rdi. Bul bolsa Amir Muzaffariddin (1860-1885) narazılıg'ına sebepshi boladı ha'm a'mir Axmed Danıshtı Huzarga qazı jiberedi. Danısh a'mir o'liminen son' Buxarag'a qaytadı ha'm 1897-jılı qaytıs boladı.

Axmed Danısh filosofiya, tariyx, astronomiya, astrologiya, a'debiyat, xat jazıwshılıq ma'selelerine bag'ıshlap jazg'an.

O'zbekstan Respublikası Pa'nler Akademiyası Beruniy atlı Shıg'ıstanıwshılıq institutının' qoljazba fondında Axmed Danıshtın' 16 traktatı ha'm ja'ne bir qansha qosıqları kiritilgen toplamlar, G'azzoliy, Jomiy shıg'armalarınan ko'shirgen qoljazba nusqaları saqlanadı, olardın' ko'pshiligi tu'p nusqa bolıp, avtordın' o'zi ta'repinen jazılg'an. Ma'selen, 1877-jılda jazılg'an «Majmuai hikoyati Ahmadi Kalla» dep atalıwshı qoljazbada avtor tu'rli tariyxıy, a'debiy, filosofiyalıq ma'seleler haqqında pikir ju'ritedi. Ol Ulug'bek da'wiri, Abdurahman Jamiy ta'liymatı, shialar ha'm sunniylerdi jarastırıw maselelerine bag'ıshlang'an traktat ta jazg'an. Traktatta islam tariyxı, ondag'ı tu'rli bag'darlarının' kelip shıg'ıw sebepleri, Rumiy, G'azzaliy, Jamiy, Bedil sıyaqlı danıshpanlardın' bul ma'selelerge mu'na'sibetleri haqqında pikir ju'ritken. Axmed Danısh ja'miyetlik ilimler tarawında Oraylıq Aziyanın' o'tmish tariyxı, pa'ni, a'debiyatı, ma'mleketshiligi, dini sıyaqlı ma'selelerine ta'n ha'mde o'zine ta'n mazmung'a iye bolg'an sheriy shıg'armalar jaratıw menen birge ta'biyiy ilimler, tiykarınan, astronomiya, kosmologiya mashqalaları u'stinde de u'zliksiz izertlew jumısların alıp barg'an ha'm bul tarawda bir qatar shıg'armalar jazıp qaldırg'an. Axmed Danısh o'zinin' «Munozir al-Kavokib» («Juldızlardı baqlaw») degen shıg'armasında asronomiya ilimine ta'n a'hmiyetli ma'seleni sheshken.

Danısh «Risolat dar ilmi kurra» («Globus haqqında tarktat») dep atalg'an shıg'arma jazg'an bolıp, onda globustın' wazıypası, onın' ilim ushın a'hmiyeti,

onnan a’meliy paydalanıw haqqında so’z etiledi. 12 baptan ibarat bolg’an «İztig’roji bul va arzi balat» («Orınlardın’ uzınlıg’ı ha’m enin o’lshew») shıg’armasında Axmed Danısh orınlardın’ ornın o’lshep shıg’arıw aspan meridianın saatlarda belgilew ma’seleleri haqqında pikir ju’ritedi.

Onın’ ja’miyetlik-siyasiy qarasları «Navodir ul-vaqoe», «Risolai muxtasare az tarixi saltanati xonadoni mang’itiya» sıyaqlı shıg’armalarında o’z sa’wleleniwin tapqan. Son’g’ı shıg’arma qısqasha «Traktat» atı menen de ju’ritilip, Buxara xanlıg’ındag’ı Mang’ıt dinastiyasının’ ha’kimiyatı tariyxına bag’ıshlang’an ha’m Amir Daniyal (1758-1785) ha’kimliginen Amir Abdulla (1885-1910) ha’kimligi da’wirine shekem bolg’an tariyxtı o’z ishine aladı. («İstoriya mangitskoy dinastii» İ.A.Najifovanın’ kiris so’zi, tu’sindirmesi ha’m awdarması. Dushanbe, 1967-jıl). Axmed Danıshtın’ en’ a’hmiyetli shıg’arması «Navodir ul-vaqoe» esaplanadı. Bul shıg’armada ju’da’ ko’p ja’miyetlik-a’dep-ikramlıq ma’seleler haqqında pikir ju’ritilgen.

«Navodir ul-vaqoe» kitabı Axmed Danıshtın’ tiykarg’ı shıg’arması esaplanıp, onda alım o’zinin’ tu’rli ma’selelerge mu’na’sibetin sa’wlelendirgen. Joqarıda ko’rsetilgen ha’r eki shıg’armada Axmed Danısh ja’miyetlik rawajlanıwg’a g’aw bolıp qalg’an feodal ja’miyetlik-siyasiy du’zim, ta’rtip ha’m mu’na’sibetlerdi kritikalaydı. Orta a’sir filosofiyasında ken’ tarqalg’an ta’wekel teoriyasın kritikalap, mınaday dep jazadı: «Eger adam ta’wekelge isenip ha’reket qılmasa, miynet qılmasa ha’m qıyınshılıqta, kembag’allıq penen o’mir keshiriw yaki mol-ko’llikte jasaw ta’g’dirde bar eken, dep aytsa, onday adam qa’te qıladı. Demek, ol aqıllı emes»[1] . Buxara xanlıg’ın Evropa ma’mleketleri, tiykarınan Rossiya menen salıstırıp, Danısh o’z watanın ekonomikalıq, ma’deniy jaqtan arqada qalg’anlıg’ın ko’rsetip beredi ha’m bul qalaqlıqtan shıg’ıw ushın ja’miyetlik-siyasiy du’zimde reformalar qılıw za’ru’rligin uqtıradı.

Danıshtın’ pikirine ko’re, «ma’mleket bir topar adamlar za’ru’rliklerin qandırıw ushın emes, xalıq ma’pleri ushın, ma’mleketti abat qılıw ushın xızmet

---

[1] Ахмед Даныш асаридан келтирилган барча парчалар И.М. Мўминовнинг «Ўзбекситонда XIX аср охирида XX аср бошларида ижтимоий-фалсафий тафаккурнинг ривожланиш тарихидан» китобидан олинди. *Мўминов И.М.* Танланган асарлар. Биринчи том, Тошкент, 1969.

qılıwı za'ru'r. Biz du'nyanı gu'llep-jasnatıw ushın, ten'izler keship ju'riw ushın, jer astı baylıqların tabıw ushın, onın' ha'mme kontinentleri ha'm xalqın biliw ushın tuwılg'anbız», - dep jazg'an edi Danısh. Bunın' ushın hu'kimdar bilimli, ag'artıwshı, a'dil ha'm o'z puxaraları ma'pleri ushın xızmet qılıwı sha'rt. Ol qanday ma'seleni sheshpesin, en' da'slep o'zin puxara ornında, olardı bolsa o'zinin' ornında ko'z aldına keltiriwi lazım. Bul adalattı ta'miynlewge imkan jaratadı. «Ma'mleketti basqarıwda, - deydi Danısh, - hu'kimdar za'ru'rli ma'mleket mashqalaların o'z a'tirapındag'ı ma'sla'ha'tshiler menen birgelikte sheshiwi kerek. Ma'sla'ha'tshiler de danıshpan ha'm a'dil adamlar bolıwı kerek ha'm olardın' pikiri menen esaplasıwı sha'rt, sebebi ko'pshiliktin' aqılı, bir adamnın' aqılınan artıqraq».

Axmed Danısh o'z waqtın qalaqlıqtan shıg'arıw jolların tınbay izledi. «Adam o'z watanın qorg'asa g'ana, o'z xalqı menen birge bolsa g'ana, - deydi Danısh, - ol barqulla tiri esaplanadı». Ol Shıg'ıs oyshılları ta'liymatın u'yreniw menen bir qatarda Batısta tarqalg'an ja'miyetlik-siyasiy ta'liymatlar menen de qızıg'adı. Bul ta'liymatlardı Danısh qabıl etpegen bolsa da, onın' bularg'a degen mu'na'sibeti oyshıldı ken' ko'lemdegi izzertlewshi ha'm ja'miyetlik-siyasiy arzıwları ken'rek ekenligin ko'riw imkanın beredi.

Axmed Danıshtın' ja'miyetlik ideyaları o'z da'wiri ushın u'lken a'hmiyetke iye edi. Danısh bar bolg'an ekonomikalıq-siyasiy sistemanın' rawajlanıwg'a tosıq bolıp qalg'anlıg'ın ko'rsetedi ha'm bul ideyanı alıp taslaw jolların izleydi.

Axmed Danısh miyrasının' bir bo'legi g'ana u'yrenilgen bolıp, bul tarawda rus alımları ha'm O'zbekstan, Ta'jikistanda alıp barılg'an izertlewlerdi aytıp o'tiwimiz lazım. Danısh shıg'armalarının' tu'p nusqası - ta'jik tilinde, rus ha'm o'zbek tillerinde baspadan shıg'arılg'an. Bul entsiklopediyalıq bilim iyesinin' bay do'retiwshilik miyrasın, ta'biyiy-ilimiy qarasların ha'r ta'repleme u'yreniw o'z izertlewshilerin ku'tpekte.

Bul da'wirdin' ja'ne bir ullı oyshıllarınan biri Berdaq (1827-1900) esaplanadı. Berdaq qaraqalpaq xalqının' belgili demokratik shayırı. Ol XIX a'sirde jasap do'retiwshilik etken. Shayırdın' haqıyqıy ismi Berdimurat G'arg'abay ulı

bolıp, Berdaq onın' laqabı. Oyshıl haqqında mag'lıwmatlar kem saqlanıp qalg'an. Onın' o'mirbayanı ha'm do'retiwshiligine tiyisli mag'lıwmatlardı, tiykarınan, o'zinin' shıg'armalarında ushıratıw  mu'mkin. Ol Aral ten'izinin' qublasında jaylasqan Moynaq rayoınının' Aqqala degen jerinde du'nyag'a kelgen. Berdaq on jasında a'kesi G'arg'abay Boranbay ulı ha'm anasınan ayrılgannan son', a'mekisi Qoshqarbaydın' qolında ta'rbiya ko're baslaydı.

Berdaq on jasınan awıl mektebine, mektepti pitirgennen son' o'z bilimin ja'nede teren'lestiriw maqsetinde sol da'wirde iri ilim orayı esaplang'an Qaraqum İyshan mediresesinde oqıdı.

Ol jaslıg'ınan qosıq jazıwdı wyrene basladı. Xalıq qosıqları, tu'rli a'psanalar, ertekler, maqal ha'm da'stanlar menen tanısıw, belgili shayırlardın' qosıqlarınan paydalanıw oyshıldın' a'debiy do'retiwshiligin kamalg'a jetip, qa'liplesiwinde a'hmiyetli orındı iyeledi. Solay etip, Berdaq a'ste-aqırınlıq penen belgili shayır ha'm xalıqqa tanılg'an baqsıg'a aylana basladı. En' a'hmiyetlisi, qosıqlarına o'zi muzıka jazıp ayta baslaydı.

Berdaq ko'p qalalarg'a sayaxat qıldı. Oraylıq Aziyanın' iri qalalarında boldı. U'rgensh ha'm Buxaranı ziyarat qılıp, a'yyemgi estelikler menen tanıstı. Berdaq Alisher Nawayı, Fuzuliy ha'm Maqtumqulı do'retiwshiliklerin teren' u'yrenip, qosıqların analizledi. Zamanlas shayırlar menen pikirles boldı. Berdaq qosıqlarının' ko'pshiligi kambag'al, jetim-jesirlerdin' ayanıshlı o'miri, olardın' awır miyneti, bay-aqsu'yeklerdin' olarg'a qılg'an reyimsizligi, zorlıg'ı ha'm a'dalatsızlıg'ına bag'ıshlang'an. Onın' qosıqlarında insanpa'rwarlıq, ten'lik, saqıylıq, a'dalat, watanparwarlıq, mehir-mu'riwbet, qaharmanlıq ha'm ma'rtlik, g'a'rezsizlik, milliy azatlıq ha'm haqıyqat ushın gu'res, mehir-muhabbat sıyaqlı ulıwmainsanıy ha'm milliy qa'diriyatlar o'z sa'wleleniwin tapqan.

Berdaqtın' qosıq ha'm da'stanları xalıq massasının' turmısın haqqaniy etip su'wretlep beriwi menen ayırılıp turadı. A'sirese, Xiywa xanlıg'ı ha'm patsha Rossiyası hu'kimranlıg'ı da'wirinde a'piwayı xalıqqa qarata o'tkizilgen zulım-zorlıqlar shayırdın' bir qatar qosıqlarında ashıq su'wretlep berilgen. Sonın' ushın ol o'z zamanındag'ı a'dalatsızlıqtan, xan xizmetkerlerinen,  salıq jıynawshılardan,

miraplardın’ o’zbasımshalıg’ınan, zalımlıg’ınan nalıydı, insan qansha miynet qılsa da, mu’ta’jlikten shıg’a almaslıg’ınan zarlanadı:

Shaqqan adım taslap, miynet qılmasan’,
Ku’n ko’riw qıyın boldı bul zaman.
Maqsetin’e oylap-oylap jetpesen’,
Qıyın boldı ku’n ko’riw bul zaman.

Berdaq o’zinin’ «Salıq», «Bolg’an emes», «Bul jıl» sıyaqlı qosıqlarında xan ha’m beklerdin’ alıp barıp atırg’an siyasatın qaralaydı, olardın’ miynetkesh xalıqqa o’tkizip atırg’an zulımın, miyrimsizligin su’wretleydi. Berdaq insandı joqarı shoqqıg’a ko’teredi, xalıqtın’ u’lken ku’sh ekenligin aytıp o’tip, hu’kimran klass wa’killerin miynetkesh xalıqtı hu’rmet qılıwg’a, olarg’a ja’rdem beriwge shaqıradı. Shayır o’zin xalıqtın’ ajıralmas bir bo’legi, dep ko’z aldına keltiredi.

So’zim o’lmes, barqulla tiri qalaman,
Xalqım barg’oy, jawdan o’shimdi alaman…

Berdaq o’zi jasap atırg’an du’zimdi, onın’ ta’rtiplerin kritikalaydı. Shayırdın’ pikirinshe, bar bolg’an siyasiy du’zim miynetkesh xalıqtı haq-huqıqların ha’m ma’plerin qorg’ay almaydı. Bunday du’zimde tek a’dalatsızlıq, haqsızlıq, da’mego’ylik, o’zbasımshalıq ha’m basqa insang’a jat illetler hu’kim su’redi. Shayır zalımlardan zarlanıp mınaday deydi:

Zalımlar tın’lamas paqırdın’ zarın,
Olar oylar o’z paydasın, o’z qarnın,
Hesh qashan zalımlar qoldag’ı barın,
Ep ko’rmes, bar bolsa da, xalıq ushın.

Berdaq o'zinin' ja'miyetlik-siyasiy ma'selelerge bag'ıshlang'an shıg'armalarında, Shıg'ıstın' basqa oyshılları sıyaqlı ja'miyetti a'dil ha'm ag'artıwshı patsha basqarıwı lazım, degen pikirge keledi. Ol o'z da'wirindegi a'dalatsız ha'm zalım xan ma'mleketti basqarıwg'a jaramsız, dep esaplaydı.

Shayırdın' «Amangeldi», «Xalıq ushın», «Aydosbiy», «Jaqsıraq», «Bolg'an emes», «Ernazar biy» shıg'armalarında qaraqalpaq xalqının' xanlar zulımına qarsı qaharmanlarsha gu'resi, milliy-azatlıq ha'reketi su'wretlengen.

Berdaq insan o'z iskerliginde, is-ha'reketinde, maqsetine erisiwinde Erkin ekenligin jazadı. Ma'selen, ol «Axmaq patsha» da'stanında ayırım baylar ha'm a'meldarlardın' ja'bir-zulımı aqırg'ı noqtasına barıp taqalg'annan son' sabır-taqatı tawsılg'an xalıq o'z ıqtıyarı menen olarg'a qarsı bas ko'teredi, deydi.

Berdaqtın' do'retiwshilik miyrasında a'dep-ikramlıq, minez-hulq, estetika ha'm go'zallıq ma'seleleri a'hmiyetli orındı iyeleydi. Onın' qosıqlarında milliy ha'm ulıwmainsaniy qa'diriyatlar, watanparwarlıq, xalıqlar doslıg'ı, a'piwayı a'dep-ikramlılıq qag'ıydaları haqqında qımbatlı pikirleri ushıraydı. Shayırdın' aytıwına qarag'anda, ayırım mola ha'm iyshanlar xalıq aldında o'zlerin hadal ha'm pa'k, a'dalatlı etip ko'rsetedi. A'melde bolsa onın' kerisin ko'remiz. Shayır olardın' pa'sligin a'shkaralap taslaydı.

Berdaq o'zinin' a'dep-ikramlılıq qaraslarında Shıg'ıstın' en' jaqsı da'stu'rlerin dawam ettiredi. «İzledim», «Xalıq ushın», «Jaqsıraq», «Mag'an kerek» sıyaqlı qosıqlarında adamlardın' hadal miynetin ullılaydı. Onın' pikirinshe, ha'r bir adamnın' tiykarg'ı wazıypası xalıqqa ha'm onın' pa'rawanlıg'ı jolında xızmet qılıwı esaplanadı. Berdaqdın' a'dep-ikramlıq qaraslarının' ja'ne bir a'hmiyetli ta'repi – adamlardı hu'rmet qılıw, a'sirese, qarıyalar, a'zzi ha'm nagiranlar, kembag'al ha'm biysharalardı izzet na'psine tiymew, olarg'a ilajı barınsha ja'rdem ko'rsetiw esaplanadı. Berdaqtap Nawayı sıyaqlı adamlardı a'dep-ikramlıg'ına qarap, olardı ekige: jaqsı ha'm jamang'a bo'ledi. Jaqsı adam degende, ol pu'tkil insaniy pazıyletlerdi o'zinde toplag'an dana, aqıllı, bilimli, o'zgelerge ja'rdem beriwshi, minez-hulqı go'zzal adamlardı ko'z aldına keltiredi. Jaman adam bolsa, Berdaqtın' ko'z-qarasında, xalıqtın' apatı esaplanadı, ol xalıqtın' da, ag'a-

ininin' de qa'dirine jetpeydi. Ulıwma alg'anda, shayırdın' a'dep-ikramlıq qaraslarının' orayında insaniylıq turadı.

Berdaq ko'p qosıqlarında balalardı ta'rbiyalaw, u'lkenlerdi hu'rmet qılıw, jas a'wladqa watanparwarlıq, o'z xalqına muhabbat, xalıqlar ortasında doslıq ha'm biradarlıq ideyaların sin'diriwge umtıldı.

Berdaq qaraqalpaq xalqının' belgili shayırı, haqıyqıy perzenti esaplanadı. Qaraqlapaqstandag'ı ko'p g'ana mektepler, ko'sheler, kinoteatrlar, kitapxanalar shayırdın' atına qoyılg'an. Sonday-aq, Berdaq atındag'ı Qaraqalpaqstan Ma'mleketlik sıylıg'ı da ja'riyalang'an. Bul sıylıq ko'rkem a'debiyat, ko'rkem-o'ner ha'm arxitektura tarawındag'ı en' jaksı jumıslarg'a beriledi.

Berdaqtın' joqarı insanpa'rwarlıq ruwxı menen suwg'arılg'an a'debiy, ja'miyetlik-siyasiy ha'm filosofiyalıq ideyaları ha'zirgi g'a'rezsizlik sharayatında da o'z ta'rbiyalıq a'hmiyetin saqlap kelmekte.

Usı da'wirdin' ullı oyshıllarının' ja'ne biri Shoqan Waliyxanov (1835-1865) bolıp esaplanadı. Shoqan Shıng'ıs ulı walixanovtın' haqıyqıy ismi – Muhammed Xanaviya bolıp, qazaq xalıqının' ullı alımı, demokrat-ag'artıwshısı, tariyxshısı, etnografı, folklortanıwshı, sayaxatshı ha'm geografı esaplanadı.

Shoqan Waliyxanov 1835-jılda Qazaqstannın' ha'zirgi Qostanay oblastında Kosmurın degen jerde tuwılg'an. Ol Abılayxannın' shawlıg'ı Shoqan en' da'slep Qosmurındag'ı qazaq mektebinde oqıp, arabsha xat tanıg'annan son', «xan balası jeti til biliwi kerek» degen ga'p penen Shıg'ıs tillerin, sol tiykardan, arab, shag'atay, sonday-aq, Oraylıq Aziya xalıqları tillerin de jaqsı u'yrendi.

1847-jılı 12 jasar Shoqandı atası Omsktag'ı kadet korpusına oqıwg'a beredi. Onda ag'la bahalar menen oqıg'an Shoqan o'z dosları arasında abıroy-itibarg'a iye bolıp er jete basladı. Kadet korpusında G.N. Potanin menen birge oqıydı, olar shın dos boladı. Bul Shoqan oqıp ju'rgen waqtında Toqtamıstın' «Xan jarlıg'ı» teren' u'yrendi. Bul ShoqanWalixanovtın' ilimiy izleniwindegi da'slepki qa'demi edi. Solay etip, 14-15 jaslı Shoqang'a kadet korpus oqıtıwshıları mehir menen qarap, og'an keleshektegi ullı alım dep qaray baslaydı. Sol payıtlarda ol tariyx, geografiya pa'nlerine ayrıqsha itibar berip, qunt penen u'yrenedi.

Shoqan 1853-jılı 18 jasında Omsktag'ı kadet korpusın, yag'nıy a'skeriy bilim jurtın tamamlag'annan son', Sibir kazak-rus 6-shı atlı a'sker polkinin' a'sker bolıp jumısqa o'tedi. 1861-1862-jılları Sankt-Peterburg universitetinin' tariyx-filologiya fakultetinde lektsiyalar tın'lap, ilimiy da'rejesin asırıp baradı.

Batıs Sibir general-gubernatorlıg'ında xızmet qılgan Shoqan Walixanov, Qıtay ha'm Oraylıq Aziyag'a uyımlastırılg'an ilimiy-tekseriw ekspeditsiyalarında qatnasadı. 1858-1859-jıllarda Qashg'arg'a sayaxat qıladı, 1855-jılı Omsktan Semipalatinskqa, sonday-aq Ayako'z, Qopal arqalı qırg'ız Alatawlarına shekem bolg'an jerler menen tanısadı. Qaytıwında, Jang'ar arqalı Alako'l, Tarbog'atoyg'a sayaxat qıladı. Son' Oraylıq Qazaqstan – Qarg'aralı, Bayanawıl, Ko'kshetaw arqalı ju'rip, gu'zde Omskqa qaytadı. Mine usı saparlarda ol qazaq, qırg'ız awızeki do'retiwshilik du'rdanaların jazıp alıp, tariyxıy ha'm etnografiyalıq materiallar toplay baslaydı ha'm ilimiy izleniwler alıp barıwg'a kirisedi.

Shoqan Walixanov 1860-1861-jılları Sankt-Peterburgta jasag'an payıtlarında rus demokrtaları, alımları menen jaqınnan baylanıs ornatıp, Pa'nler akademiyası ha'm Rus geografiya ja'miyeti islerinde aktiv qatnasıp, Aziya kartasın du'ziwde jaqınnan ja'rdem beredi. Tariyx, geografiya, siyasiy ekonomika, etnografiya, arxeologiya, folklortanıwshılıq tarawlarında ilimiy shıg'armalar jaratadı. Bul orında onın' «Jungar tariyxı», «Qashg'ar saparı ku'ndeliginen», «Qırg'ızlar», «Xan Abılay», «Qıtay imperiyasının' batıs u'lkesi ha'm G'ulja qalası», «Ko'kitay xannın' ası», «Dala musulmanlıg'ı», «Qazaqlar haqqında jazbalar», «Sud reforması haqqında», «Qazaq shejiresi» sıyaqlı shıg'armaları Oraylıq Aziya, Shıg'ıs Tu'rkistan, Batıs Qıtay, qazaq, qırg'ız, uyg'ır sıyaqlı xalıqlardın' etnografiyası, turmısı, ma'deniyatın u'yreniwde u'lken a'hmiyetke iye.

Bul shıg'armalar tek dalil-materialı menen emes, teren' ulıwmalastırılg'an ilimiy sheshimleri menen de ayrıqsha itibarg'a iye. Olarda bul u'lkelerdin' geografiyalıq, ta'biyiy, ja'miyetlik-ma'na'wiy o'tmishi boyınsha ju'da' qımbatlı materiallar bar.

Shoqan Walixanov sol sayaxat dawamında xalıq awızeki du'rdanaların, sol tiykardan, ertek ha'm a'psanalardı, da'stanlardı, xalıq qosıqların jazıp alg'an edi.

Keyin-ala «Ko'zi Kwrpesh-Bayan suluw» da'stanın rus tiline awdarma qılıp, İ.N. Berezin ta'repinen jaratılg'an Xrestomatiyag'a kiritken.

Shoqan xalıq awızeki do'retpesin teren' ilimiy u'yrenip, «Qazaqtın' xalıq da'stanlarının' tu'rleri haqqında», «Orta ju'z qazaqlarının' a'psana-ertekleri haqqında», «XVIII a'sir batırları haqqında tariyxıy a'psanlar» sıyaqlı ilimiy izzertlewlerdi jarattı. Ol qazaq xalqının' batırları haqqındag'ı epik shıg'armalarının' hindu-german eposlarına uqsaslıg'ın birinshi bolıp aytqan alım. «Jer ko'kshe» da'stanı XIV-XVI a'sirde jaratılg'an bolıp, Jer Ko'kshe palwan tariyxıy shaxs ekenligin da'lillep beredi.

Qırg'ız xalıq da'stanı «Manas»tın' ko'p bo'limin jazıp alg'an, rus tiline awdarg'an ha'm teren' u'yrengen edi. Bul shıg'armanı «İliada», «Odisseya» shıg'armaları menen bir qatarg'a qoyıp, joqarı baha Bergen de Shoqan Waliyxanov edi.

Ol O'gizxan zamanlarınan berli rawajlanıp kiyatırg'an qazaq folklorın ken'irek izzertlep, Orınbay, Chuja, Aristonbay, Kempirbay, Janaq sıyaqlı aqınlarının' do'retiwshiligin joqarı bahaladı.

Ol qazaq a'debyatı tariyxınan birinshi bolıp, qazaq qosıq qurılısın ilimiy ta'repten u'yrendi, qazaq qosıqshılıg'ının' o'zine ta'n qa'siyetlerin ashıp berdi. Shoqan Waliyxanov o'zinin' «Qazaq xalıq poeziyasının' tu'rleri haqqında» degen ilimiy-teoriyalıq maqalasında qazaq qosıqshılıg'ın «Jır», «O'len'», «Qara o'len'», «Qayim o'len'», «Jolaw o'len'» tu'rlerine bo'lip ilimiy analizledi.

Shoqan Waliyxanovtın' xudojniklik iskerligi de qazaq su'wretlew o'ner tariyxında a'yrıqsha orındı iyeleydi. Onnan bizge shekem 150 ge jaqın ra'n'-ba'ren' su'wretlew o'neri shıg'armaları jetip kelgen. Ol jaratqan su'wretler XIX a'sirdin' 60-jıllarının' baslarında-aq «Vseminaya illyustratsiya», «İskra», «Russkiy xudojestvennıy list» sıyaqlı jurnallar ha'mde Rus geografiya ja'miyetinin' «Xabarnamasında» ja'riyalang'an.

Shoqan Waliyxanov patsha Rossiyası sistemasın, koloniyallıq zulımın keskin kritikaladı, rus ma'deniyatın u'gitledi, qazaq xalqın ko'shpenshilikten otraq halatqa o'tiwge shaqırdı, ag'artıwshı bolıwg'a shaqırdı. D.İ.Mendeleev, P.P. Semenov-

Tyanshanskiy, G.N.Potanin sıyaqlı rus alımları menen do'retiwshilik baylanısında boldı. V.G.Belinskiy, N.G. Chernishevskiy do'retpelerinin' ta'siri astında qazaq ja'miyetlik-filosofiyalıq pikirinde birinshi bolıp realistik da'stu'rlerin alg'a su'rdi. 1860-jılı Rus geografiya ja'miyetine ag'za bolg'an Shoqan Waliyxanov rus koloniyashılıg'ı sebepli bolıp atırg'an a'dalatsızlıqlardı da a'ste-aqırınlıq penen tu'sine basladı.

Shoqan Waliyxanov tek g'ana qazaq xalqı tariyxında emes, Oraylıq Aziya xalıqları ma'deniy turmısında ja'miyetlik sana rawajlanıwıtariyxında ayrıqsha orın tutqan u'lken alım. Onın' bay ha'm ra'n-ba'ren' ilimiy izzertlewleri Tu'rkistan xalıqlarının' ma'deniy-ag'artıwshılıq mu'lki esaplanadı.

## I BAP. § 2. Bul basqıshtag'ı Oraylıq Aziya oyshıllarının' du'nya ko'z-qarasları.

Oraylıq Aziyada XIX a'sirdin' ekinshi yarımındı jasap, do'retiwshilik penen shug'ıllang'an ullı oyshıllardın' ja'ne biri Abay (1845-1904) esaplanadı. Abay – İbrahim Qwnanbaev - XIX a'sirdin' ekinshi yarımında jasap, do'retiwshilik qılg'an qazaq qosıqshılıg'ının' mashali, kompozitor, filosof ha'm qazaq jazba a'debiyatının' tiykarshısı, ag'artıwshı shayır esaplanadı. Ol 1845-jıldın' 8-avgustında Semipalatinsk walayatında qaraslı (ha'zirgi Abay walayatı) Chingiztaw bawırındag'ı Qashqabulaq ma'kanında du'nyag'a kelgen. A'kesi Qunanbay O'skinbay ulı qazaq urıwları ishinde en' bay adamlardan bolıp, Abaydı oqıtıwg'a u'lken a'hmiyet berdi. Abay mediresede to'rt jıl ta'lim aldı. Arab, parsı tillerin u'yrendi. Oraylıq Aziya alımların, tiykarınan, Sadiy Sheraziy, Hafız Sheraziy, Xusraw Dehlawiy, Abdiraxman Jamiy, Nawayı, Babur, Nodira shıg'armaların oqıp shıqtı. Olardan ta'sirlenip «Fizuliy, Shamsiy, Sayqaliy» atlı qosıqlıq shıg'armasın jarattı. Onda Shıg'ıs alımların o'zine ustaz dep bilgenligin ta'n aladı:

Fuzuliy, Shamsiy, Sayqaliy,
Nawayı, Saadiy, Ferdawsiy,

Xoja Hapız – bul ha’mmesi,

Ma’ded Ber, ya shuaro pariyad –

deydi.

Sonday-aq, shayırdın’ 1855-1881-jıllar dawamında jazg’an «Ju’zi rawshan», «A’lipbe», «Fizuliy, Shamsiy, Sayqaliy» sıyaqlı ha’m basqa qosıqları Shıg’ıs alımlarına erip jazg’an do’retpesinin’ u’lgileri edi. Sonın’ ushın akademik jazıwshı Muxtar Awezov «… og’an tilleri tu’sinikli bolg’anlıqtan Nawayı, Fizuliy shıg’armaları ko’p ta’sir etken. A’sirese, Abay Alisher Nawayını o’zine «en’ jaqın ustaz dep» dep biledi ha’m shıg’armalarınan o’rnek aladı…»

Abay Axmed Riza medireseside uzaq waqıt oqıy almadı. A’kesi onı medireseden shıg’arıp alıp, el basqarıw islerine tartadı. Biraq Abay qa’lemin taslap qoymaydı. El basqarıw menen birge a’debiy do’retiwshilik penen qattı shug’ıllandı, o’z bilimin tınbay asırıp bardı. Shayır ushın, a’sirese, 1886-1889-1895 jıllar na’tiyjeli, qızg’ın do’retiwshi da’wir boldı. Bul da’wirde qazaq urıwlarının’ o’z-ara ishki narazılıqları ha’wij alg’an edi. Abay o’z shıg’armalarında olardı doslıqqa, inaqlıqqa, biradarlıqqa u’ndeydi, ilim-ag’artıwshılıq alıwg’a shaqıradı. Bug’an shayırdın’ «Menin’ elim - qazag’ım», «Adasqannın’ aldı joq», «İlim tappay maqtanba», «Jaslıqta ilim dep oyladım», «Baylar ju’rer malın ardaqlap», «İnternata oqıydı» (1886) sıyaqlı shıg’armaları jarqın mısal boladı.

Abay sol da’wirlerde Semipalatinske su’rgin qılıng’an rus demokratları İ.İ. Dolgopolov, E.P. Mixaelis ha’mde V.G. Belinskiy, Chernishevskiy, Dobrolyubov, Saltikov-Shedrin, L.Tolstoy, A.S. Pushkin, M.Yu.Lermontov, İ.A.Krilov shıg’armaların oqıp puxta u’yrendi. Ayırımların qazaq tiline awdarmaladı. Olardın’ shıg’armaları arqalı rus, ja’ha’n a’debiyatı g’ayratkerleri shıg’armaları menen jaqınnan tanıstı, awdarmalar qıldı, nasriy shıg’armalar jazdı.

Abay do’retiwshiliginin’ a’hmiyetli ta’replerinen biri – jas shayırlardı ta’rbiyalaw boldı. Jaslarg’a qa’wenderlik qıldı. Olarg’a temalar berip, da’stanlar jazdırdı. Bul orında ulı Mag’aviyag’a (1869-1904) «Medg’at Qasım», «Aqılbayg’a» (1863-1904), «Yusuf qıssası» sıyaqlı da’stanlar jazıwg’a shaqırg’anlıg’ının’ o’zi jetkilikli.

Abaydan 300 ge jaqın qosıqlı shıg'armalar, «İskender», «Masud», «Azim hikayası», «Vadim» sıyaqlı shıg'armalar jetip kelgen. Onın' shıg'armalarınan xalıqtı ilim-ag'artıwshılıqqa, insaniylıqqa, hadallıqqa, sadıqlıqqa, muhabbatqa baslaw ideyaları tiykarg'ı orındı iyelegen. Bul orında shayırdın' «Ey muhabbat, ey doslıq», «Jigitler», «Oyın arzan, ku'lki qımbat», «Ko'zimnin' qarası», «Qız so'zi», «Jigit so'zi», «Ashıq so'zi – tilsiz so'z» sıyaqlı shıg'armaların ko'rsteip o'tiw kerek. Abaydın' Pushkinnin' «Evgeniy Onegin» shıg'arması tiykarında jazg'an «Tatyananın' qırdag'ı qosıg'ı» degen bir topar qosıqları qazaq a'debiyatının' en' jaqsı u'lgilerinen biri bolıp qaldı.

Abay qosıqshılıg'ında muhabbatsız, doslıqsız o'mir bolmaydı, degen ideya alg'a su'rilgen. Abay o'z da'wirindegi zalım baylardı, feodallardı mehir-mu'riwbetli bolıwg'a shaqıradı, jaqsılıq ha'm a'dalatlılıqtı tolıp-tasıp jırlaydı. Abayg'a shekem qazaq qosıqshılıg'ında eki tu'rli o'len' o'lshewleri bar edi. Ol da bolsa «Qara o'len'» penen «Jır» esaplanadı. Abay bolsa rus ha'm ja'ha'n qosıqshılıg'ın teren' u'yrenip, o'len'ler salmag'ın on jetige shekem jetkizedi. Bul barada shayırdın' «Segiz ayaq» qosıg'ı menen 16 tarmaqlı «Sen meni netesen'?» shıg'armasın eslew lazım.

Abaydın' kompozitorlıq iskerliginde «Segiz ayaq», «Ayttım sa'lem, qa'lemqas», «Men ko'rdim ba'lent qayın' qulashın», «Jelsiz tu'nde jarıq ay», «Neshara, qayttım sezdirmey» sıyaqlı shıg'armaları qazaq xalqı muzıka tariyxında ayrıqsha orındı iyeleydi.

Abay u'sh derekten azıq alıp, ma'na'wiy kamalatqa jetti. Bular – qazaq xalıq awızeki do'retpesi, Shıg'ıs qosıqshılıg'ı ha'm rus, Evropa a'debiyatı u'lgileri esaplanadı. Bul u'sh derek Abaydı ullı shayır etip jetistirdi, a'lemge tanıttı. Shıg'armaların ellerge usındı. Abaydın' nasriy shıg'armaları, qosıq, da'stanları o'zbek, tatar, qırg'ız, qaraqalpaq, tu'rk, mongol, chin, chex tillerine awdarma qılıng'an ha'm bul xalıqlardın' ma'na'wiy mu'lkine aylanıp qalg'an.

Shayır shıg'armaları birinshi ma'rte Sankt-Peterburgta «Qazaq shayırı İbrahim Qunanbay ulının' qosıqları» degen at penen baspadan shıg'arılg'an. Ag'artıwshı oyshıldın' nasriy shıg'armaları, awdarmaları qazaq xalqının' milliy-

ma'na'wiy mu'lki esaplanadı. Abay xalıqlardı doslıq ha'm biradarlıqqa, birdemlikke shaqıradı. Tınıshlıq ha'm azadalıqtı, mehir-mu'riwbetti ullıladı. Shayır arzıwları bizin' ku'nlerimizde a'melge astı.

Bul da'wirdin' ja'ne bir ullı oyshıllarınan biri Muxammed Raximxan II - Feruz (1844-1910) esaplanadı. Feruz XIX a'sirdin' ekinshi yarımı – XX a'sirdin' baslarındag'ı a'debiyatında o'zine mu'na'sip orıng'a iye bolg'an alımlardan biri. Ol shayır, muzıkant, ma'mleketlik isker ha'm hu'kimdar edi. Feruz, yag'nıy Muxammed Raxim 1844-jılda Xiywada, Said Muxammed shan'arag'ında tuwıldı. Ol baslang'ısh mag'lıwmatın jeke mug'allimnen aladı, biraz mu'ddet mediresede oqıydı, ma'mleket, huqıq ilimin bolsa og'an zamanının' ullı huqıqtanıwshı alımları u'yretedi.

Agahiy Muxammed Raximg'a ustazlıq qıldı, og'an qosıqshılıq sırların u'yretti, tariyxtan, awdarma iliminen sabaq berdi. Al-Xorezmiy, Beruniy, Maxmud Zamaxshariy, Najimaddin Kubra, Palwan Maxmud sıyaqlı ullı alımlar haqqında da'slep Agahiydan sabaq esitti. Keyin-ala bolsa olardın' do'retiwshilik miyrasların toplawg'a kirisip, Maxmud Palwan rubayılarınan bir kitap jazdı.

Muxammed Raxim 1863-jılda a'kesi Sayid Muxammedxan qaytıs bolg'annan son' onın' ornına Xiywa xanlıg'ı taxtına otıradı. Bul waqıyag'a bag'ıshlap shuaro ha'm fuzalolar tariyx ha'm qasidalar jazdı, masnawiyler jarattı. Agahiy ta'repinen jazılg'an tariyx ha'm jazılg'an qasida ayrıqsha a'hmiyetke iye.

Agahiydin' Feruzg'a bag'ıshlag'an qasidasında, og'an atanın' o'z ulına, ustazının' sha'kirtine Bergen na'siyatları, tilek ha'm niyetleri, a'dalatlılıq ha'm xalıqparwarlıq niyetleri sa'wlelengen. Agahiydin' usı qasidası iri na'siyat haqqındag'ı shıg'arma bolıp, ma'mleketti basqarıwda Feruz iskerliginde og'an berilgen jol-jorıq ta edi. Feruz bul waqıtta endi g'ana on tog'ız ba'ha'rdi ko'rgen jigit bolıp, on jılday g'a'rezsiz tu'rde xanlıq qıldı. Biraq Rossiya imperiyasının' Xiywa xanlıg'ın basıp alıwı na'tiyjesinde, qalg'an da'wirde onın' vassalı sıpatında ma'mleketti basqaradı.

Muxammed Raxim jaslıg'ınan a'debiyatqa ha'wes qoydı. Alisher Nawayı, Munis, Agahiy, Kamil sıyaqlı shayırlardın' shıg'armaların qunt penen u'yrenip,

olarg'a erip qosıqlar jazdı, jazg'an qosıqlarına «Feruz» (jen'impaz, baxıtlı, saadatlı) dep laqap qoydı. A'sirese, o'zine shekem o'tken Shıg'ıs a'debiyatı wa'killerin ustız dep bildi.

Agahiy menen Feruz ortasında sha'kirt ha'm ustızlıq mu'na'sibetleri bekkem edi. Ha'tte Agahiy o'z sha'kirti Feruzg'a ata-baladay mu'na'sibette boladı, bul a'lbette, Feruz iskerligine ta'sir etpey qalmadı.Feruz benen bir da'wirde jasap do'retiwshilik qılg'an alım, shayırlar, onın' puxaraparwar, a'dalatlı ha'm rehimli shaxlardan biri sıpatında so'z etiledi.

Feruz sarayına shayır, tariyxshı, alım, awdarmashı xat jazıwshılar, ta'wip, sazende ha'm sog'an uqsas zamanının' ma'deniyat iskerlerin topladı. Pa'n-ma'deniyat rawajına u'lken a'hmiyet berdi. Ol o'zinin' a'tirapına shayır sazendelerdi toplap, ha'r ha'ptede g'a'zzelxanlıq, qosıqshılıq keshelerin sho'lkemlestirgen. Bul haqqında Bayaniy mınaday dep jazg'an: «Xan ha'ziretleri ha'ptesine eki ku'n: juma ha'm du'ysenbi aqshamlarında ulama menen sa'wbet qurıp, kitapxanlıq eter edi». Feruzdın' o'zi de qosıq jazg'an, qosıq aytqan ha'm muzıka jazg'an. Bunı onın' O'zRPA Abu Rayxan Beruniy atındag'ı Shıg'ıstanıwshılıq institutı, Moskva, Sank-Peterburg qalaları ha'mde Britaniya, Frantsiya, Turkiya sıyaqlı ma'mleketlerdin' kitapxanalarında saqlanıp atırg'an «G'azaliyeti Feruz», «Baëzi Feruz», «Devoni Feruz» shıg'armaları da tastıyqlaydı.

Feruz qosıqshılıg'ı qoljazba diywan ha'm tasbaspa bayazlarda bizge shekem tolıq jetip kelgen dewimiz mu'mkin. Beruniy atlı Shıg'ıstanıwshılıq institutında shayırdın' ong'a jaqın g'a'zzel toplamları bar. Bunnan tısqarı onın' qosıqları sol waqıtta Xorezmde du'zilgen tu'rli bayaz, toplamlardan da orın alg'an.

Feruz do'retiwshiligine na'zer taslar ekenbiz, onda shayır g'a'zzeliyatının' ju'da' ko'p bo'limi ıshqı-muhabbat temasına bag'ıshlang'anlıg'ının' gu'wası bolamız.

İshq ellin shohiman, vale oshiqning qatorida,
Ushbu xazinaning ul pari kwziga ilmadi netay.

Shayır insannın’ insang’a bolgan muhabbatın ullıladı ha’m og’an ha’r bir insannın’ en’ ullı pazıyletlerinen dep qaradı. İnsan ha’m o’mirin, muhabbat ha’m sadıqlıqtı o’z do’retiwshiliginin’ tiykarı qılıp alg’an. Feruz muhabbattı sadıqlıqsız, mehirdi aqıbetsiz ko’z aldına keltire almaydı. Bular shayır lirikasının’ jetekshi ideyalıq tiykarın quraydı. Onın’ ko’pshilik g’a’zzelleri o’z zamanında sazendeleri ha’m guyandalar ta’repinen muzıkag’a salınıp jırlanıp kelindi. Olar bu’gingi ku’nde de muzıkatanıwshılarımızdın’ dıqqatın o’zine tartpaqta.

Feruz do’retiwshi xalıqqa g’amxorlıq qıldı, olarg’a aylıq to’ledi, kitapların basıp shıg’arıw ushın qolınan kelgen barlıq islerdi a’melge asırdı. Shayırlardın’ shıg’armalarınan ibarat ha’r tu’rli toplamlar, baёzlar du’zdirdi. «Haft shuaro», «Baёzi g’azaliёt», «Baёzi muxammasat», «Baёzi musadassat» sıyaqlı toplamlar usılar qatarına kiredi. Feruzdın’ baslaması menen talantlı shayır Axmedjan Tabibiy «Majmuat ush-shuaroyi Feruzshohiy», «Muxammasat ush-shuaroiy Feruzshohiy» toplamların du’zdi. Bul toplamlar Feruz hu’kimranlıg’ı da’wirinde jaratılg’an bolıp, sol da’wir a’debiy ha’reketin u’yreniwde qımbatlı derek bolıp xızmet qıladı.

Feruz xanlıq qılg’an da’wirde, Xiywa ma’mleketinin’ biraz oraylasıwı na’tiyjesinde ilim-pa’n, ma’deniyat ha’m a’debiyat rawajlandı. Feruzdın’ baslaması menen Alisher Nawayının’ «Chor devon», «Xamsa» sıyaqlı shıg’armaları birinshi ret baspadan shıg’arıldı. Munis, Agahiy, Kamil, Bayaniy, Mırza, Avaz Otar, Devoniy, Niyaziy, Chokar sıyaqlı shayırlardın’ shıg’armaları ko’plep nusqada basılıp shıqtı. Xorezm shayırlarının’ shıg’armalarınan quralg’an bayaz, toplam ha’m basqa xalıqlar a’debiyatınan qılıng’an awdarma shıg’armalar da usı baspaxanada basılıp shıg’arıldı. Feruz awdarmalanıwı kerek bolg’an shıg’armalardın’ dizimin du’zdirip, tu’rli dilmashlardı bul iske shaqırg’an. Na’tiyjede sol da’wirde «Xorezm tarjima» mektebi payda boldı. Bul da’wir dilmashları ta’repinen o’zbek tiline awdarılg’an bir qatar tariyxıy, a’debiy, ilimiy-filosofiyalıq shıg’armalar ma’deniyatımızdın’ ta’kirarlanbas du’rdanaları bolıp qaldı.

Feruz dilmashlıq, xat jazıwshılıq, kitabat isleri, toplam, majmua ha’m bayazlar jaratıw boyınsha da bir qansha islerdi a’melge asırdı. Tariyx, meditsina,

ko’rkem a’debiyat ha’m muzıkag’a tiyisli ko’plep qoljazba derekler qayta tiklendi ha’mde jan’adan-jan’a shıg’armalar payda boldı.

Bul u’lken miyrastı xalıqqa jetkiziw ha’m onı kitabat qılıwda Xorezm kalligraflarının’ xızmetleri ju’da’ u’lken. Olar o’zlerine ta’n usılda a’piwayı ha’m anıq qılıp, nasx, suls, rayxanıy sıyaqlı arab xatı formasınan paydalanıp ju’zlep qoljazba shıg’armalarına sayqal berildi. Xorezmde bul da’wirde ko’shirilgen qoljazbalardın’ ko’pshilik bo’limi a’debiyatqa tiyisli bolıp, olar o’tmish ha’m zamanlas shayırlardın’ diywan, bayazları ha’mde ha’r tu’rli toplamlardan ibarat edi. Bulardın’ barlıg’a Feruz pa’rmanı tiykarında a’melge asırıldı. Muxammed Raxim soniy – Feruz xanlıq qılg’an da’wirde usı ta’rizde arxitektura, muzıka, xat jazıwshılıq, nag’ıs oymashılıq o’neri sıyaqlı bir qatar ko’rkem-o’ner tu’rleri rawajlandı. Bul da’wirde fotografiya ha’m kino o’neri payda boldı. Turmısqa garmon, grammafon, elektr sıyaqlı jan’alıqlar kirip keldi.

Feruz muzıkant sıpatında shayır ha’m kompozitor Palwan Niyaz Mırzabası Kamildi Xorezm shashmaqamın tanburg’a sa’ykeslep nota jazıwg’a u’ndedi. Kamil «Xorezm tanbur notası» dep ju’ritiletug’ın «Tanbur sızıg’ı»n jarattı. Kamilden keyin bolsa bul isti onın’ ulı Mırza Feruz talabı tiykarında Xorezm shashmaqamın jeti maqamda tanburg’a sa’ykeslep nota jazdı. Feruzdın’ o’zi de bir neshe qosıqlarg’a muzıka jazg’an. Shayır Kamildin’ u’giti menen pu’tkil shashmaqam muzıkaların jaqsı u’yrengen, «Navo», «Segoh» ha’m «Dugoh» maqamlarına baylanıstırıp muzıkalar jaratqan edi. Bul muzıkalar Xorezm muzıkaları arasında en’ belgilisi.

Muxammed Raxim soniy da’wirinde xanlıqta ju’da’ ko’p qurılıslar a’melge asırıldı, medirese, meshit, bag’lar qurıldı.

Ol 1871-jılda Eski Ark qarsısında o’zinin’ atına medirese qurdırdı. Bul medirese XIX a’sir arxietkturasındag’ı en’ ta’kirarlanbas esteliklerinen biri bolıp, eki qabatlı qılıp qurılg’an. Onda mola balalarının’ oqıwı ushın jazg’ı ha’m qısqı meshit, sabaq o’tetug’ın xana ha’m kitapxanalar ha’mde olardın’ jasawı ushın 76 xana bar edi. Feruzdın’ tikkeley basshılıg’ı ha’m sho’lkemlestiriwi menen jigirmadan artıq medirese, meshit, minara, xanakahlar qurıldı.

Feruz jerlerdi suw menen ta’miynlew, bag’lar qurıw isine de ayrıqsha a’hmiyet berdi. Onın’ buyrıg’ına muwapıq Qon’ırat rayonı sarhadida u’lken salma qurıldı. Xalıq usı salmanın’ qurılısına Muxammed Raxim saniy basshılıq qılg’anlıg’ı ushın salmanı onın’ atı menen Xan salması dep atadı. Kelte minar, A’mirabat, Sarıbiy sıyaqlı salmalardın’ qazılıwı ha’m qayta tikleniwi de Feruz atı menen baylanıslı. Feruz Angarik, Tazabag’, Bag’ı shamal ha’m basqa kanal ha’mde bag’lardın’ qurılısına basshılıq qıldı.

Sonın’ menen birge 47 jıl 8 ay, 20 ku’n Xorezmde hu’kimranlıq qılg’anlıg’ının’ o’zi de onın’ a’dalatparwar hu’kimdar, xalıqparwar shayır, ullı ag’artıwshı shaxs bolg’anlıg’ınan derek beredi.

Ma’mleketlik isker, qa’biletli shayır, zeyinli muzıkant ha’m sazende, ilim-pa’n qa’wenderi bolg’an Muxammed Raxim saniy – Feruz o’mirinin’ aqırında shep ta’repi pu’tkilley shal bolıp, paralich keselligine ushıraydı.

Bayaniy Muxammed Raxim saniy namazında qatnasadı ha’m o’z ko’zi menen ko’rgenlerin, Feruzdın’ tabıtı o’zi qurdırg’an mediresege qoyılıp, sol jerde namaz oqılg’anlıg’ın, İspandiyar basshılıq qılg’an barshe ulamalar, danıshpan ha’m arkanı ma’mlekettin’ tayar bolg’anlıg’ın aytıp beredi.

Ulıwma, Feruz xalqımız tilinde, dilinde o’zinin’ qılg’an jaqsı isleri, jazg’an qosıqları ha’m jazg’an muzıkaları, qurdırg’an imaratları menen ma’n’gi qaldı.

Bul da’wirde o’z g’ayratın ko’rsetken ullı oyshıllarımızdın’ ja’ne biri Sattarxan Abdulg’affarov (1843-1901) esaplanadı. Sattarxan Abdulg’afforov Oraylıq Aziyada ja’miyetlik sananın’ rawajlandırıw tariyxında ayrıqsha orındı iyeleydi. Sattarxan 1843-jılı Shımkent qalasında, iri oqıtıwshı shan’arag’ında tuwılg’an. 1862-jılı Tashkente «Shu’kirxan» mediresesin pitirip, 1864-jılg’a shekem Shımkent qalasında muptılıq, 1873-jılı Shımkentte ashılg’an birinshi rus-tuzem mektebinde oqıtıwshı bolıp isleydi. Mine usı waqıttan baslap o’mirinin’ aqırına shekem Sattarxan ilim-pa’n, du’nyalıq bilimnin’ talmas na’siyatshısı bolıp qaldı.

Sattarxan Shımkentte eki jıl oqıtıwshılıq qılg’annan son’, 1876-jılı aprel ayında Qoqand qalasına qazı qlıp tayınlandı. Sol jılı iyul ayında Sattarxan

Jwrabek, Shermuxammed ha’m Abdulla Niyazovlar menen birge Sankt-Peterburgta Shıg’ıstanıwshılar Xalqara sezdinde qatnasıp, alımlar ha’m xalıqlar ortasında doslıq ha’m sheriklik haqqında ayıp o’tti.

Sankt-Peterburgtan qaytqannan son’, Sattarxan qazılıq wazıypasın dawam ettirdi ha’m o’z lawazımınan ag’artıwshılıq ideyaların ju’zege shıg’arıw jolında paydalandı, du’nyalıq bilimlerin tınbay u’gitledi. Sattarxan 1879-jılda Qoqand qalalıq bilim jurtının’ ataqlı baqlawshısı etip tastıyqlandı. Bul lawazımda da Sattarxan o’z wazıypasın jaqsı orınladı. «Men, - dep jazg’an edi Sattarxan, - ha’r waqıtta musılmanlardı o’z paydamız ushın rus tilin u’yreniwi za’ru’r ekenligin bayan qılar edim»[1] .

Sattarxan 1881-jılda Tashkentke qaytıp keldi. 1883-jılda «Tu’rkistan walayatının’ gazeti»ne dilmash bolıp jumısqa ornalastı ha’m sol da’wirde Evropa ma’deniyatı ha’m du’nyalıq bilimlerin u’git-na’siyatlawshı bir neshe maqalalar jazdı. Sattarxan 1884-jıldan 1889-jılg’a shekem Tasheknt oqıtıwshılar seminariyasında o’zbek ha’m parsı tillerinen sabaq berdi ha’m o’zinin’ ag’artıwshılıq iskerligin tınbay dawam ettirdi. 1889-jılı dekabr ayında bolıp o’tken Tu’rkistan u’lkesi qalalarının’ oqıtıwshıları sezdi isinde aktiv qatnasıp, jergilikli jaslardı jan’a mekteplerge tartıw, bul joldag’ı barlıq tosıqlardı joq etiw sharaları haqqında ayıtp o’tti. Ol patshashılıq administratorlardın’ ayırım ta’dbirlerin qa’te dep bilip, olardı kritikaladı.

1889-jılda Sattarxan Sırda’rya walayat Salıq komissiyasında dilmashlıq qıldı. Bul komissiya 1893-jılda tamamlatılg’annan son’, Sattarxan Shımkent qalasına qaytıp, ol jerde 1899-jılg’a shekem qazılıq lawazımında issledi. 1899-jılda Tashkentke qaytıp kelip, o’zinin’ o’limine shekem (1901) usı jerde jasadı.

Sattarxannın’ o’mir jolı quramalı jol edi. Bul jolda ol ayırım ma’selelerde ekilendi de, biraq ilim-pa’ndi, Shıg’ıs ma’deniyatı jetiskeliklerin, Evropa ma’deniyatın u’git-na’siyatlawda, ma’mleketti qalalklıqtan shıg’arıw za’ru’rligin uqtırıwda hesh waqıt ekilenbedi ha’m o’mirinin’ aqırına shekem bul pikirge sadıq bolıp qaldı. Sattarxan o’zinin’ ag’artıwshılıq iskerligin Furqat, Muqimiy, Zavqiylar

[1] «Туркистон вилоятининг газети», 1890 йил, 32-сон.

menen birgelikte alıp bardı. Ag'artıwshının' ja'miyetlik qarasları onın' «Musulman iyshanları», «Rossiya basqınshılıg'ına shekem Qoqand xanlıg'ının' ishki awhalı haqqında qısqasha ocherk» atlı traktatlarında, ko'p g'ana maqala ha'm bayanatlarında o'z ko'rinisin tapqan.

Sattarxan ja'miyettin' rawajlanıwın ilim-pa'nde, xalıqqa ag'artıwshılıq tarqatıwda dep biledi. Onın' pikirinshe, aqılg'a muwapıq ha'r qanday ja'miyettin' parawan jasawı ushın bilim bolıwı za'ru'r. İnsan ne? Ol ne ushın jaratılg'an ha'm qay jerge baradı? Onın' baxtı nede? «Bul sorawlar gilti, - deydi Sattarxan, - bilimdedur».

Sattarxan ilim-pa'nnin' adamlıq ja'miyeti rawajlanıwın ta'miynlewshi tiykarg'ı qurallardan biri ekenligin  ayıtp o'tiw menen birge, onı tu'rli millet ha'm dinge tiyisli bolg'an xalıqlardı bir-birine jaqınlastırıwshı ku'sh dep qaraydı. Mine usı pikirge qatan' a'mel qılg'an halda Sattarxan o'z xalqının' basqa xalıqlar, sol tiykardan, Evropa xalıqları menen jaqınnan baylanısqa kirisiwi za'ru'rligin uqtıradı. «Sol sebepli biz ulıwmainsaniy turmıs ha'm ilimiy rawajlanıw qatnasıwshıları bolıwımız mu'mkin», deydi, ol.

Sattarxan o'z watanlasların ag'artıwshılıqqa, basqa tillerdi, rus tilin u'yreniwge shaqıradı. Ol o' pikirleri ta'sirin ku'sheytiw ha'm da'lillew ushın islam dini, shariat nızam-qag'ıydalarınan, o'zinin' ken' bilimlerinen sheberlik penen paydalandı.

Sattarxan jergilikli balalardı musılman mektepleri menen bir qatarda rus-tuzem mekteplerine tartıw za'ru'rligi ha'm bul jolda a'meliy sharalar ko'riw kerekligin uqtıradı. «En' da'slep, - deydi Sattarxan, - bul mekteplerge qarata adamlarda isenim payda etiw za'ru'r. Bul jolda tosıq bolıp turg'an sebeplerden biri sol, yag'nıy bul mekteplerde musılmanlar ma'pi qorg'alatug'ın ha'm o'z qatnası menen musılman jasların ta'rbiya qılıwda olardı zorlıq penen ruslastırıwg'a qaratılg'an maqset joqlıg'ına kepil bolatug'ın, olardı diniy isenimlerine zıyan jetkizbewin moynına alatug'ın adamlardın' joqlıg'ı esaplanadı. Sonın' ushın rus mekteplerine musılman mug'allimi kiritilip, og'an jergilikli xalıqtın' balaların jergilikli tilge u'yretiw ha'm musılman dininen baslang'ısh ta'lim beriw wazıypası

ju’kletilse, jergilikli xalıqtın’ rus mekteplerine qarata isenimsizligi joq etilgen bolar edi». Ko’rinip turg’anınday, Sattarxan patsha administratorlarının’ «ruslastırıw» siyasatın sezgen ha’m bul siyasatqa qarsı narazılıq bildirgen.

Sattarxan xalıq ta’g’dirine ashındı, onı ja’hillik ha’m qarang’ılıq du’nyasınan shıg’arıw haqqında qayg’ırdı, ja’miyettegi a’dalatsızlıqlarg’a na’let penen qaradı ha’m o’zbek xalqının’ rawajlanıw, g’a’rezsizlik ushın alıp barg’an gu’resine o’z u’lesin qostı.

Biz bul da’wirdegi ullı oyshıllarımızdın’ ja’ne biri haqqında so’z etpkshimiz. Muxammed Aminxoja – Muqimiy lirik shayır ha’m ku’shli yumorist sıpatında XIX a’sirdin’ son’g’ı sheregi ha’m XX a’sirdin’ baslarındag’ı o’zbek milliy a’debiyatının’ en’ iri g’ayratkerleri qatarında dan’q tarattı. Oraylıq Aziya, sol tiykardan, O’zbekstan patsha Rossiyasının’ koloniyasına aylandırılg’an sharayatta qa’lem tebiretken Muxammed Aminxoja do’retiwshiligi shın ma’niste xalıqshıl esaplanadı. Ol ezilgen miynetkesh xalıq, biyshara o’nermentler ha’m wayran awıl diyxanlarının’ jırshısı bolıp maydang’a shıqtı. Koloniyallıq du’zimdegi a’dalatsızlıq ha’m zorlıqtı, a’meldegi nızam-qag’ıydalardıxalıqshıl usılda ayawsız qaralag’an shayır u’lkemiz keleshegine isenim menen qaradı. Onın’ shıg’armalarında insaniy ıshqı-muhabbat ullılandı, iyman-isenim, hadallıq, saqıylıq, elparwarlıq, doslıq, anna ta’biyat go’zzallıqlarınan zawqlanıw isenerli ko’rinislerde ju’da’ ta’sirshen’ su’wretlenedi.

Muxammed Aminxoja Qoqandtın’ Begvachcha ma’ha’llesinde 1850-jılda Mırzaxoja Mırzapazıl ulı shan’arag’ında tuwılg’an. Nanbayshılıq penen shan’araq tebiretiwshi Mırzaxoja perzentlerinin’ xat-sawat shıg’arıwına u’lken itibar Bergen bolsa, qosıq jazıwshılıqqa qızıg’ıw ha’m qabiletinin’ qa’liplesiwinde anası Ayshabiybinin’ ornı ten’sizdir. Tuwma talant iyesi bolg’an bul hayal ju’da’ ko’plep ertek-qosıqlardı yadtan bilgen, ta’sirshen’ ha’m isenimli etip so’ylep beriwqa’bileti menen tın’lawshılardı o’zine tartqan. Anadag’ı bul pazıylet so’zsiz balası Muxammed Aminxojag’a da unamlı ta’sir ko’rsetken.

Ma'ha'lle mektebi ha'm «Ha'kim ayım» mediresesinde ta'lim alg'annan son', Muqimiy 1872-73-jıllarda Buxarag'a barıp, «Mehtar ayım» mediresesinde oqıwın dawam ettiredi. 1876-jılda onı pitkerip Qoqandqa qaytadı, shan'araq quradı.

Xatmi medirese qılg'annan son' Muqimiy da'slep Qoqand jer o'lshew mekemesinde mırzalıq qılar eken, o'z wazıypasına bola, Qoqand ha'm onın' a'tirapındag'ı awıllarg'a tez-tez shıg'ıp, diyxanlardın' turmıs sharayatı, awıllardın' ayanıshlı awhalı menen jaqınnan tanısıw imkaniyatına iye boldı. Biraq mekemede uzaq islew almadı. Bul mu'ddettin' o'zi de shayır o'miri ha'm du'nyaqarasında sezilerli iz qaldırdı. U'stemlik qılıp atırg'an koloniyallıq du'zimge, a'meldegi ta'rtip-qag'ıydalarg'a keskin unmasız mu'na'sibet ha'm kritikalıq bahanın' qa'liplesiwine u'lken ta'sir boldı.

«Dar mardumi Oqjar batariqi muxammas» shıg'armasınan belgili bolg'anınday, Muqimiy 1870-jıldın' aqırlarında Qoqandtın' arqa-batısındag'ı Sırda'rya jag'asında jaylasqan Aqjar praomida pattachi bolıp islegen. Bul jan'a wazıypa da shayırg'amiynetkesh xalıq wa'killeri, awıl diyxanlarının' turmıs ta'rizleri menen tikkeley tanısıw imkanın berdi.

Qattıqol, hiyleker parom xojayınları menen kelise almag'an Muqimiy 80-jıllar basında Qoqandqa qaytadı. Shan'araq jag'dayında da ra'ha't tappag'an shayır, ha'wlini taslap, sol Begvachcha ma'ha'llesindegi Ha'ziret mediresesi o'jiresine ko'ship shıg'adı ha'm o'imrinin' aqırına shekem mu'ta'jlikte, o'zinin' so'zi menen aytqanda, sol «hujrai tang tarlıqta bekaslik ha'm g'a'riyplik shırag'ın jag'ıp» o'mir o'tkizedi.

Sol waqıttan baslap Muqimiy pu'tkil waqtın do'retiwshilik jumıslar, shaxsiy sawat ashıwg'a bag'ıshladı, xusnixat ha'm ka'tiplik penen shug'ıllandı.Zakirjan Furqat gu'walıg'ına qarag'anda, bul jıllarda Qoqandta u'zliksiz tu'rde ha'reket qılg'an a'debiy jıyın islerine Muqimiy iri do'retiwshiler Muhiy, Zavqiy, Nisbatiyler qatarında aktiv  qatnsadı, da'wir a'debiy ha'reketine jetekshilik qıladı. U'zliksiz materiallıq jetispewshilik, jasaw sharayatının' ju'da' awırlıg'ı shayırdın' den-sawlıg'ına zıyan jetkizedi, ol awır da'rtlerge shalınadı. Shayır miyrasında

da'wirden, mashaqatlı turmıstan, awır ta'g'dirden nalıs, munis da'rtlestin' joqlıg'ınan nalıs jırları ken' orın tuta baslaydı.

Shayırdın' aldag'ı du'nyaqarası, parawan turmıs ha'm azat ja'miyet, insap ha'm adalat, nawqıran insan ha'm insaniylıq, iyman-isenim ha'm erk haqqındag'ı arzıw-umtılıwları menen koloniyalıq sharayatı, hu'kimran adalatsız du'zim, zorlıq hu'kimran bolg'an zaman ortasındag'ı u'lken qarama-qarsılıq, bir so'z benen aytqanda, joqarı ideal menen barlıq ortasındag'ı ten'sizlik Muqimiy do'retiwshiliginde waqıyalıqqa salıstırg'anda keskin kritikalıq mu'na'sibetinin' u'zil-kesil qa'liplesiwine alıp keldi.

XIX a'sirdin' 90-jıllarına kelip shayır da'wir a'debiyatındag'ı ku'shli kritikalıq-satirik bag'adırının' jetekshisine aylandı. Turmıstı, barlıqtı haqqanıy su'wretlewdi do'retiwshiliginde tiykarg'ı miyzan dep qabıl qılg'an shayır, sol zamanda, qa'lem xalqın xalıqshıl temalardı tabıwg'a, massa diline ha'm umtılıwına sa'ykes – «xalq tolib» shıg'armalar jaratıwg'a shaqıradı. Bul miyzan ha'm shaqırıwlar to'mendegi qatarlarda o'z sa'wleleniwin tapqan:

…Gar qilich boshimga ham kelsa degayman rostin!
…Sheringizga xalq tolib wlsalar swngra wqung!

Muqimiy 1887-88-jıllarda birinshi, 1892-jıl baslarında bolsa ekinshi ma'rtebe ata qalası Tashkentke sapar shegip, bul jerdegi do'retiwshi xalıq penen do'retiwshilik ushırasıw – sawbetler qurdı, qalanın' sotsiallıq ha'm ma'deniy turmısında ju'z Bergen o'zgerisler menen tanıstı. Ekinshi saparı waqtında «Tu'rkistan walayatının' gazeti» redaktorı N.P.Ostroumov penen ushırasqan. Usı gazeta betlerinde 1891-jıl oktyabr ayında shayırdın' bir neshe qosıqları belgili hapız Makaylik tilinen jazıp alınıp ja'riyalang'an edi (Keyin-ala, 1903 ha'm 1907-jıllarda da gazeta Muqimiydın' bir qatar ıshqıy ha'm yumorlıq ruwxtag'ı shıg'armaların ja'riyalag'an). Shayırdın' Fergana oypatlıg'ı qalalarına, Qoqand a'tirapındag'ı awıllarg'a da bir neshe reet sayaxatlar uyımlastırg'anı onın' bir qatar shıg'armalarında o'z izin qaldırg'an.

XIX a’sirdin’ aqırı ha’m XX a’sirdin’ baslarına kelip shayırdın’ salamatlıg’ı jamanlasıp bardı. Jiyenine jollag’an xatlarında, bes-altı aylap biytap jatqanlıg’ın bildirip, «neshe mu’ddetler bwladurkim, nazm ayturg’a tabiat lohasi erdim», dep jazadı. Solay bolsa-da, Muqimiy o’mirinin’ aqırına shekem qa’lemin qoymag’an.

«Tu’rkistan walayatının’ gazeti» betlerinde 1903-jıldın’ yanvar ha’m aprelinde basılg’an «Qoqandlıq bir baydın’ abıroyına Muqimiy shayırdın’ aytqan qosıg’ı esaplanadı» (15-yanvar) ha’m qorqınıshlı Andijan jer silkiniwi mu’na’sibeti menen jazılg’an qosıq-tariyxı (22-aprel) shayırdın’ do’rteiwshilik temasındag’ı son’g’ı iri shıg’armaları qatarına kiredi.

Ey tabib, aylanma, dardim bedavolardin biri,
Rangi zardim, kwru kwrma, qahrabolardin biri –

qatarları menen baslanıwshı muxammesinde bolsa shayır o’mirinin’ son’g’ı demlerindegi ruwxıy keypiyatı ta’sirshen’ sa’wleleniwin tapqan. Keltirilgen qatarlarda shayırdın’ Sarı awırıw keselligine ushırag’an bolg’anlıg’ına belgi beredi. Tap usı da’rti 1903-jıl 25-mayda onı bul a’lemnen alıp ketedi.

Muqimiy qaldırg’an a’debiy miyrastın’ u’lken bir bo’limin shıraylı g’a’zeller, shoq murabbalar, kewilge jaqın muxammesler quraydı. Shayır lirikasının’ ha’m ideyalıq, ha’m a’debiy kamalatqa erisiwinde xalıq awızeki do’retpesi menen bir qatarda ko’p a’sirlik qosıqshılıg’ımızdın’, tiykarınan, Lutfiy, Nawayı, Babur, Mashrab, Amiriy sıyaqlı shayırlardın’ do’retpesi na’tiyjeli ta’sir qıldı. Muqimiy o’z lirikasında shın su’ygeni, sadıqlıq ha’m oapdarlıg’ın, insandı ko’rkemletsiriwshi, onı ma’na’wiy go’zzal etiwshi pazıyletlerdi ullılaydı, biyopalıq, insan abıroyına daq tu’siriwshi qa’siyetlerdi qaraladı.

Muqimiy g’a’zzel, murraba ha’m muxammeslerdin’ jetekshi obrazı – lirik qahraman, en’ da’slep, wazıypa, opa ha’m sadıqlıq haqqındag’ı aldag’ı tu’siniklerge iye bolg’an shın kewilli, ma’na’wiy nawqıran ha’m ruwxıy jaqtan bay shaxs sıpatında gewdelenedi. Ol shayırg’a zamanlas, anıq tariyxıy shaxs, koloniyallıq zulımı ha’m zorlıq hu’kimranlıq qılgan da’wir perzenti, miynetkesh

xalıq wa’kili, onın’ ya mal du’nyası, ya a’meli joq. Ol qarsılas hiylekerler ku’sh ko’rsetiwlerin, pa’lek ja’birin, sharx zorlıg’ın o’zinde barqulla sezip, ruwxan azaplanadı.

Muqimiy lirikasındag’ı qarsılıq, narazılıq, o’mirdent beziw ha’m ta’rkidu’nyalıqqa shaqırıw emes, al, ma’nis-itibarı menen o’mirdi su’yiwshilikten, parawan turmıs ha’m baxıtlı zaman haqqındag’ı arzıw-u’mitlerinen kelip shıqqan. Tap sonın’ ushın da shayır o’mir la’zzetlerinen, doslardın’ sa’wbetlerinenzawıqlanıwg’a shaqıradı, anna ta’biyat go’zzallıqlarınan, ba’ha’rden zawıqlanıwg’a u’ndeydi. Bul pazıylet shayırdın’:

Ey jaqsılar, keleyik, bir jerge jıynalayıq!
Oynayıq, jırlayıq, Aman bolayıq!

ha’m

Na’wba’ha’r ashıldı, sabza boldı bag’lar,
So’yleseyik kelin’ler, joralar, joldaslar!

baytları menen baslanatug’ın belgili g’a’zzellerinde tolıq su’wretlengen.

Xalıqshıl shayır sol koloniyallıq du’zim u’stinen: «Du’nya qurılg’an dar eken!» - dep keskin hu’kim shıg’ardı. Sonın’ menen birge avtordın’ watanparwarlıq sezimleri, ana jurtına sadıqlıq ha’m iftixar sezimleri anıq sezilip turadı.

## I BAP. § 3. Ja’miyetlik-siyasiy oy-pikirlerde siyasiy ha’m ma’deniy turmıstın’ sa’wleleniwi.

XIX a’sirdin’ ekinshi yarımı ha’m XX a’sirdin’ baslarındag’ı o’zbek xalıqshıla’debiyatının’ iri g’ayratkeri, ag’artıwshı, lirik shayır, publitsist Zakirjan Furqat (1859-1909) Qoqand qalasında, Mola Xalmuxammed shan’arag’ında du’nyag’a kelgen. Bolajaq shayrdın’ a’kesi zamanının’ aldag’ı pikirli wa’killerinen

biri sıpatında tu’rli bilimlerden jaqsı g’ana xabardar bolg’an. Mola Xalmuxammed tiykarınan ko’rkem a’debiyat ıqlasbenti bolıp, o’zi de qosıqshılıq qa’bilet iyesi edi. Zakirjan ma’ha’llesindegi mektepte oqıydı, sol zamanda a’kesinin’ ja’rdeminde g’a’rezsiz dodalaw arqalı o’zbek ha’m parsı a’debiyatının’ ullı g’ayratkerlerinin’ miyrasın, a’sirese, Alisher Nawayı do’retiwshiligin teren’ u’yrenedi, parsı tilin jaqsı o’zlestiredi. Jas Zakirjan Nawayı shıg’armaların sol da’rejede berilip izleydi, o’zinin’ gu’walıg’ına bola, ullı shayır ha’tte onın’ tu’sine de kiredi ha’m sa’wbet tiykarinda qosıqshılıqtan imtixan qılıp, do’retiwshilik isi ushın «aq pa’tiya» beredi. Sol ta’rizde ol Nawayı pa’tiyasınan ruwxlanıp balalıq jıllarınan-aq qolına qa’lem aladı ha’m o’mirinin’ aqırına shekem do’retiwshilik penen shug’ıllanadı. Zakirjan o’zi jazg’an o’mirbayanında jazıp o’tkenindey, tog’ız jasınan-aq qag’az betlerineto’mendegi qatarlardı jazıp, mug’allimnin’ alg’ıslarına iye bolg’an:

Mening maktab aro buldur murodim,
Xatimdek chiqsa imloyu savodim.

Sawatlı ka’tipler ha’m oqıtıwshılardan xat jazıwshılıq o’neri ha’m arab tilinen sabaqlar alg’an Zakirjan 1873-jılda mediresege kiredi. 1875-76-jıllarda Qoqand xanlıg’ında ju’z Bergen qanlı, siyasiy waqıyalar mu’na’sibeti menen medirese jabılg’annan son’, jan’a g’a’rezsiz sawat ashıw ha’m do’retiwshilik penen shug’ıllanadı. Jan’a Marg’ılanda sawda islerin jolg’a qoyg’an dayısının’ qıstawına bola, ol jerge barıp ja’rdemlesedi, keyin-ala o’zi de «shay ha’m digar zatlar sawdasına du’kan» ashadı, samavarshılıq, mırzalıq qıladı. Bunday ja’miyetlik iskerlik a’piwayı xalıq wa’killeri o’miri ha’m arzıw-umtılısları menen tikkeley tanısıw, koloniyallıq du’zim illetlerine teren’irek seziw imkaniyatına beredi.

Zakirjan Jan’a Marg’ılanda do’retiwshi sıpatında tolıq qa’liplesedi, o’z g’a’zzellerine «Furqat» - «ayrılıq» laqabın qoyıp, abıroy arttıra baslaydı. Koloniyashı patsha administratsiyası jaylasqan bul jerde ol en’ birinshi reet evropasha turmıs ta’rizi, zamanago’y pa’n-texnika jan’alıqları menen tanısadı.

Sekseninshi jıllardın' baslarında Qoqandqa qaytıp, shan'araq quradı ha'm tiykarınan do'retiwshtltk isleri menen shug'ıllanadı. Muqimiy ha'm Muhiy jetekshi bolg'an Zavqiy, Nadim, Nisbat, Muhayyir sıyaqlı do'retiwshiler menen tikkeley qatnasqa kirisedi, olar u'zliksiz tu'rde sho'lkemlestiriletug'ın a'debiy majilislerdin', qosıqshılıq keshelerinin' aktiv qatnasıwshılarınan birine aylanadı. Bul iri qa'dem iyeleri do'retiwshiliginde keyin-ala kamal tapqan ideyalıq ha'm a'debiy birlik, olar du'nyaqarasındag'ı ulıwmalıq tap usı a'debiy anjumanlarda qa'liplese baslaydı.

Furqattın' Qoqandtag'ı do'retiwshiligi tu'r ha'm tema, mazmun ha'm formasının' ra'n'-ba'ren'ligi jag'ınan da, na'tiyjeliligi jag'ınan dadıqqatqa sazawar. Ol klassik a'debiyatımızdın' da'stu'rleri ruwxında ko'plep ıshqıy g'a'zzeller, muxammesler, Nawayı shıg'armalarına go'zzal nazira ha'm eliklewler jarattı, teren' xalıqshıllıq ha'm zamanago'ylik onın' qosıqlarında barg'an sayın ken' orındı iyeley basladı. Onın' «Boldı» radifli muxammseinde hu'kimranlıq qılıp atırg'an koloniyallıq du'zimnin' illetleri, barg'an sayın ken' qulash jayıp atırg'an kapitalistlik mu'na'sibetlerdin' unamsız aqıbetleri a'debiy sa'wleleniwin tapqan.

Qoqand xanlıg'ının' u'zil-kesil joq etilip, pu'tkilley koloniyag'a aylandırılıwı waqıyası menen baylanıslı «Demish xon bir kunmkim, davru davronlar qaёn qoldi?» qatarı menen bslanıwshı muxammesi de Furqattın' usı da'wir do'retiwshiliginin' jemisi esaplanadı. Tajı-taxttan, abıroyınan ha'm **aёnlarınan** ayırılg'an Xudayarxan atınan jazılg'an bul shıg'arma da shayır do'retiwshiliginde zamanago'y ja'miyetlik temanın' ken' ornın da'lillewshi faktlardan biri esaplanadı.

O'zinin' gu'walıq beriwinshe, Furqat tap usı jıllarda «Hammomi haёl» traktatın jaratıp, «Chor darvesh» hikayatın parsıshadan awdarmalaydı. «Nuh manzar» atlı qosıq kitabın jaratadı.

«Bulardan basqa ha'r tu'rli g'azzeliyatım Fergananın' a'tirapındag'ı awıl-qalalarg'a ha'm digar ma'mleketlerine belgili boldı», dep jazadı shayırdın' o'zi maqtanısh penen. Tap usı jıllarda shayır en' da'slepki qosıqların toplapkompleks

halına da kelitrgen. Tilekke qarsı, shayırdın' o'zi aytıp o'tken traktat, manzuma ha'm awdarmaları sıyaqlı bul kompleks te usı ku'nge shekem tabılg'an emes.

Furqat shama menen 1886-87-jıllarda Marg'ılang'a barıp, tiykarınan qosıq jazıw menen ba'nt boldı, qalanın' zıyalıları Xojaxan Rajiy, Muxammed Omar Umidiy – Hawayı, Mola Tasbaltu Royiq sıyaqlı do'retiwshiler menen tanısıp, a'debiy sa'wbetler qurdı. Usı jerde ol en' birinshe reet gazeta menen tanısıp, onın' «Tashkent qalasında baspa bolg'an»lıg'ın biledi.

Furqat 1889-jıldın' basında u'lkenin' bas qalası Tashkent saparına shıg'ıp, Qoqand arqalı Xajandqa keledi. Bul eski ma'deniy qalada Toshxoja Asiriy basqarg'an jergilikli do'retiwshiler, a'debiyat ıqlasbentleri menen ushırasıwlar sho'lkemlestirgen Furqat, sol zamanda qala xalqının' jasaw sharayatı, ku'ndelik turmısı, u'rp-a'detleri menen jaqınnan tanısadı.

1889-jıldın' iyun ayının' ortalarında (hijriy 1306-jıl shavvol ayı) Furqat Tashkentke kelip, Kokaldash mediresesi o'jirelerinin' birinejaylasadı. O'z a'detine ko're bul jerde de jergilikli zıyalılar menen tez baylanısqa kirisedi, a'debiy turmısta ko'rinerli abıroyg'a iye bola baslaydı.

Furqattın' g'a'zzel ha'm muxammeslerinde ja'miyetlik hawazlar da belgili da'rejede ornı tutadı. Koloniyallıq du'zimnin' illetlerin qaralaw, hu'kimranlıq qılg'an a'dalatsızlıq ha'm zorlıqtan, huqıqsızlıq ha'm nashar turmıstan, nadanlardın' zamanda itibar tawıp, danalardın', hadal adamlardın' xar-zar etiliwinen narazılıq a'debiy boyawlarda qatan' ja'riyalanadı:

Charxi kajraftorning bir shevasidan dog'men,
Ayshni nodon surib, kulfatni dono tortadur.
Sarig' oltun kasrati kwngulni aylaydur qaro,
Chunki safro bwlsa g'olib, wzga savdo tortadur.

Belgili «Sayding qwyaver, sayëd» musaddasında bolsa Furqat patsha basqınshıları koloniyasına aylang'an u'lkedegi hu'kimran zorawanlıqqa qarsı İnsan

qa’diri ha’m hu’jdanın ullılaydı. Pu’tin musaddas qatarları ko’leminde insanparwar ha’m erksu’yer shayırdın’zulım o’tkiziwshilerge qarsı qatan’ narazılıq hawazı jan’rap turadı.

Furqat o’mirinin’ Tashkent da’wiri onın’ du’nyaqarası o’rlewinde u’lken a’hmiyetke iye boldı. Patsha koloniyallıq administratsiyasının’ orayına aylandırılg’an Tashkente shayır ku’nnen-ku’nge kirip kiyatırg’an evropasha turmıs ta’rizi menen tikkeley tanısıw imkaniyatına iye boldı. Jan’a tariyxıy sharayatta materiallıq-ma’deniy turmıs ha’m ja’miyetlik sanada ju’z Bergen sezilerli o’zgerislerdi dodalaw, jaqın o’tken da’wir menen salıstırıw na’tiyjesinde Furqat du’nyaqarasında u’lken sapa o’zgerisi ju’z beredi. En’ a’hmiyetlisi sonda, bul jag’day onın’ do’retiwshiliginde o’zinin’ ko’rkem sa’wleleniwin taptı – ag’artıwshılıq, evropasha ilim-ma’deniyat, pa’n-texnikag’a **hayrihohlik** shayır shıg’armalarının’ ideyalıq ma’nisine aylana basladı. Bul bolsa Furqattın’ ko’p a’sirlik a’debiyatımızg’a jan’a temalar, jan’a ideyalıq hawazlar alıp kiriwine, shın ma’niste novator do’retiwshi sıpatında qa’lem tebiretiwine imkan boldı. Endilikte Furqat zamanago’y bilimlendiriw ha’m ma’deniyattın’ jan’asha qaras, pikirlew ha’m jan’asha turmıs keshiriwdin’ janku’yer u’gitlewshisine aylandı. Sol ta’rizde doretiwshilik, ilimiy ha’m ja’miyetlik iskerliginin’ en’ qızg’ın ha’m en’ mazmunlı basqıshı baslandı. Shayır aktivlesti, aldag’ı ideyalardın’ u’gitleniwinde gazetadan u’nemli paydalanıw mu’mkinligin jaqsı tu’sindi ha’m tez arada «Tu’rkistan walayatının’ gazeti» to’reshiligine ra’smiy ta’rizde jumısqa ornalastı.

1890-jıldın’ may, iyul ha’m sentyabr aylarında «İlimnin’ qa’siyeti», «Akt ma’jilisi haqqında», «Tashkent qalasında bolgan nag’ma bazmi haqqında», sonday-aq, u’sh bo’limnen ibarat «Vistavka haqqında» sıyaqlı da’wir a’debiyatındag’ı ag’artıwshılıq bag’darının’ jetik u’lgileri da’rejesinde bolg’an shıg’armaları usı gazeta betlerinde du’nya ju’zin ko’rdi.

Bul toplam shıg’armalarında  Furqat jan’alıq ha’m rawajlanıwdın’, ilim-pa’n ha’m evropasha bilimlendiriw-ma’deniyattın’ jarshısı sıpatında o’z ko’rinisin taptı, o’z watanlasların zamanago’y bilimlerdi puxta iyelewge ha’m aldag’ı xalıqlar qatarınan orın alıwg’a shaqıradı. Shayır jazg’an qatarlar ju’da’ ta’sirshen’,

olardag'ı hitob, baqırıs ha'r bir oqıwshının' kewline ko'ship, onı biyparq qaldırmaydı:

Jahon bastu kushodi – ilm birla!
Nadur dilni murodi - ilm birla!
Qwngullarni sururi - ilmdandur!
Kwrar kwzlarni nuri - ilmdandur!
Kerak har ilmdan bwlmak xabardor!
Bwlur har qaysi wz vaqtida darkor!

Furqat tap usı jıllarda jaratılg'an «Shoir ahvoli va sher mubolag'asi hususida» dep atalg'an shıg'armasında do'retiwshi ha'm ko'rkem a'debiyat mashqalaların qa'lemge aladı.

Zakirjan Furqat haqlı ra'wishte o'zbek publitsistikasının' tiykarshılarınan biri esaplanadı. Onın' jalınlı publitsist sıpatındag'ı iskerligi 1890-jıldan baslanadı. «Tu'rkistan walayatının' gazeti» xızmetkeri sıpatında ol bir jıldan ko'birek waqıt dawamında Sattarxan sıyaqlı aldag'ı ag'artıwshı menen birgelikte gazetanı tayarlawda tikkeley qatnasıp, gazeta betlerinde o'z maqalaların ja'riyalaydı. Sol tiykardan,gazeta 1891-jıldın' yanvar-iyun sanlarında «Qoqandlı shayır Zakirjan Furqattın' a'xwalatı. O'zi jazg'anı» atlı u'lken g'ana **nasriy** shıg'armasın baspadan shıg'ara basladı. Shayırdın' du'nyaqarası ha'm ja'miyetlik-do'retiwshilik iskerligin belgilewde u'lken a'hmiyetke iye bolgan bul shıg'arma, usı zamanda, endi g'ana qa'liplesip atırg'an o'zbek publitsistikasının' jarqın u'lgisi sıpatında da u'lken bahag'a iye.

Furqattın' Tashkenttegi iskerligi uzaqqa sozılmadı. Ol 1891-jıldın' mayında Samarqandqa ketedi, qala danıshpanlarınan Mırza Buxariy ha'wlisinde jasap, eski imaratlar menen tanısadı, gazetag'a xabarlar jollaydı. Son'an-ala Buxarag'a o'tedi. İyul ayının' aqırlarında bolsa shet el sayaxatına shıg'ıp, Marı-Ashxabat-Baku-Batumi arqalı noyabr ayında İstambulg'a baradı. Sol ta'rizde shayırdın' o'miri, du'nyaqarası ha'm do'retiwshiliginde teren' iz qaldırg'an watanjudalıq baslanadı.

İstambuldan Tashkentke jollag'an belgili «Sabog'a xitob» qosıq qatarları menen jazılg'an xatı Watan sag'ınıshı, ayrılıq azapları ha'm jalg'ızlıq sezimleri shayır do'retiwshiliginde endilikte aldıng'ı orıng'a ko'terilgenin ko'rsetedi. Furqat İstambuldan Bolgariya ha'm Gretsiyag'a qısqa mu'ddetli sayaxat uyımlastırıp, Balkan yarım atawının' bir qatar qalalarında boladı. Sol gezlerde jaratılg'an «Rumolik qiz hikoyati» (Grek mu'lkinde bir a'psana)da watandı qumsaw, og'an talpınıw teması romantikalıq waqıyalar boyawlarında ju'da' ta'sirshen' su'wretlengen.

Furqat 1892-jıldın' martında İstambuldan Jer Orta ten'iz arqalı Arabyastang'a o'tip, Mekkede haj zıyaratın orınlap, Jida, Madina qalalarında boldı. Usı zıyarat mu'na'sibeti menen onın' «Hajnoma» shıg'arması maydang'a keledi. Mekke zıyaratın tamamlag'annan son', Furqat Bombeyge kelip, Hindistannın' bir qatar awıl-qalalarına sayaxatlar uyımlastıradı. Shayırdın' bul da'wirde jaratqan barlıq shıg'armalarında nasriy ha'm nazmiy xatlarında ana jurt sag'ınıshı ha'm watanparwarlıq ideyaları jetekshilik qıldı. Bul jaqtan, a'sirese, «Adasqanman» radifli lirikalıq qosıqlar toplamı ayrıqsha ajıralıp turadı. Ha'tte, usı jıllarda jazılg'an «Kamshirda», «Bu'lbil» dep ju'ritiliwshi «taza» lirikalıq g'a'zzellerinde de Watandı qumsaw teması anıq-rawshan taslanadı. Furqat 1893-jıldın' martında Kashmir-Tibet arqalı uyg'ır u'lkesine keledi. Yarkentte turg'ın bolıp qaladı.

Furqat barqulla Watang'a qaytıw u'miti menen jasadı, bul umtılıs onın' bir qatar a'debiy shıg'ıg'armalarında, xat-xabarlarında da ol yaki bul da'rejede o'z ko'rinisin tapqan. «Vatanning ishtiëqini tortaram g'urbat g'ami birlan», dep jazg'an shayır o'mirinin' son'g'ı ku'nlerine shekem o'z jurtına qaytıw u'mtinde jasadı, sol sebepli onın' puxaralag'ınan shıqpadı.

Furqat Yarkentte da'rilik o'simlikler menen sawda qılıwshı kishi du'kan ashadı. Tiykarınan bolsa do'retiwshilik is ha'm xat jazıwshılıq penen shug'ıllanadı. Shayırdın' o'zinin' Bergen mag'lıwmatlarına qarag'anda, shet el sayaxatına shıqqan waqtınan-aq jazıwg'a kirisken «Sayaxatnama» shıg'arması u'stinde ko'p islegen. Biraq ko'lemi jag'ınan u'lken dep shamalanıwshı bul shıg'arma elege shekem tabılmag'an. Furqat Yarkentte ko'plep lirikalıq g'a'zzeller ha'm

muxammeslerinin’ qatarında ja’miyetlik-siyasiy temalarda da bir qatar masna’wiyler jarattı. «Masarratnoma», «Qasida» shıg’armaları, sonday-aq, rus-yapon urısı mu’na’sibeti menen jazg’an ma’snawiyi tap usı toplam qatarına kiredi.

Shayır ana jurtı menen, Fergana ha’m Tashkenttegi yar-dosları menen baylanıstı u’zbedi. Zavqiy, Toshboltu sıyaqlı do’retiwshi doslarına qosıq qatarları menen jazılg’an xatlar, «Tu’rkistan walayatının’ gazeti»ne xat ha’m maqala-xabarlar jiberip turdı. Ol tap usı jıllarda milliy a’debiyatımızda pamflet ha’m feleton sıyaqlı jawınger tu’rlerdin’ da’slepki u’lgilerin jaratıp, gazeta betlerinde ja’riyaladı. Furqattın’ a’debiyatımız tariyxında eki tili do’retiwshi sıpatında da o’z ornı bar. Onın’ parsı tilde jazılg’an ıshqıy ha’m sotsiallıq mazmundag’ı ko’plep g’a’zzelleri o’zinin’ joqarı ko’rkemligi menen oqıwshılardın’ kewlinen bekkem orın alg’an.

Mazmunı jag’ınan turmıslıq ha’m ko’rkem nawqıran lirikası, ag’artıwshılıq bag’darındag’ı jetik shıg’armaları menen, shıraylı nasriy ha’m jawınger publitsistikası menen XIX a’sirdin’ aqırı ha’m XX a’sirdin’ baslarındag’ı milliy a’debiyatımızdın’ rawajlanıwına u’lken u’les qosqan Zakirjan Furqat 1909-jılda awır kesellikten son’ qaytıs boldı. Onın’ denesi Yarkenttin’ Dangdor ma’ha’llesindegi qa’biristang’a qoyılg’an.

## II BAP. § 1. XX a’sirdin’ baslarındag’ı Tu’rkistandag’ı tariyxıy-siyasiy jag’daylar

XX a’sirdin’ basları Tu’rkistanda da, Rossiyadag’ı sıyaqlı iri siyasiy waqıyalar menen baslanadı. 1904-1905-jıllardag’ı Rus-Yapon urısı ha’m bul urıstag’ı sa’tsizlikler u’lkedegi siyasiy jag’daydı ja’nede qıyınlastırdı. Patsha Rossiyası o’z qol astındag’ı xalıqlardı ja’nede ko’birek tonaw siyasatın a’melge asırdı. Jan’adan qurıp pitkerilgen Krasnovodsk (1898), Orenburg (1905) temir joları arqalı u’lkenin’ baylıqları Rossiya u’lkelerine tasıp alınıp turıldı. Rossiyadan ko’p millionlag’an adamlardın’ ko’shirip alıp keliniwi ha’m olardın’ o’nimdar jerlerge ornalastırılıwı, jergilikli xalıqtın’ bolsa o’nimdar jerlerden qısıp

shıg'arılıwı ha'wij aldı. Bilimlendiriw ha'm ag'artıwshılıq tarawlarında bolsa, islam qag'ıydaların buzıw, jergilikli xalıqtı ruslasıtırıw patsha hu'kimetinin' bas maqseti bolıp belgilendi. Usı maqsetti ko'zde tutıwshı rus ma'mleketi o'z aymag'ındag'ı xalıqlar arasında rus-tuzem mekteplerinin' sanın ko'beytip bardı. Bul mektepler jergilikli balalarg'a da'slepki bilimdi beriwde, jas waqıtlarınan baslap-aq olardın' aqıl-pikirlerin jılawlap alıwdı ko'zde tutı.

Rus-tuzem mekteplerine jergilikli zıyalılarımızdın' ko'z-qarasları da ha'r qıylı boldı.

G'amxorlıq qılıwshılar toparı: (Saydg'aniy Saydazimbay ulı, Sattarxan Abudg'afforov, Saydrasul Saydazimov)

Biykar etiwshiler toparı: (İ. Gaspirinskiy, Axmed Zakiy, Mustafa Chukaev).

Jergilikli mektepler jeke mektepler bolıp, olarg'a hu'kimet ta'repinen ko'plegen tosqınlıqlar qılındı. A'sirese, İ.Gaspirali baslap Bergen zamanago'y «usılı jadid» mekteplerine patsha hu'kimeti ta'repinen u'lken tosqınlıqlar qılındı. Solarg'a qaramastan zıyalılarımızdın' belsendilik ha'reketleri na'tiyjesinde jan'a mekteplerdin' ashılıwı dawam etti. 1903-jılda Tu'rkistanda 102 den aslam baslang'ısh, eki orta, jan'a usıldag'ı mektepler bolg'an. Patsha hu'kimeti til siyasatına u'lken dıqqat qaratıp, rus tili ha'm ma'deniyatının' abıroyının' artıp barıwına, jergilikli xalıqtın' o'z tilinen paydalanıw imkaniyatının' qısqartılıp barıwına a'hmiyet qarattı. Ruslar Tu'rkistannın' baylıqların o'zlestiriw, xalqın qul qılıw menen sheklenbedi. Tariyxshı Axmed Zakiy Valiydin' bildiriwinshe olar xalıqtın' ku'ndelikli turmısına aralasıp qoymastan, ma'deniy, ruwxıy turmısına da aralastı, xalıqtı ha'r ta'repleme buzıw, eziw, son' o'z quramına sin'dirip alıw sıyaqlı maqsetti ko'zde tutıp iske kiristi. Ta'biyattan qullıqqa ko'nligip kete almag'an Tu'rkistan xalqı o'z narazılıqların da'slep jasırın tu'rde, son' ashıq aydın bildirebasladı. 1904-1907-jıllarda Samarqand wa'layatı ha'm awılların basqınshılarg'a qarsı gu'reske baslag'an Namaz Pirimqul ulı basshı bolg'an milliy azatlıq ha'reketleri qamrap aldı. Siyasiy sho'lkemlerde ha'reketke kele basladı.

1910-jıllardın' ekinshi yarımı «O'zbek jadid a'debiyatı» atı menen tariyxqa kirgen jan'a a'debiyattın' payda bolıp rawajlanıwına isenimli qa'dem taslag'an

jıllar boldı. Milliy baspa so'zdin' maydang'a keliwi menen jan'a a'debiyattın' mazmun ha'm bag'dar, janr ha'm tekstleri, ko'rkemlilik penen baylanıslı ma'seleleri de ken' tu'rde rawajlanıp xalıqqa tarqala basladı. Da'wirdin' talap ha'm za'ru'rliklerinen kelip shıqqan halda sotsiallıq, siyasiy temalarg'a, zamanago'y ma'selelerge, ag'artıwshılıq ha'm azatlıq ma'selelerine u'lken itibar qaratıldı. 1910-jıllardın' basında Tu'rkistanda jan'a a'debiyattın' payda bolıwına, 1901-jılı baspadan shıqqan Munavvarqorinin' «Adibi avval», «Adibi soniy», Saydrasul Aziyziydin' «Ustazi avval», Aliaskar Kalininnin' «Muallimi soniy», Abdulla Avloniydin' «Birinshi muallim», «Ekinshi muallim», Rustambek Yusufbekovtın' «Talimi avval», «Talimi soniy»sıyaqlı oqıwlıq qosıqlar ha'm gu'rrin'ler toplamları jan'a a'debiyattın' payda bolıwında birinshi ta'jriybe wazıypasın atqardı. Abdulla Avloniydin' «A'dabiëtëhud milliy sherlar», Saydahmad Vasiliydin' «Milliy sherlar», Hajı Muminnin' «Guldastai adabiët» kitapları jan'a o'zbek poeziyasının' da'slepki u'lgilerinen biri boldı. Maxmudxoja Behbudiydin' 1911-jılda jazılıp, 1913-jılda baspadan shıqkan «Padarkush» drammması o'zbek drammaturgiyasının' rawajlanıwına ken' jol ashıp berdi. «Falakatzada» (1911-jıl avtorı Abdurauf Shahidiy), «Befarzand Ochildiboy» (1914-jıl avtorı Mirmuhsin Shermuxammedov) sıyaqlı iri realistlik proza tarawları payda boldı. 1914-jılda baslang'an Birinshi ja'ha'n urısı ha'm og'an Rossiyanın' qatnasıwı Tu'rkistannın' o'z g'a'rezsizligin tiklewine imkan tuwg'ızdı. Biraq patsha hu'kimeti u'lkede ta'rtip saqlawg'a u'lken dıqqat awdardı. 1914-jılı 24-iyulda patshanın' pa'rmanı menen Tu'rkistan u'lkesinde «Ayrıqsha jag'day» engizildi. 1910-jıllardın' ekinshi yarımında drama tarawı ku'shli rawajlana basladı. Tashkent, Samarqand, Qoqandta teatr ha'wsekerleri truppaları du'zilip na'tiyjeli is alıp bara basladı. Bul tarawdın' payda bolıwı ha'm rawajlanıwına Abdulla Badiriy (Juvanmarg), «Axmaq», Xajı Muin «Eski mektep», «Jan'a mektep», «Kwknori», «Juvonbozlik qurboni», «Boy ila xizmatkor», Nusratulla Qudartullanın' («Toy», «Ken'esi ma'jilisi»), Abdulla Avloniydin' «Advokatlik osonmi», «Siz va biz», Abdulla Qodiriydin' «Baxtsiz kuëv» atlı darmmalıq shıg'armaları jarıq ko'rdi. 1916-jılg'ı ma'rdikarlıq waqıyalarına baylanıslı dramalıq shıg'armalar payda boldı.

A’debiyatımızdın’ jan’a janr tarawlarının’ jarıq ko’riwi ju’da’ qıyın jag’dayda keshti. Mısalı, M.Behbudiydin’ 1911-jılı jazılg’an «Padarkush» draması eki jıl degende baspadan shıg’arıldı. Bul drama 1914-jılg’a kelipsaxnag’a qoyıldı. Jan’a zamanago’y janrlar menen baylanıslı ma’seleler baspa so’z betlerinde ken’ talıqlanıp barıldı. Bexbudiy, Avloniy, Fitrat, Sholpan, İbrahim Davronlardın’ bul tarawlardag’ı do’retiwshiligi jan’a estetikanın’ payda bolıwında a’hmiyetli rol oynadı. 1910-jıllarda Tu’rkistan xalıqlarının’ ruwxıy turmısında ken’ tamır jayg’an o’zbek jadid a’debiyatı o’zinin’ na’tiyjelerin qıyın qıstawlı jigirma jıl ishinde Bere basladı.

Sholpan o’z qosıqları menen o’zbek poeziyasının’ tiykarın salg’an bolsa, A.Qadiriy o’zbek romanshılıg’ı tarawına, A.Fitrat o’zbek drama tarawının’ rawajlanıwına tiykar salıp a’debiyattanıw tariyxınan o’zine ta’n orın iyeledi. XIX a’sirdin’ aqırı XX a’sirdin’ baslarında Tu’rkistan u’lkesindegi zıyalılar sanansında payda bolg’an milliy oyanıw, bilimlendiriwde ha’m ag’artıwshılıqta ko’rine basladı. Jan’asha pikir ju’rgiziwshi yamasa ag’artıwshılar bolg’an jadidler ken’ ko’lemdegi jumıslardı alıp bardı. Olar o’z ideyalarının’ ja’miyet turmısında bekkemlenip barıwı, milliy azatlıq, siyasiy g’a’rezsizlik gu’reslerine o’tiwi ushın jag’daylar jarata basladı. Bul da’wir Tu’rkistanda sotsiallıq siyasiy sananın’ rawajlanıwında jan’a basqısh boldı. Bul basqıshta jergilikli xalıqtın’ ma’deniy ag’artıwshılıq turmısında u’lken o’zgerisler ju’z berdi, biz bunı Tu’rkistan Renessans, yamasa oyanıw da’wiri dep te aytıwımız mu’mkin.

Mektep bilimlendiriw isleri menen bir qatarda, jadid ag’artıwshılarının’ ja’ne bir iri ko’rinisi bolıp, o’zbek milliy baspa so’zi ha’m ag’artıwshı sho’lkemleri payda bola baslag’an edi. Bul ja’miyetler ruwxıy ag’artıwshılıqtın’ dawamıylıg’ın ta’miynlewdi wazıypa etip qoyıp, ha’r qıylı qarjı dereklerin jaratıp jadid mekteplerinin’ toqtap qalmaslıgın, gazetalardın’ turaqlı shıg’ıp turıwın, intalı balalardı shet ellerde bilim alıwı ushın jiberiw mu’mkinshiliklerin jaratıw isleri menen shug’ıllandı. Bul maqset jolındag’ı ja’ne bir iri qural bul teatr bolıp esaplanadı. Teatr jadidler na’zerinde birinshilerden «Ulug’lar mektebi», «İbratxana» bolıp mektep sıyaqlı bilim almaq, ideyasın ja’riyalawdı ko’zde tutqan

edi. Ekinshiden Ag'artıwshı ha'm kewiller tamashaları arqalı qarjı toplap bilimlendiriw, baspa so'z islerine jumsaw ko'zde tutılg'an edi.

Tu'rkistang'a tatar, azerbayjan, rus teatr toparlarının' kirip keliwi o'zbek teatr tarawının' payda bolıwına alıp keldi. Tu'rkistannın' XX a'sirdin' baslarındag'ı baspa so'zinde Evropasha teatr turinin' bizge kirip kelmesten aldın, u'lkede teatr bolg'anlıg'ın da'lilleytug'ın materiallar ushırasadı. O'zbek teatr tariyxın u'yrengen B.O. Pestovskiy «İnqilob» jurnalında ja'riyalag'an maqalalarında «Qarakwl» qalasına jaqın bir awılda 1909-jılda «O'zbek teatrı oynaldı» degen mag'lıwmat barlıg'ın keltiredi. 1910-jılı Tu'rkistan gazetasının' sanlarında tez arada Tashkent qalasında teatr yamasa «Muqallid» oyını oynalatug'ın muslıman ja'miyeti (Truppa) du'ziletug'ınlıg'ı haqqında xabar basılg'an. Ulıwma teatr ma'selesine itibar 1910-jıllarda ju'da' ku'shli bolg'an. 1911-jılı Maxmudxoja Bexbudiy «Padarkush ëhud uqumagan bolaning xoli» atlı miynetin do'retti. Bul miynettin' baspadan shıg'arılıwı og'ada qıyın keshti. Bul pesa 1812-jılg'ı Rus-Frantsuz sawashının' ruslar jen'isi menen tamamlang'ının' 100 jıllıg'ına bag'ıshlanıp baspadan shıg'arıwg'a ruxsat berildi. Biraq bul pessanı bizin' u'lkemizde emes, al Kavkaz u'lkelerinde saxnag'a qoyıwg'a ruxsat berildi. 1913-jıldan baslap Tashkente «Padarkush» miynetin saxnag'a qoyıw ushın tayarlıq jumısları baslandı. Rejissërlıq wazıypası tatarlı zıyalı Muxammedërovqa ju'klendi. Biraq tayarlıq barısı jaqsı barmay bul miynettin' saxnag'a qoyılıwı biraz keshikti. 1914-jılda Aliasqar Asqarov Samarqandtan kelip, Tashkent ha'weskerlerine o'zin tanıta basladı ha'm rejissërlıq wazıypası og'an ju'klendi. 1914-jıl 27-fevralda Tashkenttin jan'a qalasındag'ı «Kolizey» teatrında Padarkush pessası birinshi ma'rte saxnag'a qoyıldı.

Bul spektakl barlıq ta'repten joqarı da'rejede o'tkerildi. Tashkentlik ha'weskerlerdin' bul iri jen'isleri olardın' bul bag'dardag'ı ha'reketlerinin' ja'nede ken'eyiwi ha'm rawajlanıwı ushın u'lken tu'rtkige iye boldı. 1914-1915-jıllarda «Turan» truppasına tatar rejissërı Zaki Boyazidskiy ha'm Mustafa Mansurov ko'rkemlik jaqtan basshılıq etken. 1914-jıldın' aqırında truppa Xajı Muin ha'm Nusratulla Qudratullanın' «Toy» dramasın saxnalastırdı. 1915-jıldan baslap

«Turan» truppası milliy dramaturgiyamızdın' jan'adan jan'a u'lgilerin saxnalastırıp bardı. 1915-1916-jıllarda Abdulla Qodiriydin' «Baxtsiz kuёv» Abdulla Avloniydin' «Advokatlik osonmi» pessaları saxnadan o'z ornın iyeledi. Usı jılları o'zimizdin' milliy rejissёrlarımız da jetisip shıg'a basladı. Nızamaddin Xojaev, Abdulla Avloniy, Badriddin Alamovlar saxnanın' birinshi qarlıg'ashları boldı.

Usı jıllarda teatr sanaatının' ja'ne bir janrı muzıkalı drama (opera) teatrı qa'liplese basladı. Tashkentte Azerbayjannın' ullı trogik akterı, rejissёr, qosıqshı Sidqiy Ruhilla basshılıg'ındagı azerbayjan muzıkalı teatr truppasının' gastrolda bolıwı o'zinin' jaqsı na'tiyjelerin berdi. Jergilikli teatr wa'killeri A.Avloniy, azerbayjanlı Sidqiy Ruqilla menen do'retiwshilik baylanısta bolıwı na'tiyjesinde, 1916-jılı 30-dekabrde Kolizey teatrında azerbayjan ha'm o'zbek aktёrlarının' qatnasıwında «Layli va Majnun» muzıkalı drama operası qoyıldı. Milliy teatr ideyası 1910-jıllardın' ortalarına kelip pu'tkil Tu'rkistan zıyalı jaslarının' pikirin o'zine qamrap aldı.

«Padarkush» spektaklinin' samarqand ha'm Tashkentte jaqsı na'tiyjelerge erisiwi tu'rli qalalardag'ı jaslardı g'ayrat «at»ına mindirdi. Spektakl ha'm ha'r qıylı kewil ashar tamashalar ko'rsetiwlerinen tu'sken qarjılar, «usılı jadid» mekteplerin kerekli oqıw quralları menen ta'miynlew ushın o'gada za'ru'r edi.

Eger xronologiyalıq ta'rtipte alatug'ın bolsaq, Tashkent, Samarqand, Qoqand, Kattaqorg'an, Buxara, Andijan, Namangan qalalarında truppalar du'zilip teatrshılıq ha'reketinin' keyingi rawajlanıwına jag'day jaratıp barıldı.

Tu'rkistan aymag'ında teatr ha'm dramaturgiyanın' rawajlanıwı ja'nede jedel adım atıwı mu'mkin edi, biraq bul tarawlarg'a ju'da' qattı qarsılıq qılg'an ku'shler de payda bola basladı. Bul qarsılıqlardın' biri koloniyazatorlıq qarsılıq bolsa, ekinshisi diniy qarsılıq edi.

Pessalardı saxnalastırıwdag'ı qıyınshılıqlardan ja'ne biri tsenzura ruxsatınan o'tken miynetler g'ana ha'kimlerdin' ruxsatı menen saxnalarg'a qoyılg'an.

Jadidler teatrdı ibrat mektebi, ibratxana, dramaturgiyanı bolsa, «taziri adabiy» dep tu'sindi ha'm bul tu'sinikke boysındı. Sol maqsette saxna miynetlerinde biyparwa ibaralar, jaman qılıqlar bolawına ha'reket etken. İbratxanada biya'dep

qattı ha’reketler yaki so’zlerdin’ bolıwı mu’kmn emes edi, bunı birinshi teatr iskerlerimiz estetikalıq printsip da’rejesine ko’tergen edi. Sol ushın da xalıq teatrdı karamatlı orın dep bildi. Sonday qılıp Tu’rkistanda jan’asha teatr o’neri maydang’a keldi, dramaturgiya payda boldı.

1920-jıllarda da bilimlendiriw ha’m ma’deniyat tarawında jadidlerdin’ xızmet ko’rsetiwi dawam etti. Sovet hu’kimeti jadidlerdin’ o’z ta’repine o’tkenligin ta’n alsa da, is ju’zinde olarg’a qa’wipli dushpan sıpatında qaradı. 1920-jıllardın’ ortalarınan baslap-aq jadidlerdi keskin qaralay basladı. 1920-1930-jıllarda jadidlerge qarsı repressiyalıq ha’reketler baslandı. 1940-jıllarg’a kelip jadidshilik ha’reketi wa’killerinin’ derlik ha’mmesi quwdalawg’a ushırap olardın’ joq etiliwi menen juwmaqlandı.

Biraq bunnan keyin de jadidler haqqında jaqsı ga’pler aytıwg’a mu’mkinshilik bolmadı. 1960-jıllarg’a kelip jadid ha’reketi wa’killerine tek g’ana ayıplawlar tag’ıldı. Solay etip, hu’kimran ideologiya o’zbek sovet a’debiyatının’ payda bolıwı ha’m rawajlanıwı haqqındag’ı kontseptsiyanı islep shıqtı. Bul kontseptsiya boyınsha jan’a a’debiyat oktyabr awdarıspag’ı menen birge tuwılg’an. Jan’a a’debiyat birinshi qa’demlerinen baslap-aq «Jasasın sovetler», ken’es hu’kimetinin’ barlıq ha’reketlerin qollap-quwatlag’an. Bul a’debiyat ideologiyalıq jaqtan slamat bolıp, ha’r qanday jat ideologiyalarg’a qarsı gu’resken, birinshi qa’demlerden baslap-aq sotsialistlik realizm a’debiyatısıpatında ko’ringen. A’lbette, bunday a’debiyat qatarında jadidlerge de, jadidshilik ideyalarg’a da orın joq edi. Sovet a’debiyatı dep atalg’an jan’a a’debiyat oktyabr awdarıspag’ınan son’ darhal payda bolg’an emes. Tiykarınan alg’anda 1920-jıllardın’ ortalarında G’ayratiy, G’afur G’ulam, Aybek, Batu, Mirtemir, Shakir Sulayman sıyaqlı do’retiwshilerdin’ maydang’a keliwi menen baylanıslı. Oktyabr awdarıspag’ınan keyingi da’wirlerde de Muravvarqori Abdurashidxonov, Maxumkdxoja Bexbudiy, Abdirauf Fitrat, Abdulhamid Chulpan, Abdulla Avloniy, Hamza Hakimzada, Sadriddin Ayniy sıyaqlı ko’plegen jadid ag’artıwshıları oktyabr awdarıspag’ına qanday qatnasta bolıwına qaramastan bilimlendiriw, ma’deniyat tarawında o’z xızmetlerin dawam ettirdi. 1920-jıllardın’ ekinshi yarımında olar onlap jan’a mektepler ashtı, bul

mektepler ushın ha’r qıylı oqıwlıqlar jarattı, gazeta-jurnallardı baspadan shıg’arıp, teatr o’nerinin’ rawajlanıwına u’lken u’les qostı, ha’r qıylı ruwxıy-ag’artıwshılıq do’gereklerdi uyımlastırdı. Zıyalılardın’ bunday unamlı ha’reketleri bolsheviklerdin’ alg’ısına miyassar bolg’an emes, al olar jadidlerdin’ ha’r bir qa’demlerin qadag’alap, ha’r qıylı ma’deniy do’gereklerdi baqlaw astına aldı.

Jadid poeziyasının’ 1920-jıllardag’ı rawajlanıwı Abdulxamid Sulayman ulı Sholpan atı menen baylanıslı. Onın’ 1920-jıllarda «Wyg’onish», «Buloqlar», «Tong sirlari» degen kitapları baspadan shıg’arıldı. Sholannın’ 1920-jıllardag’ı poeziyasının’ bas ideyası – insan erki, millettin’ azatlıg’ı ma’selesi bolg’an. Sol sebepli 1920-jıllardag’ı Sholpan jaratqan poeziyanı hesh ekilenbey jan’a basqıshtın’ jadid poeziyası dep atawg’a boladı.

1920-jıllardag’ı jadid dramaturgiyası ju’da’ na’tiyjeli rawajlana basladı. Jan’a payda bolg’an dramatik miynetler milliy teatrdın’ rawajlanıwın payda etti. 1920-jıllardın’ ortalarında jadid dramaturgiyasının’ en’ belsendi wa’killeri: A.Fitrat, A.Sholpan, Hamza boldı. A.Fitrat qısqa mu’ddet ishinde «Temur sog’anası», «Abulfayzxan», «Chin sevish» sıyaqlı dramalar jarattı. Bulardın’ barlıg’ı usı jıllarda o’zbek teatr saxnalarında qoyıldı. Jadid dramaturgiyasının’ rawajlanıwına A.Sholpan o’zinin’ u’lesin qostı. Onın’ «Erkinoy» draması dıqqatqa ılayıq boldı. Bunda Sholpan – erkin insan ushın en’ ullı qa’diriyat sıpatında erk ha’m a’dalattı ko’rsetedi. Hamza da jadid ruwxındag’ı dramalar jarattı. Bulardan «Qahramon Wgiz», «Farg’ona fojialari», «Muxtoriyat» miynetleri. Bul miynetler mazmunı jag’ınan sovet a’debiyatının’ talaplarına juwap bermedi. Hamzanın’ «Tuxmatshilar jazasi», «Maysaraning ishi», «Xolisxon» miynetleri sovet a’debiyatının’ emes, al jadid dramaturgiyasının’ u’lgileri edi. 1920-jıllarda jadid prozası da ju’da’ tez pa’tler menen o’sti ha’m ja’ha’n talapları ko’lemindegi jetik proza da’rejesine ko’terildi. Joqarıda aytqanımızday onın’ rawajlanıwı Abdulla Qodiriydin’ atı menen baylanıslı. 1920-jıllardan baslap A.Qodiriydin’ «O’tken ku’nler» romanı ja’riyalana basladı. 1920-jıllardın’ ortalarına kelgende roman ayrıqsha kitap bolıp shıqtı. Ko’p o’tpey «Mehrobdan chayon» romanı ja’riyalandı. Bul eki roman o’zbeklerdin’ ma’deniy-ruwxıy turmısında ju’da’ u’lken tariyxıy waqıya boldı

ha'm xalıq ruwxıy du'nyasının' rawajlanıwına u'lken u'les qostı. Jadid milliy a'debiyatı ha'm rawajlanıwı barısınan juwmaq shıg'aratug'ın bolsaq:

XX-a'sir basında maydang'a kelgen jadid a'debiyatı oktyabr awdarıspag'ınan keyin o'z-o'zinen g'ayıp bolıp ketken joq, al kerisinshe, ol jan'a tariyxıy jag'dayda ha'r qanday quwdalawlarg'a qaramastan rawajlanıwın dawam etti.

Jadid a'debiyatı 20-jıllarda o'z rawajlanıwının' joqarı da'rejesine ko'terildi. Bul a'debiyat ko'p janrlı,ulıwma insaniy paziyletlerdi o'zinde ja'mlewshi,erik ha'm azatlıq,a'dillik ideyaların alg'a su'riwshi a'debiyat boldı.1920-jıllardın' aqırında bolshevikler a'melge asırg'an ideologiya a'debiyattın' rawajlanıwı ushın tosqınlıq qıldı. Sonın' ushın 1930-jıllarda Abdulla Qodiriydin' «Mehribdon chaёn» ha'm Chulpannın' «Keshe ha'm Ku'ndiz» romanınan basqa jadid a'debiyatı u'lgisi dep ko'rsetiwge arzıytug'ın miynetler jazılmadı.

1920-jıllardag'ı jadid a'debiyatı izsiz joq bolıp ketpedi. Ol jan'a da'wir o'zbek sovet a'debiyatı ushın u'lgi xızmetin atqardı.

G'afur G'ulom, Oybek, G'ayratiy, Mirtemir, Abdulla Qahhor, Xamid Olimjan sıyaqlı jazıwshılar olardın' ta'jiriybelerinen ko'p na'rselerdi u'yrendi.

## II BAP. § 2. Tu'rkistanda jadidshilik ha'reketinin' tiykarg'ı ideyaları

Turkstanda jadidshilik ha'reketinin' payda bolıwı ha'm qa'liplesiw tariyxının' u'yrenile baslag'anına ko'p waqıt bolg'anı joq. Biraq sog'an qaramastan ha'zirdin' o'zinde-aq bul ma'sele boyınsha ko'p g'ana isler a'melge asırıldı. Jadidshilik ha'reketine bolg'an qızıg'ıwshılıq ken' ko'lemde bolg'anlıg'ı sebepli bul ma'sele boyınsha Germaniya, Frantsiya, AQSh, Yaponiya ha'm Turkiya sıyaqlı ma'mleketlerdin' izertlewshilerinin' shug'ıllang'anlıg'ı, sebepli, Turkstan xalıqlarının' bul quramalı da'wiri ken' ko'lemde u'yrenilmekte.

Turkstanda jadidshilik ha'reketinin' baslanıwı ma'selesinde jaqın waqıtlarg'a shekem tariyxshı ha'm a'debiyattanıwshı ilimpazlar arasında bir pikirge birlesiw

yamasa bir pikirlilik orın alg'an edi. Olar jadidshilik ha'reketinin' baslanıwın XX-a'sir baslarında Rossiya, Turkiya ha'm İrandag'ı bolg'an awdarıspaq ha'reketleri ta'sirinde maydang'a kelgenligin maqullawshı pikirde bolg'an. Keyingi da'wirlerde bul ma'seleler boyınsha o'zgeshe pikirler de ko'zge taslanbaqta.O'zbek xalqı tariyxının' shet ellik izertlewshilerinin' biri Boymirza Xayittin' pikiri boyınsha jadidshilik ha'reketi XIX-a'sirdin' aqırlarında baslang'an.Ol tu'rkstandag'ı bul ag'artıwshılıq ha'reketinin' ko'zge ko'ringen iri wa'killerin keltirgende, Behbudiy, Fitrat, Chulpan, sıyaqlı jadidler menen birge Kamil Xorazmiy, Muqimiy, Furhad, Abay, Mulla Nafas sıyaqlı ag'artıwshı shayırlardın' da atların keltirgen.

Son'g'ı da'wirlerde o'zbek alımları arasında da jadidshilik ha'reketinin' payda bolıw waqıtın biraz alg'a su'riwge urınıwlar payda bolmaqta. Eger biz jadid ha'reketin XIX-a'sirdin' aqırlarında baslang'an degen pikirge qosılsaq, onda bul ha'reket qanday sebeplerge baylanıslı baslang'anın ha'm onın' maqset a'hmiyetine aydınlıq kirgiziwimiz kerek. Bul ma'selege aydınlıq kirgiziwimiz ushın birinshi «Jadid» so'zinin' qashan ha'm kimlerge qarata qollang'anlıg'ın eslewimiz kerek. Turkstandag'ı jadidshilik hareketinin' iri wa'killerinin' biri Abdulla Avloniy o'zinin' o'mirbayanında, ol o'zinin' 1900-jılda u'ylengenligin ha'm shan'araq baslıg'ı bolıp qalg'anın eslep bılay degen. «Bul waqıtta putin shan'araqtı bag'ıw ushın ko'p islewge tuwra keldi. Sol sebepli medresedegi oqıwımdı taslawg'a ma'jbur boldım. Sol waqıtlardan baslap baylar ha'm mollalarg'a arnap qosıqlar jazg'anlıg'ın keltiredi. Medreseden ketsemde bilimlendiriw tarawınan ketpedim. Rossiyanın' tu'rli qalalarınan shıg'atug'ın gazeta, jurnallar menen tanısıp, sawatımdı asırıp bardım» «Tarjuman» gazetasın oqıp, zamannan xabardar boldım.

Bul da'wirlerde jergilikli xalıqlarda eskilik ha'm jan'a usıl arasında gures baslang'an edi. Gazeta oqıytug'ınlardı mollalar «jadid»ler dep atar edi.1904- jılda jadidler toparında islep «Jadid mektebin» ashıp, oqıtıwshılıq penen shug'ıllandım. A.Avloniydin' 1878-jılda tuwılg'anlıg'ın ha'm o'zbek jadidshilik ha'reketinin' atası M. Behbudiyden 3 jasqa kishi ekenligin esapqa alsaq, onın' 1900-1904- jıllar aralıg'ında «Tarjuman» gazetasın oqıp zamannan xabardar bolg'anlıg'ı ma'lim. A.Avloniydin' bul o'mirbayanın keltirgenimizdegi maqsetimiz, o'zbek jadidlerinin'

«Tarjuman» sıyaqlı gazetalar ta'sirinde XX-a'sir baslarında payda bolıp qalipleskeniligin tastıyıqlaw.Turkstanda baslang'an jadidshilik ha'reketin tek bir g'ana «Tarjuman» gazetası menen baylanıstırıw tuwrı emes. Sebebi bul da'wirlerde milliy ziyalılarımız Tatarstan, Azerbayjan, Hindstan, Mısr ellerinde basıp shıg'arılg'an gazeta jurnallardı u'lken qızıg'ıwshılıq penen oqıp barg'an.Usı ta'rizde jadidshilik ha'reketi XIX-a'sirdin' aqırlarında emes, XX-a'sirdin' baslarında siyasiy maydang'a shıg'adı.

Abdulla Qadriy «Jas buxaralıqlar kimler» degen miynetinde jadidlerdi ko'zde tutıp ,bılay degen edi: «Olardın' pikir qıyalları ha'm maqsetleri biz, jarlı xalıqlardı azaptan qutqarıw, a'mirler, bekler, baylar zulımınan azat etiw ha'm bizlerdin' tınıshlıg'ımız ushın ha'reket qılmaq edi»

Solay etip jadidshilik XIX-a'sirdin' aqırı, XX-a'sir baslarında Turkstanda hu'kim su'rgen qıyın ekonomikalıq, sotsiallıq ha'm ma'deniy jag'dayda xalıqlardı bilimlendiriw, ja'miyet turmısında sotsiallıq ha'm ma'deniy reformalar o'tkeriw, milliy g'a'rezsizlik ideyaların turmısqa en'giziwdi o'z aldılarına maqset qılıp qoyg'an ha'reket sıpatında payda boldı. Bul ha'reket o'zinin' payda bolıw jolın basıp o'ter eken, biz onı to'mendegi da'wirlerge bo'lemiz.

I. 1885-1895- jıllar İ. Gaspirinskiydin' «Tarjuman» gazetası ta'sirinde Qoqan qalasında «Jan'a usıl» jadid mekteplerinin' payda bolıw da'wiri.

II. İ.Gaspirinskiydin' 1895-jıl Buxara, Samarqand qalalarına keliwi. Buxara a'miri menen ushırasıwı na'tiyjesinde Buxarada, Juraboy. Samarqandta, A.Shakuriy, S. Aziziy, A. Munzim. Tashkentte, Munavvar Qori, A. Avloniy, Qoqanda,Hamza. Namanganda, İ.İbrat ashqan jadid mekteplerinin' o'z ha'reketlerin baslag'an da'wiri.

III. 1905-1914-jıllar jadidshilik ha'reketinin' mektep bilimlendiriwinen, gazeta jurnallardı baspadan shıg'arıwı. Baspa islerinin' jolg'a qoyılıwı, ilim, pa'n ha'm ma'deniyattın' milliylesiw da'wiri.

IV. 1914-1917-jıllar jadidlerdin' ag'artıwshılıq ha'reketinin' siyasiy ha'reketke aylanıw da'wiri. Siyasiy partiyalardın' payda bolıw da'wirleri.

V. 1917- jıl oktyabr 1918-jıl Qoqanda «Turkstan Muxtoriyatı»nın’ duziliwi ha’m joq etiliw da’wiri.

VI. 1918-1924- jıllar sovet hu’kimeti quramında bilimlendiriw ha’m baspa islerinde «Chag’atay guruhi» nin’ du’ziliwi.

VII. 1924-jıl Tu’rkstan tarqatılıp jadidlerdin’ keyingi hareketlerinin’ «Milliy respublika»lar quramında ju’rgiziliwi.

VIII. 1931-jıldan 1937-1939 ham 1950-jıllardın’ birinshi yarımı jadidshilik ha’reketi ag’zalarının’ quwdalawg’a ushıraw da’wiri.

XX-a’sir basınan baslap 1917-jıl fevral awdarıspag’ına shekemgi jadidler ha’reketinin’ birinshi basqıshı, milliy azatlıq ha’reketi sıpatında belgilendi. Biraq bul ha’reket birlesken partiya yamasa sho’lkemlerge iye bolmag’anlıqtan ha’m de halıq qatlamın izine erte almag’anlıg’ı sebepli, g’a’rezsiz ma’mleket du’ziw rejelerin jarıqqa shıg’ara almadı.Ele ayaqqa turıp bekkemlenbegen Turkstan Muxtoriyatı, ken’es hu’kimeti ta’repinen joq etildi. Jadidler ha’reketi ha’m onın’ iri wa’killerin jaqtırmag’an sovet hu’kimeti, bul ha’reketti tek ag’artıwshılıq ha’reket dep bahalap ha’m olardı siyasiy kelte pa’mlikte ayıplap kelgen edi.

Jadidshilik ha’reketinin’ iri ua’kili ha’m da’slepki sho’lkemlestiriwshilerinen biri Munovvarqori Abdurashidxanov 1927- jılda jazılg’an maqalasına sovetler ta’repinen qoyılgan bul ayıbqa: «Ken’es xu’kimetin joq etiw, jadidlerdin’ tileginde bar edi.Siyasiy wazıypamız ha’m maqsetimizde sonnan ibarat» dep juwap jazg’an edi. Munovvarqorinin’ bul so’zlerine tayanıp sol na’rseni aytıw mumkin,jadid mektebin du’ziwdegi maqset,bolshevikler aytkanınday,sawda xızmetkerlerin tayarlaw emes,al xalıktın’ ulıwma sawatlıg’ın asırıw,zamanago’y bilimdi iyelegen injener,vrach, jurnalist, yurist qa’niygelerdi ta’rbiyalaw ha’m olar ja’rdeminde ma’mleket organların milliylestiriw,sol ta’rizde basqınshılardı Tu’rkstan u’lkesinen qısıp shıg’arıw edi. Jadidler a’ne usı maqsetti a’melge asırıw ushın «usılı jadid» mekteplerin payda etip qoymay,milliy baspaxana,a’debiyat,teatrdı payda etiwge itibar qaratıp, bul arqalı Tu’rkstan xalıqları turmısın tu’pten o’zgertip,g’a’rezsiz ma’mleket qurmaqshı boldı.

Tu’rkstandag’ı siyasiy partiyalar ha’reketlerin jaksı u’yrengen frantsuz razvedkashısı Mayor Lyakosta,1906-jılda o’z ma’mleketine jollag’an jasırın xatında bılay dep jazgan edi. «Tu’rkstan u’lkesindegi en itibarlı ha’m keleshegi u’lken siyasiy ku’sh, bul sotsial-demokratlar (bolshevik ha’m menshevikler ) yamasa revolyutsionerler emes,al bul o’zbek jadidleri bolıp esaplanadı».

O’z aldılarına Tu’rkstan xalıqlarının’ ta’g’diri ushın u’lken a’hmiyetke iye wazıypanı qoyg’an jadidler,1906-jıl yanvarda Peterburgda bolıp o’tken Pu’tkil Rossiya musılmanları qurıltayına o’z wa’killerin jasırınsha jiberip,Rossiya aymag’ında jasap atırg’an basqa musılman xalıqları ham olardın’ iri wa’killeri menen baylanıs ornatpaqshı boladı. Bul narse jadidshilik ha’reketinin’ ja’nede rawajlanıwına o’zinin’ unamlı ta’sirin tiygizdi

Jadidshilik ha’reketinin’ iri wa’killeri ha’m olardın’ xızmetleri:

**Mahmudxoja Behbudiy.** Mahmudxoja Behbudiy XX-a’sir bosag’asındag’ı Turkstan sotsial-siyasiy ha’reketinin’ iri wa’killerinin’ biri, jan’a da’wir o’zbek a’debiyatı ha’m ma’deniyatının’ tiykarın salıwshılardan bolıp esaplanadı. Turkstan jadidlerinin’ ta’n alg’an basshısı, g’a’rezsiz ma’mleket ideyasının’ baslawshısı, jan’a usıl mektep, o’zbek dramaturgiyasın baslap beriwshi, birinshi dramaturg,teatr ha’m baspa so’zdin’ rawajlanıwına u’lken u’les qosqan insan Mahmudxoja Behbudiy, 1875-jıl 19-yanvarda Samarqand janındag’ı Baxshitepa awılında du’nyag’a keledi. Atası Behbudxoja Solihoja ulı Turkstanlı Xoja Axmed Yassaviy a’wladlarınan bolıp esaplanadı. Jas Mahmudxojanın’ du’nya qarasının’ rawajlanıwında Rossiyalı,jadidshilik ha’reketinin’ tiykarın salıwshı İ.Gaspirinskiydin’ xızmetleri og’ada u’lken. Ol 1895- jıllarda jergilikli xalıqlar menen so’ylesiwler ju’rgizip da’slepki jan’a usıl mekteplerin ashıwg’a erisedi. 1899-1900- jıllarda Behbudiy hajı saparında bolıp onın’ du’nyag’a bolg’an ko’z qarasları ja’nede ken’eyedi. Ol 1903-jıllarda Samarqand a’tirapındag’ı awıllarda da’slepki jan’a usıl mekteplerin ashadı.1903-1904 jıllarda Moskva, Peterburg, Kazan, Ufa qalalarında bolıp qaytadı. Mahmudxoja Behbudiy 1907-jılı Nijniy Novgorodta o’tkerilgen Rossiya musılmanlarının’ turmıs ha’m ma’deniyatı ma’selelerine bag’ıshlang’an quraltayg’a shaqırıladı. Turkstanda shıg’arılatug’ın gazeta, jurnallarda a’hmiyetli ma’selelerge

baylanıslı 300-den aslam maqalaları ja'riyalanadı. Onın' maqalaları mektep, ma'deniyat ha'm ag'artıwshılıq ideyaları menen teren' suwg'arılg'an. Onın' tikkeley basshılıg'ında 1913 jılı Samarqandta «Samarqand» gazetası ha'm «Oyna»atlı jurnalı baspadan shıg'arıladı. Mahmudxoja Behbudiy birinshi o'zbek dramaturgiyasının' tiykarın salıwshılardan biri bolıp, 1911-jılda «Padarkush» dramasın jaratadı.

Behbudiy jan'a usıl mekteplerin sho'lkemlestiriwshilerden biri bolıp qalmastan, bul mektepler ushın daslepki oqıwlıqlar jaratqan iri ag'artıwshı bolıpta esaplanadı. Ol 1917-jıl fevral, oktyabr awdarıspag'ınan keyin Turkstannın' g'a'rezsiz, azat bolıwı ushın tınımsız gu'res alıp baradı. Ol tu'rkstanda milliy ma'mleket qurıw ma'selesin ortag'a taslaydı. O'z xalqının' rawajlanıwın tek bilimlendiriwde emes, o'z g'a'rezsizligin qolg'a kirgiziwinde dep bildi. Onın' «Haq olunur, berilmas» so'zleri jadidshilik ha'reketinin' tiykarg'ı uranına aylandı. Turkstan Muxtoriyatın maqullap bul hu'kimettin' ag'zalıg'ına saylanadı. Turkstan Muxtoriyatı qang'a batırılg'annan son', ol siyasattan bas tartı ha'm Samarqandta bilimlendiriw isleri menen shug'ıllandı. Behbudiy 1919 jılı Buxara a'miri ta'repinen qamaqqa alınıp Karshı qalasında o'ltiriledi.

**Munavvar Qori Abdurashidxanov.** Munavvarqori Abdurashidxan ulı 1878-jılı Tashkent qalasının' Shayxantohir rayonında ziyalılar shan'arag'ında du'nyag'a keledi. Munavvar- nur alg'an, Qori–qurandı ma'ramına jetkerip oqıw degendi an'latadı.Munavvarqori o'z atına say bolıp o'sedi. Tashkentte Yunusxan medresesinde, son' Buxarada oqıwın dawam ettiredi.Munavvarqori XIX a'sirdin' aqırınan baslap jadidshilik ha'reketlerine aralasa baslaydı. 1901-jılı o'z ha'wlisinde, keyin Tashkenttin' ha'r qıylı orınlarında jadid mekteplerin ashadı. Bul mektepler ushın 1907-jılda «Adibi avval», «Adibi soniy», «Jer ju'zi» dep atalg'an oqıw qollanbaların jaratadı.Munavvarqori 1909-jılda «Jamiyatı xayriya» sho'lkemin du'zedi ha'm «Turan» atlı ja'miyet ashadı. Munavvarqori 1906-jılda da'slepki o'zbek baspa so'zi u'lgilerinen biri «Xurshid»gazetasın baspadan shıg'aradı, keyinshelik «Najat» «Kengash» gazetalarında bas redaktor wazıypaların atqaradı. Munavvarqori 1917-jıl fevral awdarıspag'ınan son', Turkstanda demokratiyalıq milliy ma'mleketti du'ziw ideyasın alg'a su'redi. Ken'es da'wirinde de o'zinin'

baspa isleri menen jasırın siyasiy ha’reketlerin dawam ettiredi. 1918-jılda Turkstanda milliy universitetinin’ payda bolıwında u’lken u’les qosadı ha’m rektor lawazımına saylanadı. Onın’ jigerli ha’reketleri na’tiyjesinde 1918-jıl 12-mayda Turkstan xalıq universiteti o’z jumısın baslaydı. Munavvarqori 1920-jıllarda o’zbek jurtının’ g’a’rezsizligi ushın gu’res wazıypasın o’z aldına qoyg’an «Milliy ittihod» ha’m «Milliy istiqlol» jasırın sho’lkemlerine basshılıq qıladı.1920-jıllardın’ ortalarında milliy ziyalılardın’ quwdalawg’a ushırawının’ ku’sheyiwi na’tiyjesinde Munavvarqori barlıq lawazımlarınan shetlestiriledi. Na’tiyjede Munavvarqori 1929-jılı qamaqqa alınıp, 1931-jılı Moskvada atıp o’ltiriledi.

**Abdulla Avloniy.** Jan’a da’wir o’zbek ma’deniyatı , a’debiyatının’ tiykarın salıwshılardan biri, balalar a’debiyatı, o’zbek milliy teatr, o’zbek milliy pedagogikasının’ irge tasın qalag’an xalqımızdın’ a’diwli perzenti Abdulla Avloniy 1878-jılı 12-iyulda Tashkenttin’ Mergenshe awılında du’nyag’a keledi.Da’slep awıl baslang’ısh mekteplerinde, son’ qala medreselerinde bilim aladı. Biraq ko’binese o’z betinshe oqıp bilim aladı, tez arada o’z da’wirinin’ sawatlı adamlarının’ birine aylanadı. A.Avloniy XX-a’sir basında u’lkemizde ha’wij alg’an jadidshilik ha’reketinin’ belsendi qatnasıwshısı sıpatında millet balaların sawatlı qılıw, olardan jetik alımlar, qa’niygeler tayarlaw, watandı azat etiw ushın pidayılıq penen xızmet qıladı. Usı maqsetler ushın ju’da’ ko’p tarawlarda miynet qıldı. 1907-jılda o’z u’yinde «Shuhrat» atlı gazetanı baspadan shıg’aradı. O’z ma’ha’llesinde jan’a usıldag’ı mektep ashıp «Usılı jadid» mektepleri ushın to’rt bo’limnen ibarat, «Adabiët ëxud milliy sherlar», «Birinshi muallim», «Ekinshi muallim», «Turkiy guliston ëxud axloq» sıyaqlı oqıwlıqlar ha’m kitaplar jazadı. Mektep bilimlendiriw islerine ja’rdem beriw ushın ko’plegen ilajlardı a’melge asıradı. A.Avloniy o’zbek teatrının’ rawajlanıwınada o’zinin’ u’lken u’leslerin qostı. Onın’ 1913-jılda du’zgen «Turan» truppası u’lkemizde du’zilgen birinshi professional teatr truppası edi. Tatar, azerbayjan dramaturglarının’ miynetlerin o’zbek tiline awdarıp, o’zi ha’m «Advokatlıq osanmi», «Biz va Siz» pesaların jazıp sahnag’a qoydı. 1919-1920-jıllarda Awg’anstan elshixanasında bas konsul wazıypasında isledi. Xızmetten qaytqan son’ ag’artıwshılıq ha’reketin dawam etedi. A’skeriy oqıw jurtında, Orta

Aziya ma'mleketlik universitetinde o'zbek tili ha'm a'debiyatınan sabaq berip, professor da'rejesine ko'teriledi. Ag'artıwshı alım, dramaturg, pedagog, ja'miyetlik isker esaplang'an A. Avloniy 1934-jıl 25- avgusta Tashkent qalasında du'nyadan o'tedi.

**Abdulla Qadiriy.** Jan'a da'wir o'zbek a'debiyatı ha'm o'zbek milliy romanshılıq mektebinin' tiykarın salıwshılarının' biri, Abdulla Qadiriy 1894-jılı 10-aprelde Tashkentte bag'man shan'arag'ında du'nyag'a keledi. 9-10 jaslarında eski usıl mekteplerinde bilim aladı. Abdulla Qadiriydin' do'retiwshilik miynetleri 1913-1914 jıllardan baslanadı. Ol sol da'wirlerden baslap barlıq joqarı pikirli jaslar qatarı jadidshilik ha'reketine qosılg'an ha'm o'zinin' da'slepki miynetlerinde, bilimlendiriw, millet rawajı ha'm azatlıg'ı ideyaların ja'riyalay baslaydı. A. Qadiriydin' da'slepki qosıqları «Awhalımız», «Milletimiz», «Toy» sıyaqlı qosıqları gazeta jurnallarda ja'riyalandı. 1915-jılı ol M.Behbudiydin' «Padarkush» shıg'arması tiykarında «Baxıtsız ku'yew» poeziyasın jazadı. 1917-jıl fevral ham oktyabr waqıyalarınan keyin A. Qadiriydin' o'miri ha'm do'retiwshilik miynetlerinde u'lken o'zgerisler ju'z berdi. A.Qadiriydin' 1925-26- jıllarda «O'tken ku'nler» romanı ja'riyalandı. 1928-jılı «Mehrobdan shaën»romanın jazıp pitkeredi. A.Qadiriy de bir qatar jadidshilik ha'reketinin' iri ua'killeri sıyaqlı ken'es hu'kimeti ta'repinen 1937-jılda qamaqqa alınıp , 1938-jıl 4- oktyabrde Tashkentte o'lim jazası menen o'ltiriledi.

**Abdurauf Fitrat**. O'z zamanının' iri ma'mleket ha'm siyasiy iskeri, shayır ha'm alım, dramaturgi esaplang'an A. Fitrat 1886-jılı Buxarada ziyalılar shan'arag'ında du'nyag'a keledi. Da'slep eski mektepte, son' Mirarab medresesinde bilim aladı. XX-a'sirdin' baslarında payda bolg'an «Tarbiyaiy atfol»ja'miyeti ko'meginde 1909-1913 jıllarda Turkiyada bilim alıp qaytadı. 1911-jılda «Sayha» atlı qosıqlar toplamın baspadan shıg'aradı.Turkiyadan qaytqan son', Buxarada oqıtıwshılıq penen shug'ıllanadı. «Jas Buxaralıqlar» ha'reketine ag'za bolıp, onın' basshısı lawazımlarında isledi. 1917-1918 jıllar aralıg'ında Samarqandta shıg'arılatug'ın «Hu'rriyat» gazetasına basshılıq qıladı. 1918-jılı Fitrat Tashkentke keledi ha'm bul jerde ilimiy, do'retiwshilik isleri menen shug'ıllanadı. 1921 –jılı

Buxarag’a mira’t etilip,awıl xojalıg’ının’ bir qatar tarawlarında, a’sirese bilimlendiriw tarawında sezilerli islerdi a’melge asırdı. Onın’ baslaması menen bir qatar uqıplı jaslar Turkiya, Berlin, Moskva sıyaqlı iri qalalarg’a oqıwg’a jiberildi. A. Fitrat 1921-1922- jıllarda bir qatar joqarı lawazımı jumıslarda islep,o’zinin’ ma’mleket basqarıwındag’ı sheberligin ko’rsete aldı. Ol 1923-1924 jıllar aralıg’ında Moskva ham Leningradta jasap, shıg’ıs tilleri institutında isledi, Turk, arab, parsı tilleri ha’m a’debiyatlarınan sabaq berdi. Leningrad dorilfununı (universiteti) professorlıg’ına saylandı. A. Fitrat muzıkashunos alım sıpatındada bir qatar miynetler do’retedi. Ol «Shashmaqom», «O’zbek klassik muzıkası ha’m onın’ tariyxı», «Shıg’ıs muzıkası» sıyaqlı izertlew jumısların alıp bardı. 1937-jılı qamaqqa alınıp, 1938- jılı Tashkent qalasında o’lim jazası o’ltirildi.

**Abdulvohid Burxanov**. Ag’artıwshı shayır, ma’mleket ha’m ja’miyetlik isker Mırza Abdulvohid Burxanov 1878- jılı Buxarada du’nyag’a keldi. XIX-a’sirdin’ 90- jıllarınan baslap Munzim laqabı menen qosıqlar jaza baslaydı. XX-a’sirdin’ birinshi on jıllıg’ında jan’a usıldag’ı mekteplerdi ashıw ushın ha’reket qıla baslaydı.Buxaradag’ı da’slepki jadid mekteplerinin’ ashılıwı da onın’ atı menen baylanıslı. Kabdulvohid Burxanov 1908-jılı Samarqandqa barıp, jadid mekteplerindegi oqıtıw usılların u’yrenedi ha’m sol jılı o’z u’yinde da’slepki jadid mektebin,1909-jılda bolsa u’lken jastag’ılar ushın keshki mektepti sho’lkemlestiredi.1917-jıl fevral awdarıspag’ınan son’ Buxara jadidleri A.Burxanov basshılıq qılg’an eski jadidlerige, F.Xujaev ha’m A.Fitrat basshılıq qılg’an jan’a jadidler toparına ajıralg’an edi. Birinshi topardın’ tiykarg’ı xızmeti ag’artıwshılıq isleri bolsa,ekinshi topar ma’mlekette reformalar o’tkeriwdin’ ta’repdarları boldı.Keyinshelik bul eki topardın’ birigiwi na’tiyjesinde «Jas Buxaralıqlar» partiyası du’zilip, og’an Munzim basshı bolıp saylanadı.1920-jılda Buxara Xalıq Sovet Respublikası du’zilgennen son’ ,ol Oraylıq atqarıw komiteti baslıg’ının’ orınbasarı,keyinshelik Xalıq bilimlendiriw ministrligi, den sawlıqtı saqlaw ministrligi lawazımlarında jumıs isleydi.Xalıq bilimlendiriw bo’limi baslıg’ı lawazımında islegen Munzim 1922-jıl iyunda milliy kadrlar tayarlaw maqsetinde bir topar buxaralıq jaslardı Germaniyag’a jiberiw haqqındag’ı BXSR hu’kimeti

qararının’ qabıl etiliwinde u’lken u’les qostı. 1922-jılda Munzimnin’ o’zi buxaralıq 44 adamdı Germaniyag’a alıp barıp oqıwg’a jaylastıradı. Abdulvohid Burxanov 1934-jılda uzaq dawam etken kesellikten son’ du’nyadan o’tedi.

**Abdulhamid Chulpan**. Abdulhamid Sulayman ulı Chulpan jan’a o’zbek poeziyasının’ tiykarın salıwshılardan biri. Chulpan 1897-jılı Andijan kalasında ziyalı shan’arag’ında du’nyag’a keledi. Chulpan da’slepki bilimdi eski mektepte,son’ medresede ha’m rus tuzem mekteplerinde aladı.Shıg’ıs adebiyatı, arab,parsı tillerin teren’ iyeleydi.1910-jıllardın’ ortalarınan baslap do’retiwshilik penen shug’ıllang’an. Ol «Qalandar», «Andijanlıq», «Chulpan» laqabları menen baspa so’zde o’z maqalaların ja’riyalap barg’an. Chulpan o’zinin’ qısqa o’miri dawamında bir neshe qosıqlar toplamın xalıqqa ja’riyalaydı. «Keshe ha’m ku’ndiz» atlı romanın jazıp o’zbek romanshılıg’ının’ rawajlanıwına u’lken u’les qostı. Chulpan pu’tkil o’miri dawamında o’z watanının’ azatlıg’ı,erki,keleshegi ushın qayg’ırdı ha’m qosıqlar jazdı. A.Chulpan 1928- jıldan baslap, o’mirinin’ aqırına shekem quwdalaw astında jasadı. A.Chulpan 1937-jılı qamaqqa alınıp, 1938- jılı 4-oktyabrde Tashkentte o’lim jazası menen o’ltiredi.

Tanıqlı ag’artıwshı a’debiyatshı alım, jurnalist,Tu’rkstandag’ı jadidshilik ha’reketinin’ iri wa’kili **Ashurali Zoxiriy** 1881-jılı Qoqanda du’nyag’a keledi.Ol da’slep Qoqandag’ı Madalixan medresesinde ta’lim alıp,arab,parsı tillerin puxta u’yrenedi.1907-jıllardan baslap Rus-tuzem mekteplerinde son’ jadid mekteplerinde o’zbek tili ha’m a’debiyatınan sabaq beredi.1912-1919-jıllarda pedagogikalıq miynet penen birge jurnalist sıpatında da miynet etedi.1917-1919-jıllarda «El bayrag’ı» gazetasının’ bas redaktorı bolıp isleydi. 1930-jılda Ferg’ana ma’mleketlik pedogogikalıq institutının’ sho’lkemlesiwine u’lken ules qosadı.1937-jılı kamaqqa alınıp 4–dekabrde atıw jazası menen o’ltiriledi.

Ma’mleket ha’m siyasatshı isker **Baboaxun Salimov** 1874-jılı Gu’rlen bekliginde qazı shan’arag’ında du’nyag’a keledi,tiykarg’ı atı Muhammed bolıp, og’an hu’rmet belgisi sıpatında Baboaxun atag’ı berilgen. Xiywa qalasındag’ı Allaqulı xan medresesinde bilim aladı.Arab,parsı,rus tillerin u’yrenedi.1910-1918 jıllarda Xiywa xanı Asfandiyar xan sarayında, a’kesi ornında shaixulislam

lawazımında isleydi.1917-jıl Xiywadag'ı revolyutsiyalıq waqıyalarda qatnasıp,parlament sıpatında sho'lkemlestirigen ma'jilis ag'zalıg'ına saylanadı.1918-20 jıllarda To'rtkulde jasap «Jas xiywalılar» partiyasına ag'za bolıp kiredi.1920-jılı xalıq wa'killerinin' pu'tkil Xorezm birinshi qurıltayında Xorezm xalıq ken'es respublikasının' A'dillik ministri lawazımına saylanadı, 1924-jılda Xorezm ruwxanıylarının' birinshi qurıltayının shaqırılıwı ha'm o'tkiziliwine basshılıq qıldı.Ol islam ideyaları tiykarında jan'alıqqa umtılıwg'a, sha'riyatda ten'likke erisiwge,xan a'meldarlarının' huqıqları menen o'sip kiyatırg'an sanaatshılar,o'nermentler ha'm ziyalılar huqıqların ten'lestiriwge umtıldı. B.Salimov 1920-jıllar aqırında kommunistlik du'zim ta'repinen ziyalılardın' quwg'ın qılınıwı na'tiyjesinde, ma'mleket islerinen shetlestirildi. Onın' ko'z qarasları, maqseti ideyaları ken'es siyasatına qarsı edi.Sonın' ushın ol 1929-jıl 10-may ku'ni ken'es ha'kimiyatı ta'repinen sudlawsız o'ltirildi.

Buxara jadidshilik ha'reketinin' iri wa'killerinin' biri **Musa Saydjanov** 1893-jılı Buxara qalasında sawdager shan'arag'ında du'nyag'a keledi. Mirarab medresesin pitkeredi.1913-jıldan jadidshilik xa'reketine qosılıp, 1917-jılda «Jas buxaralıqlar» partiyasının' sho'lkemlestiriwshilerinin' biri boldı. Musa Saydjanov u'lkedegi reformalardı awdarıspaq jolı menen o'tkeriwge qarsı bolıp,reformalardı paraxat jol menen o'tkeriw ta'reptarı edi.Onın' siyasiy ko'z qarasları kommunistlik ideyalarg'a sa'ykes kelmegen,sonlıqtan onı 1920-jıllarg'a kelip siyasattan shetlestiredi ha'm ol ilim menen shug'ıllanadı Musa Saydjanov o'mirinin' aqırına shekem ilimge sadaqatlı bolıp, O'zbekstan tariyxı boyınsha da'slepki alım ha'm birinshi professorlardın' biri bolg'an.Ol o'zbek alımlarınan birinshi bolıp, Shıg'ıs izertlewshilerinin' u'shinshi kongressine qatnasadı. Ken'es hu'kimeti ta'repinen 1937-jılı qamaqqa alınıp o'lim jazasına buyırıladı.

O'zbek xalqı ag'artıwshılarının' biri Xiywa jadidleri ha'm «Jas xiywalıqlar» partiyasının' basshısı **Palwaniyaz Hajı Yusupov,** 1863 –jılı Xiywa qalasında sawdager shan'arag'ında du'nyag'a keledi.13-jasında eski mektepte bilim alıp,sawda isleri menen shug'ıllang'an.Keyinshelik 1885-jılda jadid mektebin pitkerdi.Ol arab,parsı,rus tillerin jaqsı bilgen.1904-jılda Turkiya,Mısr,Siriya ha'm

Mekke qalalarında bolg'an. Xiywa xanının' jadidlerge qarsı siyasatı na'tiyjesinde, ol 1918-1920-jıllarda Tashkentte jasaydı. «Jas xiywalıqlar» partiyasın payda etedi ha'm og'an basshı bolıp saylanadı.Xiywa xanlıg'ı saplastırılg'annan son', 1920-jıl 30-aprelde Xorezm Xalıq Sovet Respublikası ken'esi baslıg'ı lawazımına saylandı.1926-jılı 10-yanvarda Xorezm wa'layatı atqarıw komiteti baslıg'ının' xojalıq boyınsha orınbasarı bolıp isleydi.Palwaniyaz Yusupov 1936-jılda qaytıs boladı.

Jadidshilik ha'reketinin' iri wa'killerinin' ja'ne biri **Ubaydullaxoja Asadullaxoja** ulı bolıp esaplanadı. Ol 1880-jılı Tashkentte tuwıladı.Rus-tuzem mektebin tamamlang'annan keyin ma'mleketlik organlarda jumıs islegen. Keyinshelik Saratov Universitetinin' huqıqtanıw fakultetin tamamlaydı.Ol da'slepki o'zbek advokatlarınan biri edi. O'z a'tirapına talantlı jaslardı toplap «Umid» jasırın ja'miyetin du'zedi.Keyinshelik bul jasırın sho'lkem jadidlerdin' tiykarg'ı oraylarının' birine aylanadı.Ubaydulla Xujaev 1914-jılı «Sadoyı Turkistan» gazetasın o'z redaktorlıg'ında baspadan shıg'aradı.1917-jılı fevral awdarıspag'ınan son', Tu'rkstandag'ı g'a'rezsizlik ushın baslang'an milliy ha'reketlerdin' basshılarınan birine aylanadı.Tashkent «Shorayı islam» sho'lkemine basshı, Putkil Rossiya musılmanlar ken'esine ag'za bolıp saylanadı.1920-1938-jıllarda ken'es hu'kimetine qarsı bolg'an,siyasiy qarasları ushın bir neshe ma'rte quwg'ıng'a ushıraydı.1938-jılda basqa jadidshilik ha'reketi ua'killeri sıyaqlı qamaqqa alınıp atıp o'ltiriledi.

Ataqlı ma'mleketlik ha'm siyasat arbabı,Buxara jadidshilik ha'reketinin' iri wa'kili «Jas buxaralıqlar» partiyasının' basshılarının' biri **Fayzulla Xujaev** 1896-jılı Buxara qalasında iri sawdager shan'arag'ında du'nyag'a keledi.1907-1912 jıllar aralıg'ında Moskvada jeke oqıtıwshılardan ta'lim aladı.1913 jıldan baslap jadidler qatarına kirip xalıqtı sawatlı qılıwg'a ha'reket etedi. 1917-jılda ol «Jas buxaralıqlar» partiyasının' sho'lkemlestiriwshisi sıpatında tanıladı. F.Xojaev ta'repinen du'zilgen partiyanın' tiykarg'ı da'stu'ri shariyat tiykarında bolıp,xalıqtın' milliy da'stu'rlerin itibarg'a alg'an halda Buxara xalıq demokratik respublikasın du'ziwdi maxset qılıp qoyg'an edi. Buxara jadidlerinin' sol qanatı awdarıspaq jasaw ta'reptarı bolıp,

Buxara a'mirin taxttan awdarıwg'a qatnasadı.Buxara a'miri taxttan awdarılg'annan son' F.Xujaev hu'kimet basshısı etip saylanadı.Bul lawazımda ol g'a'rezsiz siyasat alıp baradı.Rossiya ha'm shet eller menen baylanıslar ornatıwg'a umtılg'an. 1922-jılda ol Germaniyag'a shet elli sawda kompaniyaları ha'm iri sawdagerler menen sha'rtnamalar du'ziwge barg'an. 1925-jılda F.Xojaev O'zbekstan Xalıq wa'zirleri ken'esinin' basshısı etip saylanadı.Ol xızmeti dawamında o'zbek xalqının' ekonomikalıq ha'm ma'deniy rawajlanıwına xızmet qılatug'ın ilajlardı a'melge asırıwg'a ha'reket qıladı. F.Xojaev hu'kimet basshısı sıpatında O'zbekstannın' xalıq xojalıg'ı (paxtashılıq, irrigatsiya, sharwashılıqtı, rawajlandırıwg'a) bilimlendiriw, ma'deniyattın' rawajlanıwına u'lken u'les qostı.F.Xojaevtın' bul ju'rgizgen siyasatları ken'es hu'kimeti talaplarına qayshı keledi. Sonlıqtan 1937 –jılı qamaqqa alınıp o'lim jazasına buyırıladı.

Bulardan basqa Tu'rkstanda jadidshilik ha'reketinin' ko'rnekli wa'killeri Mustafa Chuqaev, Axmad Zaki Validiy, Chuqan Valixanov, SadriddinAyniy, Abdulqadir Shakuriy,Ashurali Zahiriy,İshoqon İbrat sıyaqlı iri wa'killer bolg'an.

XIX-a'sirdin' 60-80-jıllarında Turkstan u'lkesi Patsha Rossiyası ta'repinen jawlap alıng'annan son', bilimlendiriw tarawındag'ı krizis ja'nede teren'lesti. Turkstan u'lkesindegi barlıq meshit, medreseler arnawlı tayarlang'an adamlar ta'repinen baqlaw astına alındı. Ko'plegen meshit, medreseler is ju'rgiziw uqıplıg'ınan ayırılıp, jawıp taslandı. Patsha hu'kimeti u'lkemizdegi eski mektep ,medreselerge qarsı ha'r qıylı gu'res usıllarınan sheberlik penen paydalana basladı.1890-jıllardan baslap meshit medreselerdi baqlap barıw ushın arnawlı inspektor lawazımları en'gizilgen bolsa,1896-jıldan baslap mektep medreselerdegi ta'lim ta'rbiya isleri qala ha'kimleri ta'repinen baqlap barılatug'ın boldı.Tashkenttin' aldın'g'ı pikirli adamları u'lkede o'zgeris ha'm reforma qılıwdın' birden-bir jolı, bul bilimlendiriw tarawın reforma qılıw dep tu'sinedi.

1884-jılı 19-dekabrde o'z ko'z qarasları menen tanılg'an Tashkentli sawdager Saydazimbaydın' u'yinde jergilikli xalıq wa'killeri balaları ushın da'slepki rus-tuzem mektebi ashıldı.1886-jılg'a kelip bunday rus-tuzem mekteplerinin' sanı Turkstan u'lkesinde 14 jetken bolsa, 1891-jılg'a kelip Turkstan

u'lkesindegi bunday rus- tuzem mekteplerinin' sanı 89 jetti. Rus-tuzem mekteplerinde oqıw mu'ddeti 4-jıl bolıp jergilikli xalıq balaları rus tili, matematika, rus nızamlıqlarınan bilim alg'an. Biraq Patsha Rossiyasının' u'lkede rus-tuzem mekteplerin ashıp, jergilikli xalıqtın' balaların rus tiline u'yretiwge bolg'an urınıwları o'z ku'tken na'tiyjelerin bere almadı.O'z da'wirinin' ko'rnekli pedagogı F.Egorov 1917- jıl may ayında Turkstandag'ı bilimlendiriw haqqında o'z pikirlerin aytqanda bılay dep ko'rsetken edi. «Turkstanda rus –tuzem mekteplerin ashıp, onnan go'zlengen maxsetlerge erise almadı.Jergilikli xalıqqa rus tilin tuwrı u'yrete almadı. Basqa ma'mleketlik emes mekteplerdin' payda bolıwları tuzemshilerdin' ken' ko'lemde is ju'rgiziwine tosqınlıq qıldı».

Jadidler o'zlerinin' siyasiy da'stu'rlerin tanıqlı qırım- tatar siyasiy iskeri İsmailbek Gaspiralıdan aladı.İsmailbek hasılzadalar shan'arag'ınan shıqqan bolıp (1851-1914) Qırımda musılman diniy mektebinde,Moskvada a'skeriy bilim jurtında bilim aladı.Onın' basshılıg'ında 20 jıl dawamında «Tarjiman» jurnalı baspadan shıg'arıladı. İsmail Gaspiralının' «Tarjiman» jurnalı Turkstanda jadidshilik ha'reketinin' ha'm mekteplerinin' ashılıwına tu'rtki boldı.Tu'rkstanda da'slepki jadid mektebi 1886-jılda Turaqorg'an (ha'zirgi Namangan wa'layat) da, 1862-1937-jıllar aralıg'ında jasag'an, İshoqan Tore İbrat basshılıg'ında ashıldı.Jadidler da'stu'ri mekteplerdi reforma qılıwg'a qaratılg'an edi.1892-jılda İ.Gaspiralı musılman mekteplerin reforma qılıw joybarın Tu'rkstan General gubernatorı Rozenbaxqa jiberedi ha'm qanaatlandırarsızlıq juwabın aladı.

1893-jılı İ.Gaspiralı Buxarag'a kelip, Buxara a'miri Abdullah penen ushırasıp jan'a usıl mektebin ashıwdı usınıs qıladı.İ.Gaspiralının' ha'reketleri na'tiyjesinde Buxara a'miri jadid mekteblerin ashıwg'a ruxsat beredi.1898-jılı Qoqanda Solahoddin basshılıg'ındag'ı ekinshi jadid mektebi ashıladı. 1899-jılg'a kelip Andijanda Shamsiddin domla basshılıg'ında jadidshilik mektebi ashılg'an bolsa, 1901-jılda Tashkentte Munovvarqori basshılıg'ında, sol jılı 1875-1943-jıllar aralıg'ında jasag'an Abduqadir Shakuriy Samarkanta jadid mekteplerin ashtı.

Al- Xorazmiydin' «Al-Jabr» miyneti ilim pa'n tariyxında qanday ullı ashılıw bolg'an bolsa, jadid mektepleri musılman du'nyası bilimlendiriwinde u'lken

jan'alıq boldı. Ta'lim ta'rbiya, mektep ha'm bilimlendiriw ha'm ma'deniyattın' rawajlanıwında u'lken tu'rtki boldı.Eski mekteplerde balalar 5-6 jılda sawat ashqan bolsa, jadid mekteplerinde orta esap penen bir jılda sawatlı oqıw ha'm jazıw mu'mkinshiligine iye bolg'an. U'sh basqıshlı jadid mektepleri payda boldı. Baslang'ısh ta'lim (to'rt jıllıq), Orta ta'lim (jetti jıllıq) ha'm joqarı oqıw ornınan ibarat u'sh basqıshlı ta'lim dizimi payda boldı. 1903-jıllarg'a kelip Tu'rkstannın' tu'rli orınlarında 100 ge jaqın ha'r qıylı jadid mektepleri ashıldı.

Jadid mektepleri ayına bir sumnan, bir yarım sumg'a shekem to'lemli bolsada,bul mektepte oqıwshılardın' 30-35 % ti kem ta'miyinlengen shan'araq balaları bolıp,olar biypul oqıtılg'an.Jadid mektepleri Turkstanda 15-20 jıl ishinde sezilerli da'rejede rawajlandı. Jan'a usıl jadid mekteplerinde din ta'liymatları menen birge matematika,geografiya,tabiyat tanıw ha'm basqada du'nyalıq pa'nler oqıtılatug'ın edi.Biraq ha'r qanday jan'a ha'reketlerge ha'm jan'alıqlarg'a tis tırnag'ı menen qarsı turatug'ın dindarlar menen a'mirlik saltanatı jan'a usıl mekteplerinin' ha'reketine qarsı shıqtı.

Tu'rkstan ualayatı gazetasında «Tarjiman» dı oqısan'ız «kafir» bolasız degen maqalalar ja'riyalandı.1914-jılı Ulug'bek medresesi ishindegi Jome meshitine jıynalg'an 5-6 mın' musılmanlarg'a muazzin ta'repinen jadidlerdi ha'm orıssha oqıwg'a dag'aza qılg'anlardın' kafir ekenligin ha'm kimde- kim, balasın usılı jadid mektebine berse, o'zi kafir, qatını talaq bolatug'ınlıg'ın ja'riyaladı. Biraq sog'an qaramay Tu'rkstanda jadid mekteplerinin' sanı ko'beyip bardı ha'm ja'miyetshilik itibarın o'zine tarta aldı.

1914-jılı 9-14-may aralıg'ında Tashkent qalasında u'lke oqıtıwshılarının' I-quraltayı o'tkerilip,onda ku'n ta'rtibinde Turkstan u'lkesi xalıqları ushın en' a'hmiyetli bolg'an rus-tuzem mektepleri boyınsha ma'sele kirgizildi. Quraltayda Turkstan u'lkesi delegattsiyasının' basshısı Munavvarqori Abdurashidxanov Turkstanda mektep islerin reforma qılıw boyınsha bayanat jasadı. Qızg'ın talas tartıslardan son', Turkstanda milliy mekteplerdi payda etiw haqqında qarar qabıl etildi. Bul qarar boyınsha usı da'wirge shekem bolg'an rus-tuzem mektepleri milliy mekteplerge aylandırılıwı za'ru'r edi; Baslang'ısh,orta ha'm joqarı ta'limge

bo'linetug'ın mekteplerde oqıw ana tilinde alıp barılıwı kerek; baslang'ısh ta'lim ulıwma,ma'jbu'riy, biypul 6 jastan bolıwı, sonın' menen birge mektep ushın ma'mleket g'a'ziynesinen, jergilikli sho'lkemler ha'm qala basqarmalarınan qarjı «jan'a usıl» mektepleri ushın ajıratılıwı lazım dep ko'rsetildi.

Jadid mektepleri ushın oqıw qollanbaların jazıw jaqsı jolg'a qoyıldı. Jadid mekteplerin oqıw qollanbaları menen ta'miyinlewde A.Avloniy (1878-1934) din' qosqan u'lesi og'ada u'lken. A. Avloniy 1878-jılı 12-iyulda Tashkentte du'nyag'a keledi. Avloniy a'sirimizdin' basında u'lkemizde ha'wij alg'an jadidshilik ha'reketinin' belsendisi. Ol 1907-jılda o'z ma'ha'llesinde jadidi mektebin ashadı. Usı jılı o'z u'yinde «Shuxrat».atlı gazetanı baspadan shıg'aradı.

A.Avloniy Jadid mektepleri ushın to'rt bo'limnen ibarat, «Adabiёt ёxud milliy sherler», «Birinshi muallim», «Ekinshi muallim», «Maktab gulistani», «Turkiy guliston ёxud axloq»sıyaqlı oqıw qollanbaların jazdı. Turkstanda ilim ha'm bilimlendiriwdi dag'azalaw ha'm rawajlandırıwda Munavvarqori Abdurashidxanovtın' qosqan u'lesi og'ada u'lken. Munavvarqori 1878-1931-jıllar aralıg'ında jasag'an. 1901-jılı o'z ha'wlisinde jadidshilik mektebin ashadı. Bul jadid mektepleri ushın «Adibi avval», «Adibi soniy», sıyaqlı a'lipbe ha'm xrestomatiyalar, «Jer ju'zi» dep atalg'an oqıw qollanbaların jazadı.

Jadid mektepleri ushın oqıw qollanbaların do'retken (1875-1919 jıllar aralıg'ında jasag'an) M. Behbudiy bolıp esaplanadı. Behbudiydin' du'nya qarasının' rawajlanıwında jadidshilik ha'reketinin' tiykarın salıwshı İ.Gaspirinskiydin' xızmeti og'ada u'lken. Behbudiy 1900-jılda hajı saparında bolıp, bul hajı saparı onın' jan'a usıl mekteplerine bolg'an ko'z qarasın bekkemleydi. Onın' baslaması menen Samarkand a'tirapındag'ı awıllarda jadid mektepleri ashıladı. Jadid mektepleri ushın Behbudiy «Risoloy asbobi sovod», «Risoloy jug'rofiya umoniy», «Rosoloy Russiy», «Kitobat ul atfol», «Tarixi islom» sıyaqlı sabaqlıqlardı jazadı.

Jadid mektepleri ushın oqıw qollanbalar 1901-jılda İshoqxan İbrat ta'repinen «Lug'ati sitta- alsina» shıg'arması baspadan shıg'adı. Bul lug'at jadid

mekteplerinde shıg’ıs ha’m rus tillerin u’yreniw ushın birden-bir qollanba esaplang’an.

Abdiqodir Shakuriydin’ «Ruhnomoiy sovod», (Sawat shıg’arıw qollanbası) jadid mekteplerinde oqıw qollanba retinde ken’ tu’rde qollanılıp kelingen. Ken’es da’wirinde jadidlerdin’ qolg’a kirgizgen iri jetiskenliklerinin’ biri, ha’zirgi Mırza Ulug’bek atındag’ı O’zbekstan Milliy Universitetine tiykar salıng’anlıg’ı boldı. Bul universitet 1918-jıl 12-mayda jadidshilik ha’reketinin’ atası Munavvarqori Abdurashidxonov baslaması menen payda boldı.

Milliy dorilfunun jadid xalıq ag’artıwshılıg’ının’ joqarı basqıshlı bolg’anlıg’ınan derek beredi. «Watan ha’m milletler rawajı jolında pidayılıq ko’rsetken jadid ziyalılarımızdın’ ullı xızmetlerin bahalaw, tariyxıy haqıyqatlıqtı tiklew, jaslardın’ sanasında g’a’rezsizlik ideyalarına sadıqlıq sezimlerin payda etiw maqsetinde» O’zbekstan Respublikası prezidenti İ.A.Karimov ta’repinen «Tashkent Ma’mleketlik Universitetine», «O’zbekstan Milliy Universiteti» atın beriw haqqında 2000-jıl 28-yanvarda pa’rmang’a qol qoyıldı.

## II BAP. § 3. XX a’sirdin’ basındag’ı ja’miyetlik-siyasiy pikirlerdin’ o’zgeshelikleri

Jadidlerdin’ bay tariyxıy miyrasında, milliy ideya ha’m milliy ideologiya ayrıqsha orın iyeleydi.Jadidshilik tek ma’deniy ha’diyse bolıp qalmastan,ol siyasiy ha’diyse de edi.Milliy oyshıllarımız, siyasiy g’ayratkerlerimiz o’z is ha’reketlerinde, ma’mleket ha’m onın’ ma’deniy turmısındag’ı barlıq ma’selelerdi o’z ishine qamtıp alg’an.Jadidler o’z milliy ideyasında to’mendegi eki ma’selege tiykarg’ı maqset itibarın qarattı.

a) Xalqımızdı du’nyanın’ bilimli ha’m rawajlang’an milletleri da’rejesine ko’teriw.

b) Turkstanda g’a’rezsiz milliy demokratiyalık ma’mleket qurıw.

Jadidlerdin’ ma’mleket ha’m ja’miyet haqqındag’ı ko’z-qaraslarında bul eki ma’sele bir-biri menen tıg’ız baylanısqan edi.Sebebi millet bilimli, ma’deniyatlı bolıw ushın ol o’z rawajlanıw jolı menen hesh bir ma’mleketke bag’ınıshlı bolmawı

kerek. Bunın ushın bolsa, xalqımız en’ birinshi na’wbette ilim,ma’deniyatı puxta iyelewi kerek edi.Jadidler bir ta’repten, Turkstan g’a’rezsizligi ushın gu’res alıp barg’an bolsa,ekinshiden Turkstanda huqıqıy demokratiyalıq ma’mleket qurıw ushın gu’res alıp bardı.

1917-jıl baslarında Peterburgta bolıp o’tken siyasiy waqıyalar ta’siri astında, Turkstanda da siyasiy,jan’a ja’miyet qurıw ha’reketleri baslandı.Turkstannın’ sotsiallıq-siyasiy turmısında u’lke muxtariyatı ma’selesi tiykarg’ı ma’sele bolıp turdı.1917- jıldın’ mart,aprel ayları u’lkenin’ siyasiy turmısında oyanıw da’wiri dep ataldı. Mahmudxoja Behbudiy(1875-1919),Munovvarqori (1978-1931), Ubaydulla Xojaev (1882-1938) Abdurauf Fitrat (1886-1938), Fayzulla Xojaev (1896-1938), Mustafa Chuqaev (1890-1941), Muhammedjan Tinishbaev (1879-1939), Sherali Latin (1868-1919), A.Z.Validiy (1890-1970), Obidjan Mahmudov (1858-1936) lar u’lkede janadan duzilgen «Shoray İslamiya» (1917-j mart), Shuray Uloma (1917-j iyun), «Turan» ja’miyeti «İttifoqi Muslimin» (1917 j sentyabr) siyasiy partiyalarının’ duziliwinde jetekshilik etti.

Jadidshilik 1917-jılda ag’artıwshılıq ha’reketinen, siyasiy ha’reket da’rejesine ko’terilgen edi.1917-jıldın’ o’zinde 4 ma’rte Pu’tkil Turkstan musılmanlarının’ quraltayı o’tkizildi. «Shoray İslam» baslaması menen 1917-jıl 16-23-aprelde Tashkentte bolg’an I-quraltayg’a Turkstannın’ ko’plegen ataqlı adamları ha’m siyasiy arbablar qatnastı,olar arasında Mustafa Chuqaev,Munovvarqori, M.Behbudiy, Ubaydulla Asadullaxujaev,Sheralı Lapin,Axmad Zakiy Validiy,İslam Shoahedovlar bar edi.Quraltaydın’ ku’n ta’rtibine 16 ma’sele qoyıldı.Quraltay u’lkede bolajaq ma’mleket qurılıwına arnawlı toqtalıp,Rossiya quramında Turkstan Muxtoriyatın du’ziw ideyası alg’a qoydı.Bul ideya Turkstan xalıqlarının’ o’z milliy ma’mleketshiligin tiklew jolındag’ı da’slepki qa’demleri edi.Quraltayda oraylık basshı organ bolg’an Turkstan u’lke musılmanları ken’esin du’ziw tuwrısında qarar qabıl qılındı.

Bul basshı organdı du’ziwdegi tiykarg’ı maqset milliy azatlıq ha’reketlerine oraydan basshılıq etiw, bir-biri menen baylanıslı bolmag’an ja’miyetshilik sho’lkemlerdi birlestiriwden ibarat edi.Turkstan musılmanları oraylık ken’esine

Mustafa Chuqaev baslıq, Axmed Zaki Validiy bas xatker, Munovvarqori, M. Behbudiy, U.Xojaev, İslam Shoahmedovlar ag’zaları bolıp saylandı. Solay etip,Turkstannın’ birligi ushın a’hmiyetli qademler taslandı. Tariyxta birinshi ma’rte pu’tkil Tu’rkstan ko’leminde musılmanlar quraltayı shaqırılıp onda jergilikli xalıqtın’ avtonomiya alıwg’a umtılıwları, o’z da’stu’rleri, u’rip-a’detleri ha’m turmısın qorg’aw maseleleri haqkında aytıldı. Milliy oray bolg’an – Tu’rkstan musılmanlar ken’esi du’zildi. Biraq Tu’rkstanda pu’tkil musılmanlar ha’m ja’miyetlik sho’lkemlerdin’ birlesiwi barlıq orınlarda birdey bolmadı. Sho’lkemler arasındag’ı narazılıqlar milliy azatlıq ha’reketinin’ bo’linip ketiwine alıp keldi. 1917-jıl 13- martta Tashkentte «Shoray islamiya»sho’lkemi du’zilgen edi. Bul sho’lkem ag’zalarının’ ko’pshilik bo’legi jadidlerden ibarat bolıp olar Turkstan g’a’rezsizligi ushın gures alıp bardı. 1917-jıl iyun ayında «Shoray İslam» sho’lkeminen «Shoray Ulama» sho’lkemi ajıralıp shıqtı. Bul eki sho’lkemnin’ siyasiy programmaları bir birine sa’ykes kelmedi.

Bul kelispewshilikler haqqında M. Chuqaev to’mendegilerdi bildirgen edi.

**«Shoray İslam» ha’m «Shoray Ulama» arasındag’ı kelispewshilikler, bizin’ ulıwma gu’resimizdi a’zziletpekte, «Ulama ja’miyetinin’» programmaları bizlerdin’ milliy g’a’rezsizlik ha’reketimizdin’ dushpanlarına bizge qarsı qural bermekte dep ko’rsetken edi.** 1917-jıldın’ 10-sentyabrinde Tashkentte pu’tkilturkstan musılmanlarının’ II quraltayı o’tkerildi.Bul quraltay «Shoray İslam» baslaması menen shaqırılıp, ha’kimiyatı soldat ha’m diyxan deputatları ken’esine beriwge qarsı shıqtı.

Bul quraltayda qabıl etilgen rezolyutsiyalarda milliy demokratiya o’zi tutatug’ın joldın’ a’hmiyetli bag’darların ko’rsetip o’tti. Bunda:

Birinshiden: Hu’kimet demokratik siyasat ju’rgizetug’ın bolsa,sonda g’ana musılmanlar bul hu’kimet islerinede qatnasadı.

Ekinshiden: Turkstan musılmanlarının’ oraylıq ken’esi u’lkedegi jergilikli xalıqlardın’ ma’plerin qorg’awı kerek dep ko’rsetti.

1917-jıl 17-20- sentyabr aralıg’ında III-ma’rte bolıp o’tken bul quraltay «Ulamashılar» menen «Shoray İslamshılar» arasındag’ı uzaq ha’m qızg’ın

baqsılarg'a,tartıslarg'a qaramastan kelisiw jolın taptı. Quraltayda «Shoray İslam», «Shoray Ulama», «Turan» ha'm basqa da siyasiy sho'lkemler biriktirilip Turkstan u'lkesi ushın birdey bolg'an «İttifoqi muslimin» (Musılmanlar awqamı) dep atalg'an siyasiy partiyanı du'ziwge qarar qabıl etti. Siyasiy partiyalardın' du'ziliwi olar ta'repinen da'stu'riy hu'jjetlerdin' qabıl etiliwi Turkstanda milliy ha'reketlerdin' ken' ko'lemde en' jayg'anlıg'ınan derek berer edi.Biraq Petrogradtag'ı oktyabr awdarıspag'ı aqıbetinde, 1917-jıl oktyabr,noyabr aylarında Turkstan u'lkesinde, Tashkentte,Qoqanda ju'z bergen waqıyalar milliy azatlıq ha'reketinin' pu'tkilley basqa bag'dardan ketiwine ma'jbu'r qıldı

1917-jıldın' 26-28- noyabr aralıg'ında Qoqan qalasında Turkstan u'lke musılmanlarının' gezeksiz IV quraltayı bolıp o'tti.Og'an u'lkenin' barlıq aymaqlarınan ha'm ja'miyetlik sho'lkemlerden 200 artıq wa'killer qatnastı. Ku'n ta'rtibinde u'lkeni basqarıw usılı,Turkstan oraylıq musılmanlar ken'esin qayta saylaw,Turkstan sho'lkemlestiriw ma'jilisi,militsiya,qarjı ha'm basqada ma'seleler qoyıldı.Bul quraltayg'a Ferg'anadan 100,Sırda'rdan 22, Samarqandan 21, Buxaradan 4, ha'm Kaspiy artı u'lkelerinen 1 ua'kil qatnastı.

Kuraltayg'a ua'layat ua'killerinen basqa «Shoray Uloma», «Shorayİslam» musılman a'skerleri ken'esi,u'lke yaxudiyler ja'miyetileri wa'killeri qatınastı. M.Behbudiy o'z shıg'ıp so'ylewlerinde quraltaydın' huqıqıy ta'repten nızamlılıg'ı haqqında to'mendegilerdi aytqan edi;

**«Quraltay qararları sonın' ushın da u'lken a'hmiyetke iye, sebebi bul quraltayg'a Turkstannın' Evropalı xalıq ua'killeride qatnaspaqta» .**Behbudiydin' ta'riplewinshe komissiyanı sonday du'ziw kerek onda tu'rli musılman toparları menen birge rus, yahudiy ha'm basqada millet ua'killeri kiritilsin.

Turkstandı basqarıw dizimi haqqındag'ı ma'sele quraltaydın' dıqqat orayında turdı.Bul ma'sele boyınsha so'zge shıqqanlardın' ko'pshiligi Turkstannın' avtonom respublika dep ja'riyalanıwın maqulladı. Avtonomiya ha'm g'a'rezsizliktin' ja'riyalanıwın ha'mme qollap quwatladı.U'sh ku'n dawam etken quraltay ma'jlisinde deputat wa'killer Turkstannın' keleshek siyasiy du'zimi haqqında da bir

pikirge keldi. 1917-jıl 27 -noyabr ku'ni saat keshki 12 de qabıl etilgen qararda bılay delingen edi . «Turkstanda jasap atırg'an tu'rli milletke tiyisli xalıqlar o'z haq-huqıqların o'zleri belgilewin ko'rsetip, Turkstandı Federativ Rossiya respublikası quramında aymaqlıq ta'repten avtonom dep ja'riyalaydı. 1917-jıl 28-noyabrde payda bolg'an bul ma'mlekettin' atı Turkstan Avtonomiyası dep ataldı.

Ha'kimiyat quramı bolsa to'mendegishe duziliwi lazım edi.Sho'lkemlestiriw quraltayı shaqırılg'ang'a shekem, ha'kimiyat tolıg'ı menen Turkstan waqıtsha hu'kimeti ha'm Turkstan xalıq ma'jilisi qolında boladı.Hu'kimet quramına belgilengen 54 orınnan, 18 orın tu'rli Evropalı sho'lkemlerinin' wa'killeri ushın ajıratıldı.Demokratilıq ruxtag'ı milliy ziyalılar, quraltayda qabıl etilgen da'stu'riy hu'jjetlerge o'zine ta'nligi menen ajıralıp turg'an demokratiyalıq ideyalardı kiritedi. Biraq quraltayda tu'rli siyasiy sho'lkemlerdin' bir pikirge keliwi ju'da' qıyın keshedi. Baspa so'zdin' guwalıq beriwinshe sezd keskin tartısıwlar menen o'tken. Quraltayda Turkstan waqıtsha ken'esi ag'zaları 8 adamnan ibarat quramında Turkstan Avtonomiyası hu'kimeti du'ziledi.

1.Muhammadjan Tinishbaev –bas wa'zir,ishki isler wa'ziri.

2.İslam Sultan ug'lı Shoahmedov-bas wa'zir orınbasarı,

3.M.Chuqaev -Turkstan musılman ken'esi oraylıq komitetinin' baslıg'ı.

4.Ubaydulla Xojaev - a'skeriy wa'zir.

5.Yuragi Agaev - jer, suw baylıqları wa'ziri.

6.Obidjan Mahmudov- azıq awqat wa'ziri.

7.Abdirahman Urazaev-ishki isler wa'ziri orınbasarı.

8.Soloman Abromovich Gertsfeld - qa'rjı wa'ziri lawazımların iyeleydi.

Ulıwma musılmanlar sezdinin' 27-noyabrde qabıl etken qararı Tashkentte u'lken shov-shuvlarg'a sebep boldı. 1917- jıldın' 6-dekabrde Jome (juma) meshitinde o'tkizilgen miting sonnan derek beredi.Og'an 60 mın'nan aslam adam qatnasqan. «Ulug' Turkstan» gazetasının xabarlawınsha mitingti.Saidg'ani Mahmud basqarg'an.Gazetanın' ko'rsetiwinshe jıynalg'anlar bir awızdan Avtonomiyanı maqullaydı ha'm Muvaqqat (Waqıtsha) hu'kimetten basqa hesh qanday hu'kimeti ta'n almaslıqqa qarar etedi.

Mitingte so’zge shıqqanlar Ken’es hu’kimeti boyınsha da o’zlerinin’ pikirlerin bildirdi. «Ulug’ turkstan» gazetasının’ jazıwınsha, Xalıq komissarlar Sovetinin’ (XKS) qala dumasın tarqatıp jiberiw haqqındag’ı buyrıg’ı «bu’gingi ku’nde ha’sh mu’mkin bolmag’an hadisa» dep bahalag’an. Turkstan u’lkesinin’ tu’rli qala awıllarında Avtonomiyanı alg’ıslap ko’p mın’ adamlıq mitingler bolıp o’tti.

1-dekabrde Namanganda 100 mın’nan adamg’a shamalas adamlar qatnasıwında jıynalıslar bolıp o’tti. Onda «Jasasın Avtonomiyalı Turkstan ha’m onın’ hu’kimeti» dep jazılg’an lozung so’zler jelbirep turdı.

7-dekabrde Qoqan qalasında 42 ja’ma’a’t sho’lkemleri quramınan jıynalg’an wa’killiklerinin’ qospa ma’jilisi bolıp o’tti,onda qabıl etilgen qararda ko’p millionlı Turkstan xalqına qutlıqlawlar jiberildi.Milliy baspa so’zde Turkstannın’ ataqlı agartıwshılari siyasiy ha’m ja’miyet iskerleri o’z maqalalarında Avtonogmiyanı qutlıqladılar.

A.Fitrat o’zinin’ «Muxtariyat» dep atalg’an maqalasında ishki sezimlerin to’mendegishe ta’riyipleydi.

Eliw jıldan berli ezildik, qorlandıq, qolımız baylandı, tilimiz kesildi, jerimiz basıldı, malımız talandı, abrayımız to’gildi insanlıg’ımız ayaq astı etildi. Ku’shke su’yengen ha’r qanday buyrıqqa boysındıq, pu’tin barlıg’ımızdı qoldan berdik, jalg’ız bir na’rse iymanımızdı saqlap qala aldıq.Turkstan xalıqlarının’ avtonomiya ushın alıp barg’an gu’reslerinde 1917-jıl 13-dekabrde bolıp o’tken qayg’ılı waqıya u’lken a’hmiyetke iye.Bul ku’ni fevral awdarıspag’ınan son’ birinshi ma’rte turkstan xalıqlarının’ qanı to’gildi. Bul ku’nde Turkstan hu’kimeti Movludi Shorif bayramı ku’ni yag’nıy 13-dekabrde «Turkstan Muxtariyatının’ milliy jamg’armasına pul jıynaw ku’ni» dep ja’riyalandı ha’m bul qarjılardı g’a’rezsizlik ha’m azatlıqtı bekkemlewge xızmet qılıwın bildirdi.Turkstan avtonomiyası ag’zaları qol qoyg’an bul «Murajaotnama» da sezd qararları ha’m hu’kimetinin’ is rejeleri boyınsha mag’lıwmatlar menen birge pu’tin Turkstan xalqına shaqırık ha’m bar edi,onda «Turkstannın’ barlıq puxaraları musılmanlar ruslar, yahudiyler, isshiler, siyasiy ha’m ja’miyetlik sho’lkemler Turkstan xalıq ha’kimiyatı a’tirapına birlesip,og’an ju’klengen wazıypalardı turmısqa asırıwg’a ja’rdem beriwge shaqırdı».

Turkstan xalıqlarına o’z jerine o’zi iyelik etip, o’z tariyxın o’zi jaratıw waqtı keldi. Bizin’ aldımızg’a qoyılg’an ma’selelerdin’ og’ada juwapkershiligin an’lag’an halda,o’z isimizdin’ haqıyqatlıg’ına isengen halda biz alla taladan o’z islerimizge tabıs tileymiz ha’m iske kirisemiz dep ko’rsetti.Tashkent ken’esine eski qala xalqı atınan arza kelip onda miting o’tkeriw haqqında so’z etilgen.Tashkent ken’esi qararı boyınsha miting Tashkenttin’ eski qala bo’liminde o’tkiziliwi maqullandı.

13-dekabr ku’ni ertelep saat beste ta’rtipsizliklerdin’ aldın alıw maqsetinde a’skeriy bo’limler eski qalag’a o’tiletug’ın jollardı bekitti. Avtonomiyalı hu’kimetinin’ xalıq arasındag’ı abroyının’ o’siwi sovet ha’kimiyatın u’lken ta’shwishke salıp qoydı.1918-jıl 19-26 yanvarda Tashkentte bolıp o’tken Turkstan u’lkesi ishki soldat ha’m diyxan deputatlar Sovetinin’ ayrıqsha IV quraltayında Avtonomiya ma’selesi ayrıqsha orında turdı.

1918-jılı 18-fevralda sovet ha’kimiyatı Qoqan qalasında du’zilgen Turkstan avtonomiyasın tarqatıp jiberiw ushın a’sker menen qalag’a kirip kelip u’sh ku’n dawamında qalanı oqqa tutdı. Na’tiyjede Turkstan Avtonomiyası hu’kimeti bolsheviklerinin’ qanlı hu’jimleri aqıbetinde awdarıp taslanadı. Qoqanda u’sh ku’n dawamında tınısh xalıqtan 10000 adam o’ltirildi. Bul haqqında sol da’wir gazetası bolg’an «Ulug’ Tu’rkstan» gazetası Qoqan ha’zir «o’lik»ler qalası dep jazadı.1918-jıldın’ 22 fevralında ken’es hu’kimeti ta’repinen tayarlang’an «Tınıshlıq sha’rtnaması»na qol qoyıldı,ol boyınsha Qoqanlıqlardın’ tiri qalg’an bo’limi ken’es ha’kimiyatın ta’n alıwg’a ma’jbu’r boladı.Turkstan hu’kimeti barlıg’ı bolıp 72 ku’n g’ana o’mir su’rgen bolsada,ol xalqımızdı milliy g’a’rezsizlik ushın gu’reske shaqırdı. Turkstanlıqlardın’ g’a’rezsizlik ha’m avtonomiya ushın alıp barg’an ha’reketleri izsiz ketpedi.1918-jıl ba’ha’rinen baslap Ferg’anada ha’m baqada orınlarda milliy azatlıq ha’reketleri baslandı.1918-jıldın’ 20-aprel 1-may aralıg’ında Turkstan ken’esinin’ V-quraltayı o’tkerilip onda Rossiya federatsiyası quramında Turkstan avtonom sovet respublikasın du’ziw tuwrısında qarar qabıl etti.

Bizge belgili bolg’anınday, ken’es da’wiri tariyx izertlewshileri jadidshilik ha’reketin yarım a’sirge jaqın waqıt dawamında qa’te burmalap korsetip keldi. Sonday-aq joqarıdan kompartiya oraylıq organları ta’repinen belgilep berilgen

ko’rsetpe tiykarında jadidler ha’reketinin’ mazmunı ha’m a’xmiyeti ha’r ta’repleme buzıp ko’rsetilip kelindi. Ken’es hu’kimetinin’ da’slepki on jıllıg’ı ha’m onnan keyingi da’wirlerde ja’riyalang’an tariyxıy miynetlerde jadidler kushli sıng’a alındı. Biraq jadidlerdin’ bul da’wirlerdegi ha’reketi tuwrısında ha’sh na’rse anıq ko’rsetilmedi. Bul bolsa, o’z-o’zinen ken’es hu’kimeti da’wirinde jadidshilik ha’reketi bolmag’an, «Ullı Oktyabr» den son’ bul ha’reket hesh qanday qarsılıq ko’rsetpesten tez kriziske ushırag’an, o’z-o’zinen joq bolg’an degen jasalma pikirlerdin’ payda bolıwına alıp kelgen.

G’a’rezsizlik sebepli arxiv ha’m kitapxanalardın’ arnawlı fondlarında « qupiya» saqlanıp kelingen tariyxıy hu’jjetlerdin’ «beti ashılıp» bul ma’selenin’ sheshiliwine jaqınnan ja’rdem beriw imkanı payda boldı. İlimge kirgizilgen jan’a dereklerdin’ bildiriwinshe, jadidshilik ulıwma xalıqlıq, ulıwma milletlik ha’mde ulıwma insanıylıq ma’plerdin’ rawajlanıwın qorg’ag’an.

Jadidshilik bir klasstın’ emes, kerisinshe, millet ha’m watandı rus basqınshılıg’ınan azat qılıwshı, xalıqlardın’ ten’ligin ta’miyinlewshi sotsiallıq-siyasiy, ruwxıy-ag’artıwshılıq, ku’sh sıpatında maydang’a kelgen ha’m 1920-jıllardın’ aqırında shekem xızmet ko’rsetken. Sonın’ ushında ol, ha’reket sıpatında kommunislik ha’reketten de u’sten boldı.Jadidler Turkstanda rus kommunistlerinin’ sırttan jasalma ra’wishte payda etken klasslıq gu’reske qarama-qarsı bolg’an, milliy-azatlıq ha’m g’a’rezsizlik gu’resinin’ ideyalıq tiykarın payda etti.

Tu’rkstandag’ı klasslıq gu’res haqqında jadidshilik ha’reketinin’ ruwxıy atası Munavvarqori Abdurashidxanov qamaqxanada jazg’an «Xotiralarimdan» dep atalg’an miynetinde bılay dep ko’rsetken edi: «Bizlerdin’ klasslıq dunya qarasımız negizinde klasslardı biykar etiw jatadı. Bizler klasslardı bilmes edik, eger iri burjuaziya dep esaplang’an iri jer iyeleri ha’m sawdagerlerdin’ ju’da’ az g’ana topars esapqa alınbasa, bizlerdin’ ko’z-qarasımızda ha’mme ten’ edi. Burjuaziya haqqında aytılg’anda bizler iri sawdager ha’m iri jer iyelerin na’zerde tutqan edik. Bizler ken’es hu’kimetinin’ mine usılarg’a emes,ba’lki mayda ha’m orta hal burjuaziyag’a qarsı alıp barg’an ilajlarına qarsı boldıq. Bizler tiykarınan mayda burjuaziya ma’plerin qorg’adıq; Mine usınnan bizlerdin’ oktyabr awdarıspag’ınan

ma’mleket siyasiy turmısında tutqan rolimiz,olarg’a qarsı alıp barg’an gu’resimiz tu’sinikli bolsa kerek. **Bizlerdin’ g’a’rezsizlik haqqındag’ı uranımız,birinshi burjua demokratik Turkstandı,onnan son’ bolsa qayta shegeralanıwdan keyin O’zbekstandı sho’lkemlestiriw, ha’kimiyatı mayda ha’m orta burjuaziya qolına beriw tuwrısındag’ı ha’reketimiz sonnan kelip shıg’adı».**

Munovvarqori Abdurashidxanovtın’ bul miyneti 1930 -jılda iyun ayında jazılg’an edi Kommunistlik partiya bekkemlenip alınıwı menen-aq jadidlerde ajıralıw ju’z berdi. Anıg’ırag’ı kompartiya jadidlerdegi birlikti buzıwg’a eristi. Jadidlerdin’ birinshi topari «baspashılıq topar» larına qosılıp, watan azatlıg’ı ushın gu’resti.

Ekinshi toparı bolsa, kommunistlik quwdalawlardan qashıp,sırt ellerge ketip sırt ellerden o’zlerine baspana taptı.

U’shinshi topar. Kommunistlik partiya ha’m ken’es hu’kimeti qatarına kirip, millet ha’m watan ma’plerin qorg’awg’a bel bayladı, g’a’rezsizlik ushın jasırın sho’lkemler ha’m partiyalar uyımlastırıp,eki ta’repleme ha’reket alıp bardı.Tu’rkstan avtonomiyasının’ joq qılınıwı menen «Shoray islamiya» ha’m onın basqa orınlardag’ı tarmaqları da jawıldı.

Jadidshilikte ko’zge ko’ringen ziyalılar ha’r qıylı ayıplawlar menen quwdalawg’a alındı. Bul bir ta’repten, ekinshi ta’repten bolsa,komunistlik hu’kimet basshıları milliylestiriw siyasatın ko’teriw menen birge eki ju’zlemeshilik ha’reketin qıldı. Bul siyasattı sezgen jadidler ha’reketinin’ u’lken bir toparı Munovvarqori basshılıg’ında toplanıp,komunistlik zulımlıqqa qarsı u’sh ta’repleme gu’res alıp barıwg’a ma’jbu’r boldı.

1) Milliy g’a’rezsizlik ushın ko’terilgen «Baspashılıq urıs» larına ideyalıq ta’repten basshılık kılıw ha’m olardın’ qatarında qatnasıw.

2) Jasırın sho’lkemler ha’reketin ju’rgiziw.

3) Sovet hu’kimeti ha’m kommunistlik partiyanın’ basqınshılıq siyasatın demokratik tiykarda sıng’a alıw.

Bulardan aqırg’ı eki ha’reketti a’melge asırıw ushın jadidler to’mendegilerden ken’ paydalandı.

1) Musılman partiya sho’lkemlerinin’ ha’reketlerin janlandarıw.

2) Ha’r qıylı partiya ha’m sho’lkemlerdin’ kuraltaylarınan ken’ paydalanıwdı.

3) Jasırın jadid sho’lkemlerin payda etiw ha’m olardın’ xa’reketin rawajlandırıw.

Tashkentli jadidler jasırın is alıp barıw ushın, jıynalıp turıw ta’jiriybesi awdarıspaqtan aldın payda bolg’an edi. Sol sebepten ken’es hu’kimeti ha’m bolsheviklerge isenbesten, u’lkede ju’z berip atırg’an jag’daylardı talıqlaw maqsetinde, 1917-jıl avgustte jadidlerdin’ bir toparı Tashkentte «İttixodi taraqqiy» sho’lkemine birlesedi. Bul sho’kem tu’rkiyalılar ta’repinen du’ziledi. «İttixodi taraqqiy» din’ tiykarg’ı maqseti siyasiy xarakterge iye bolg’an.Ol jaslardın’ siyasiy ha’reketlerin janlandırıw,mektep islerin reforma qılıw menen shug’ıllang’an.

Munavvarqorinin’ jazıwınsha, sho’lkem ag’zalarının’ sanı 50 ge jetpesede, olardın’ abroyı ju’da’ joqarı da’rejede bolg’an. Bul sho’lkem sırtqı ma’mleketlerden ja’rdem sorap sırt ellerge eki ma’rte arnawlı adamlardı jiberedi,biraq ku’tken ja’rdemlerin ala almaydı.

Birinshisi,Sadirxan ha’m Saidnasir Mirjamilovlardan ibarat bolıp,1918- jılda Turkiyag’a jetip barg’an waqtında jas Turkiyalılar hu’kimeti jen’iliske ushırap , tarqasıp ketken edi.

Ekinshi ma’rte Turkstan delegatsiyaları 1919-jılda jiberildi.Bul delegatsiya quramında Tashkentten Ubaydulla Asadullaxujaev ha’m Saydnasir Mirjamilovlar, Samarqandan Maxmudxoja Behbudiylar bar edi.

Bul delegatsiyanın’ Turkstannan shıg’ıp ketiwleri hu’kimetke ma’lim bolıp olardı qolg’a alıw ushın buyrıq berildi..Asadullaxojaev Moskvada, S. Mirjamilov Gruziyada jasırınıwg’a ma’jbu’r boldı. M.Behbudiy ha’m onın’ sherikleri bolsa Shahrisabzda qolg’a alınıp, Qarshida Buxara a’mirinin’ adamları ta’repinen o’ltirildi.

Mahmudxoja Behbudiydin’ o’liminen son’, Munavvarqori Abdurashidxonov jadidshilik ha’reketinin’ a’sirese onın’ jasırın sho’lkemlerinin’ basshısına aylandı. 1925-jılda Munavvarqori baslaması menen «Milliy ittihod» jasırın sho’lkemi «Milliy istiqlol» atı menen qayta duzildi.Bug’an Turkstannın’

tarqatılıp jiberiliwi,1925- jıl 13-mayda O'zbekstan Sovet Sotsialistlik Respublikasının' du'ziliwi sebep boldı.O'zbekstanlı jadidler endi o'z aldılarına O'zbekstan g'a'rezsizligi ushın gu'resiw wazıypasın qoydı.Biraq bunın' menen olar ulıwma tu'rkiy du'nya birligi ideyasın,Tu'rkstan-ata ma'kan, ulıwma ma'deniyat ha'm ruwxıylıq oshag'ı ekenligin biykar etpeydi. Munavvarqori ko'rsetpesi menen «Milliy istiqlol»orayı ha'm onın' wa'layat ha'm basqa orınlardag'ı tarmaqları jaslar menen almastırıldı. Bul sho'lkemlerdin' oraylıq basqarıwları Munavvarqorinin' en' isenimli sha'kirtleri Aziz Lazizzoda, Salimxon Tillaxanov ha'm G'ofurjon Musaxanovlardan ibarat boldı. Xalkımız sovet hu'kimeti ha'm kommunistlik jeke hu'kimranlıqqa qarsı ku'shleri ten' bolmasada 1920 – jıllarda ashıq ha'm jasırın tu'rdegi gu'reslerin dawam etti.Bul gu'reste «İttihodi taraqqiy», «Milliy ittihod» ha'm «Milliy istiqlol» sho'lkemlerine ja'mlesken jadidlerdin' xızmetleri og'ada u'lken boldı. Bul sho'lkemler tiykarında bir sho'lkem bolıp, da'wir talapları boyınsha o'z atların o'zgertip,g'a'rezsizlik ushın gures alıp bardı.G'a'rezsizlikke erisiw ushın jadidler to'mendegi real tariyxıy jag'daylardı esapqa alıp,u'lken isenim menen ha'reket qılg'an.

Birinshi: Ken'es ha'kimiyatı ha'm kommunistlik jeke hu'kimranlıq o'z-o'zinen ishten ıdırap kriziske ushırawına isengen.

Ekinshi: Ken'es ha'kimiyatına qarsı ko'terilgen milliy azatlıq guresi (Baspashı)ha'reketinin' jen'iske erisiwine iseniw.

U'shinshi: Awdarıspaq tiykarında payda bolg'an, ken'es ha'kimiyatının' sırt el kapitalistleri menen soqlıg'ısıwg'a ushırawı ha'm bul ba'sekede joq bolıwına isengen. Sovet ha'kimiyatının' kelesheginin' joq ekenligi haqqında, Munavvarqori bılay dep ko'rsetken edi. **«Bizler ken'es ha'kimiyatının' Evropa burjuaziyası menen bolg'an soqlıg'ısıwında joq bolıwın na'zerde tutqan edik. Bizler onın' joq bolıwına isendik, eger ken'es ha'kimiyatı kriziske ushırasa,ha'kimiyattı o'z qollarımızg'a alıwg'a tayar turıwg'a qarar qıldıq»,** bul ma'sele boyınsha Ubaydulla Asadullaxujaevtın' bayanatınan da mısallar keltiretug'ın bolsaq ol **«Ken'es hu'kimeti o'zinin' birinshi on jıllıg'ına barmastan-aq a'lbette Evropa**

**burjuaziyası menen soqlıg'ısıwda joq boladı.Eger birinshi on jıllıqta a'skeriy soqlıg'ısıwg'a dus kelmese onda awhal bir qansha qıyınlasadı dep ko'rsetedi.»**

Ken'es hu'kimeti da'wirinde jasırın ha'reketin dawam ettirip atırg'an «Milliy istiqlol»sho'lkemi ha'm onın' ag'zaları 1929-jılda ken'es hu'kimeti ta'repinen qolg'a alındı. 1929-jıldın' 6- oktyabrinde 26 adam, keyinshelik qolg'a alıng'an adamlar sanı 87 adamg'a jetti. Olar Tashkent ha'm Moskva qalalarında jawızlarsha tergew qılındı.1931 jılg'a kelip olar u'stinen sud hu'kimi shıg'arıldı. Bul sud kollegiyasında ja'ne 19 watanlasımızdın' jınayı isleri tuwralı bayanat jasaldı. Sud kollegiyası «Milliy istiqlol»isi boyınsha ayıplanıwshılardın' 15 adamına atıw jazası, 6 adamına 10-jıllıq kontslagerge almastırıw sha'rti menen atıw jazası, 25 adamg'a 10-jıllıq kontslager,21 adamına 5 jıllıq, 15 adamına 3-jıllıq kontslager jazaları berildi.3 adamg'a burıng'ı awqamının' ko'rsetilgen 12 qalasında jasaw huqıqınan ayırg'an halda azat qılıw haqqındag'ı qararı qabıl etildi.

Juwmaqlastırıp aytkanda, kommunistlik partiya zorlıq tiykarında awdarıspaq jasap, ha'kimiyattı o'z qollarına alıwları menen xalqımızdın' arzıu-tileklerine qarsı siyasatın alıp bardı.Bul siyasattın' mazmun ha'm a'hmiyeti watan su'yiwshilerdi ayıpsız qamaqka alıw,gunaqqar qılıw, «xalıq dushpanı» qılıwdan ibarat edi.Tiykarg'ı maqset boysınbas xalıqtı boysındırıw,olardı bag'ınıshlıqta uslap turıw,olardın' ruwxıy turmısın ha'm isenimlerin joq etiw,o'zligin an'lawdan ayırıw boldı.

«Kim biz bilan birga emas ekan, u dushman»degen urandı ken' turde qollandı.Solay etip, jadidlerdin' milliy azatlıq ha'reketleri eki basqıshta a'melge asırıldı. Birinshi basqısh, o'z ishine 1924-jıllarg'a shekemgi da'wirlerdi aldı. Ekinshi basqısh, o'z ishine 1924-1935 jıllardı aldı. 1930-1939 jıllar aralıg'ında jadidler ha'reketinin' ko'rnekli wa'killeri bolg'an Baboaxun Salimov1929 jılda, Munavvarqori 1931 jılda, Abdurawf Fitrat 1937-jılda,Ashurali Zahiriy1937 jılda,İsqohan İbrat 1937-jılda Muwsa Saydjanov 1937- jılda,Fayzulla Xujaev 1937-jılda, Abdulla Qadiriy 1938-jalda,Abdulhamid Chulpan 1938- jılda,Ubaydulla Xujaev 1938- jılda kommunistlik partiya ta'repinen qamaqqa alınıp xalıq dushpanı degen ayıplawlar menen o'lim jazasına buyırıldı..

# JUWMAQ

IX a’sirden XX a’sirdin’ basına shekem Oraylıq Aziyada jasap do’retiwshilik etken ko’plep ata-babalarımız – belgili shayırlar, astronomlar, astrologlar, muh’addisler o’miri h’aqqında qısqasha mag’lıwmat berip, olardın’ ko’rinisin sa’wlelendiriw menen ma’deniyat h’a’m ilim-pa’n a’lemine u’lken u’les bolıp qosıladı.

O’zbekstannın’ g’a’rezsizlikke erisiwi milliy ma’deniyatımız tariyxın u’yreniwge, ol h’aqqında qalıs pikir bildiriwge u’lken imkaniyatlar jarattı, qımbat bah’alı miyraslarımızdı asıraw, milliy qa’diriyatlarımızdı tiklew, a’yyemgi bay tariyxımızdı bir jaqlamalı jarıtıw, shegaralaw, belgili bir protsess h’a’m ilim-pa’n arbablarının’ iskerligi h’a’m xızmetin biykar etiwdey nadurıs ideyalar h’a’m usıllardan tazalawg’a, erkin pikirlilikke sharayat tuwdırdı.

Ma’deniy miyrasımızdı, o’tmish qa’diriyatlarımızdı ken’ h’a’m h’a’r ta’repleme u’yreniw O’zbekstan Respublikası Prezidenti İ.A.Karimovtın’ bayanatlarında bir neshe reet aytıp o’tkenindey, h’a’zirgi milliy ma’na’wiyatımızdın’ teren’ tariyxıy tamırların, qa’liplesiw basqıshları h’a’m qa’siyetlerin ashıp beriw ushın za’ru’r. Bul bolsa, o’z gezeginde, milliy sana, milliy maqtanısh, tariyxımızdın’ o’tmish a’wladlar xızmetine h’u’rmet-itibardı, xalıq miynetine, watang’a muh’abbat sezimin qa’liplestiriw, jan’a ja’miyetimizdin’ tuwrı rawajlanıwın, keleshekti aqılana belgilew, joqarı demokratiyalıq ma’mleket qurıw ushın xızmet qıladı.

## PAYDALANILG'AN A'DEBİYATLARDIN' DİZİMİ


1. İslom Karimov. Yuksak ma'naviyat engilmas kuch. T., «Ma'naviyat» 2008.,

2. İslom Karimov. İjobiy ishlarimizni oxiriga etkazaylik. T., «O'zbekiston», 1994.

3. İslom Karimov. O'zbekiston: milliy istiqlol, iqtisod, siyosat, mafkura. T., «O'zbekiston», 1996.

4. İslom Karimov. Ozod va obod Vatan, erkin va farovon hayot – pirovard maqsadimiz. T., «O'zbekiston», 2000.

5. İslom Karimov. Maqsadimiz – tinchlik, barqarorlik, h'amkorlik. T., «O'zbekiston», 1995.

6. İslom Karimov. Halollik va fidoyilik – faoliyaimizning asosiy mezoni b o'lsin. T., «O'zbekiston», 1994.

7. İslom Karimov. Xalqimimzning y o'li mustaqillik, ozodlik va tub islohotlar y o'lidir. T., «O'zbekiston», 1996

8. İslom Karimov. Vatan sajdagoh' kabi muqaddasdir. T., «O'zbekiston», 1996.

9. İslom Karimov. İjobiy ishlarimizni oxiriga etkazaylik. T., «O'zbekiston», 1994.

10. İslom Karimov. İstiqlol va manaviyat. T., «O'zbekiston», 1994.

11. Buyuk siymolar, allomalar. (O'rta Osiyolik mashhur mutafakkir va donishmandlar) 1-3 kitob. T., «O'zbekiston», 1996, 1997.

12. Vafoev O. Manaviyat taraqqiyot omili. İstiqlol va manaviyat. «Muloqot», 1995, 2-son.

13. Bobomurodov A. İslom odobi va madaniyati. T., «Cho'lpon», 1995.

14. Manaviyat dah’osini tavof etaylik. Millat va taraqqiyot. «Vatan», 1999, 1-8 iyun.

15. Abu Abdulloh Muh’ammad ibn İsmoil Al-Buxoriy. Hadis. 1-4-tomlar Qomuslar bosh tah’ririyati.

16. Jabborov Sh. Manaviyatning falsafiy qirralari. «Marifat», 1996, 20-noyabr.

17. Milliy istiqlol g’oyasi: asosiy tushuncha va tamoyillar. T., «O’zbekiston», 2000 yil.

18. İmomnazarov M. Milliy manaviyatimiz nazariyasiga chizgilar. T., «Sharq», 1998.

19. Jumaboev Y. J. Hayot mazmuni va komil inson muammosi. T., 1997.

20. B.Ah’medov. Amir Temur va Sharqning uyg’onish davri. «O’zbekiston adabiyoti va san’ati», 1996, 9-may.

21. Musurmonova O. manaviy qadriyatlar – sog’lom avlodni tarbiyalash vositasi. T., 1996.

22. Otamurotov S., Bahronov J. Milliy o’zlikni anglash – o’tish davri siyosatining ustuvor y o’nalishi. «Xalq so’zi», 1995, 6 may.

23. Sultonmurod O. Naqshband va Navoiy. T., «O’qituvchi», 1996.